

- balad-balad anoe reureudjeungan djeung eta, kitoe deui djalma noe loba, noe gēdo sarta noe lentik, 'bari toeloedj dilahiran kijeu: Ari pēr kara maraneh ngadjoeroengkeun kaoela ka Pangeran, soepaja ujanggakeun panoe nochoen maraneh ka pajoeueumana teja, kijeu timbalan Pangeran, Allah Israil: 'Oepama maraneh matoeh dina ijeu tanah, a tangtoe maraneh koe kami diadēgkeun, sarta moal diroentoebkeun; djeung maraneh koe kami tangtoe dipēlak, sarta moal ditjaboet; karana kami handjakal koe hal katjilakañ, noe koe kami geus didamēl ka maraneh. 'Oelah sarijeun koe radja Baboel, noe koe maraneh dipikasijeun; oelah sarijeun koe eta, lahiran Pangeran; karana kami noe njarēngan ka maraneh, pikeun njalamētkeun ka maraneh, djeung pikeun ngaloepoetkeun maraneh ti leungeunna. 'Sarta kami ka maraneh tangtoo maparin kawēlasan, sina wēlaseun ka maraneh, djeung sina moelangkeun maraneh ka tanah maraneh. 'Sabalikna, oepama maraneh ngomong kijeu: Moal koela maratoeh dina ijeu tanah, naudakeun maraneh teu noeroet ka timbalan Pangeran, Allah maraneh; 'bari ngomong: Moal, anggoer koela arasoep ka Mēsir; di dinja koela moal nendjo pērang, moal ngadenge sora sangkakala, djeung moal langlajeseun hakaneun; nja di dinja koela sēdja maratoeh: 'moen kitoe mah, eh sesa Joeda! ajeuna geura darengekeun pangandika Pangeran: Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Oepama maraneh toeloes mēnērkeun beungeut, leumpang ka Mēsir, sarta toeloes arasoep ngoembara di dinja mah: 'geus kitoe pēdang, noe koe maraneh dipikasijeun teh, tangtoe njoesoel ka maraneh ka dinja, ka tanah Mēsir; kitoe deui langlajeseun, noe koe maraneh dipake salēmpang teh, tangtoe montel ka maraneh ka dinja, ka Mēsir; seug maraneh parah di dinja. 'Kitoe pidjadienana sakabeh djalma, noe mēnērkeun beungeutna asoep ka Mēsir, ngoembara di dinja; tangtoe parah b koe pēdang, koe langlajeseun djeung koe pagēboeg; sarta maranehanana moal aja noe ngēdjat atawa noe minggat, njingkiran katjilakañ, noe koe kami rek didatangkeun ka da-
- rinja. 'Karana kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Sakoemaha bēndoe kami djeung wēra kami geus dikoetjoerkeun ka priboemi Jērosalem, nja kitoe wēra kami ēngke dikoetjoerkeun ka maraneh, lamoen toeloes maraneh asoep ka Mēsir; c sarta maraneh pikeunaun soepata, djeung djadi matak mēlēngēk, kitoe deui djadi sapaeun djeung binakeuneun, sarta moal narendjo deui ijeu ēnggon. 'Pangandika Pangeran hal maraneh, eh sesa Joeda: Poma oelah arasoep ka Mēsir; masing kanjahoekun koe maraneh, jen kaoela poē ijeu ēnggeus ngingētan ka maraneh. 'Geus poegoech maraneh njasabkeun diri sorangan; karana maraneh geus ngadjoe-roengkeun kaoela ka Pangeran, Allah maraneh, bari omong maraneh: Koering pangūdakeun ka Pangeran, Allah koering sadaja; sarta sakoemaha noe bade ditimbalkeun koe Pangeran, Allah koering, moegi njahoekun ka koering, tangtoe koe koering sadaja dilampahkeun. 'Ari poē ijeu koe kaoela ēnggeus dinjahoekun ka maraneh, orokaja maraneh teu noeroet ka timbalan Pangeran, Allah maraneh, sakoer noe koe andjeunna didatangkeun ka kaoela baris ka maraneh. 'Dēmi ajeuna, masing kanjahoekun koe maraneh, jen maraneh tangtoe paeh koe pēdang, koe langlajeseun djeung koe pagēboeg, dina ēnggon noe koe maraneh dipikasoeke, sēdja asoep, sēdja ngoembara di dinja.

a p. 24: 6. b p. 29: 17. c p. 29: 18.

PASAL 43.

- Ari geus kitoe, barang Jērmia parantos ngalahirkeun ka eta sakabeh djalma-djalma sadajana pangandika Pangeran, Allah maranehanana, noe koe Pangeran Allahna didatangkeun ka andjeunna baris ka maranehanana, nja eta sadajana pangandika noe tadi teja, 'pok ngomong Asarja poeta Hosaja, djeung d Johan an poeta Kareah, sarta eta sakabeh djalma noe barēdēgong, kijeu aromongna ka Jērmia: Adjēngan misaoer bohong; moal ēnja adjēngan koe Pangeran, Allah kaoela sadaja, dipiwarang misaoer, jen: Maraneh oelah waka arasoep ka Mēsir, ngoembara di dinja. 'Estoena mah b Baroek poeta Neria ngangsonan adjēngan,

soepaja goreng ka kaeola sadaja; pambrihna njelehkeun kaeola ka leungeun oerang Kasdim, sina maehan ka kaeola djeung sina ngabojong kaeola ka Baboel. 'Djadi Johanan poetra Kareah, djeung sakabel kapala balad-balad, sarta djalma noe loba teh, hanteu noeroet ka timbalan Pangeran, 'noe miwarang matoleh di tanah Joeda teja. 'Anggoer Johanan poetra Kareah djeung sakabel kapala balad-balad teh seg njokot sasana oerang Joeda, sakoer uoe maroelang ti sakabel bangsa-bangsa ajana dibowang, bajang ngantjik deni di tanah Joeda teja, 'lalaki, awewe djeung baroedak, kitoe deui^d poetra-poetra radja noe istri, djeung sakabel bae djiwa, noe koe Nēboesaradan, kapala toekang peuntjit, ditinggalkeun di Gēdalja, poetra Alikam, anoe poetra Sapan teja; malah njokot nabi Jērmia djeung Baroek poetra Neria; 'toeloj lalumpang ka tanah Mēsir; karana teu nareroet ka timbalan Pangeran; tidinja datang ka nagara 'Tabpanhes. a p. 42: 1.

b p. 36: 4. c p. 42: 10. d p. 41: 10. e p. 2: 16.

8 Ari geus kitoe aja pangandika Pangeran ka Jērmia di Tabpanhes, kijeu pangandikana: 'Maneh geura njokot batoe galēde koe leungeun maneh, seng koe maneh bēbēskeun ka taneuh porang, noe aja di pameuleuman, anoe aja di lawang gēdong Piraon, di Tabpanhes, sing kasaksian koe oerang Jahoe di; 10 'djeung maneh koedoe mitjatoer ka darinja: Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Masing nganjaho-keun, kami rek miwarangan ngala Nēboekadnesar, radja Baboel, 'a abdi kami; sarta korsina koe kami rek diteundenn dina loehoer eta batoe, noe koe kami dibēbēskeun; djeung Nēboekadnesar bakal masangkeun gērēbongna di loehoe- 11 reun eta. 'Ana geus datang, seg eta bakal ngagēboegan tanah Mēsir; 'sahasaha noe baris ka maot, nja ka maot; saha-saha noe baris ka pangdjarahan, nja ka pangdjarahan; djeung saha-saha noe baris ka pēdang, nja ka pēdang. 12 'Malah kami bakal ngajakeun seuneu dina imah-imah 'aallahan Mēsir; koe Nēboekadnesar eta bakal dihoeroean, ari aallahanana bakal didjarah; djeung Nēboekadnesar pimakeun tanah Mēsir

sakoemaha toekang ngangon make badoena; sarta pika-loewareun deui ti dinja kalawan salamēt. 'Toer Nēboekadnesar teh bakal moupeuskeun tihang brabala di Bet-Semes, noe aja di tanah Mēsir; djeung imah-imah aallahan Mēsir koe eta bakal dihoeroean koe seuneu.

a p. 25: 9. b p. 15: 2. Djak. 41: 9. e p. 46: 25.

PASAL 44.

Ijeu teh pangandika, noe didatangkeun ka Jērmia, baris ka sakabel oerang Jahoe di, 'noe tjaritjing di tanah Mēsir, nja eta noe tjaritjing di nagara Migdol, di nagara Tabpanhes, di nagara Nop, djeung di tanah Patros; ari pangandi- 2 kana: 'Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Maraneh geus pada nendjo sakoer katjilakaan, noe koe kami didatangkeun ka Jēroesalem djeung ka sakabel nagara Joeda; geuning, geus pada tarikolot mangsa ajeuna, datang 3 ka taja djalma noe ugeusian; 'tina sabab kagorenganana, noe koe eta dilalam- 4 pahkeun, matak ngabēndoekeun kami; nja pada leumpang, ngoekoes djeung ngabakti^b ka aallahan, noe tadina teu kanjahoan koe maranehanana, boh koe diri maranehanana, boh koe maraneh; 4 boh koe karochoen maraneh. 'Ari kami ka maraneh geus miwarangan sakabel abdi kami, nja eta nabi-nabi teja, 'miwarang teh ti saban isoek-isoek, timbalan kami: Poma oelah marigawe lam- 5 pah kagiroekan kitoe, noe dipikageuleuh koe kami. 'Dēmi eta^d teu ngadareng, teu njarondongkeun tjeuli-tjeuli atjan, hanteu tobat mitjeun kagorenganana, 6 ēmboeng eureun ngoekoes ka aallahan. 'Anoe matak wēra kami reudjeung bēndoe kami dikoetjoerkeun, heug ngagē- 7 doer di nagara-nagara Joeda djeung di loeloeroeng-loeloeroeng Jēroesalem; sarta pada datang ka tarikolot nja soe- 8 woeng, sakoemaha noe geus boekti mang- 9 sa ajeuna. 'Ari ajeuna, kijeu timbalan Pangeran, Allah sawadya-balad, Allah Israil: Na koe naon maraneh marigawe kagorengan sakitoe gēde, matak njila- 10 kakeun diri maraneh, soepaja di maraneh dibasmi lalaki djeung awewe, boedak djeung orok, leungit ti tēngah Joeda, datang ka teu ngarikeun sesa 11 di diri maraneh; 'lantaran 'maraneh

ngabëndoekeun kami koe djidjjeunan leungeun maraneh, lantaran ngoekoes ka aallahan di tanah Mēsir, anoe koe maraneh geus diasoeupan sēdja ngoembara di dinja; sangkan maraneh dibasmi, djeung sangkan maraneh djadi sapaeun djeung hinakeuneun di sakabeh bangsa
 9 noe di boemi? 'Naha maraneh geus poho kana kagorengan karoehoen maraneh, djeung kana kagorengan radja-radja Joeda, sarta kana kagorengan awewe-awewena, kitoe deui kana kagorengan diri maraneh, djeung kana kagorengan pamadjikan-pamadjikan maraneh, noe dilalampahkeun di tanah Joeda sarta di loeloeroeng-loeloeroeng Jēroesalem
 10 teja? 'Tēpi ka mangsa ajeuna eta teh tatjan / rēmoek atina, djeung teu sarjjeuneun, teu ngalakonan toret kami djeung pikoekeoh kami, noe koe kami dipaparinkeun di hareupeun maraneh sarta di hareupeun karoehoen maraneh.
 11 'Koe sabab eta, kijeun timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Masing njaho, ' kami rek njanghareup ka maraneh soepaja tjlaka, soepaja dibasmi sabangsa
 12 Joeda. 'Nja eta kami rek njandakan sesa Joeda, ' sakoer noe geus mēnēr-keun beungeutna asoep ka Mēsir, sēdja ngoembara di dinja; tangtoe toempēs sakabeh di tanah Mēsir; nja piroeboe-heun koe pēdang, nja pitoempēseun koe langlajeuseun, boh noe leutik, boh noe gēde; piparaeheun koe pēdang djeung koe langlajeuseun; / sarta pikeunaen soepata, djeung pidjadien matak mēlēngēk, toer pidjadien sapaeun djeung
 13 binakeuneun. 'Karana kami bakal njiksa ka sakoer noe tjaritjing di tanah Mēsir, sakoemaha kami geus njiksa ka Jēroesalem, / koe pēdang, koe langlajeuseun djeung koe pagēboeg. 'Djadi di pēlēbah sesa Joeda, noe geus arasoep ka tanah Mēsir sēdja ngoembara di dinja, moal aja noe minggat atawa noe ngēdjat, geusan moelang ka tanah Joeda,
 14 noe dipikangēn koe pikir maranehanana, bajang moelang, bajang ngēnggou deui di dinja; karana moal aja noe moelang, kadjaba ti noe rahajoe. u p. 43: 7.
 b 5 Moesa 32: 17. c p. 7: 25; 25: 4. d p. 7: 24.
 e p. 25: 6, 7. f Djab 51: 19. g p. 21: 10. h p. 42: 15
 i p. 42: 18. j p. 24: 10. k p. 22: 27.

15 Tidinja eta sakabeh djalma noe nja-

rahoēun jen pamadjikanana sok nga-roekoes ka aallahan, kitoe deui sakabeh awewe noe djaronghok, koempoelan gēde pisan, nja eta sakabeh djalma noe tjaritjing di tanah Mēsir, di Patros teja, pada ngadjawab ka Jērmia, kijeun dja-
 16 wabna: 'Ari moenggoeh eta kasaoeran, noe koe adjēngan disaoerkeun ka kaoela sakabeh, mawa padjēnēngan Pangeran, ' kaoela moal ngagaroegoe ka adjēngan.
 17 'Satērangna kaoela pada sēdja ngalampahkeun sakoer omongan, noe geus ka loewar ti biwir kaoela, sēdja ngoekoes ka ' radja langit noe istri, djeung nji-tjikeun koerban inoeman pikeun eta, sakoemaha kaoela geus ngalampahkeun, nja diri kaoela djeung karoehoen kaoela, nja para radja djeung para kapala kaoela, di nagara-nagara Joeda sarta di loeloeroeng-loeloeroeng Jēroesalem; karana harita kaoela sareubeuh kahakanan, sarta pada djamoega, teu ngarasa
 18 katjlakaān. 'Dēmi ti mangsa kaoela eureun ngoekoes ka radja langit noe istri, djeung nji-tjikeun koerban inoeman pikeun eta mah, kaoela pada kakoe-rangan saniskara, sarta toempēs koe
 19 pēdang djeung koe langlajeuseun. 'Djeung deui satijap-tijap kaoela ngaroekoes ka radja langit noe istri, djeung nji-tjikeun koerban inoeman pikeun eta, naha kaoela njarijeun koeweh pikeun eta baris ngaroepakeun eta, sarta nji-tjikeun koerban inoeman pikeun eta, karah teu ka-
 20 lawan salaki kaoela? 'Ngalahir Jērmia ka eta sakabeh djalma, ka lalaki djeung ka awewe, nja eta ka salobana djalma noe pada ngadjawab kitoe ka andjeunna,
 21 kijeun lahirna: 'Ari eta pērka ngoekoes, noe koe maraneh dilalampahkeun di nagara-nagara Joeda djeung di loeloeroeng-loeloeroeng Jēroesalem, nja koe diri maraneh djeung koe karoehoen maraneh, koe radja-radja maraneh djeung koe kapala-kapala maraneh, tēgēs koe djalma saeusi tanah teja, saēnjana Pangeran geus djadi emoet sarta geus djadi
 22 manah ka dinja; 'moenggal Pangeran geus teu jasaeun wajibna deui, tina sabab kagorengan pagawean maraneh, tina sabab kagiroekan, noe dilalampahkeun koe maraneh teja; ' nja eta noe djadi matak tanah maraneh tarikolot djeung soewoeng, sarta keuna panjapa, wani

taja djalma noe ngeusiau, sakoemaha
 23 noe geus boekti ajeuna. 'Tina sabab maraneh ngaroekees, djeung sapedah maraneh ngadosa ka Pangeran, djeung teu ngadenge ka timbalan Pangeran, sarta teu ngalakonan toretna, pikoekoehna djeung pértelaanana; kitoe sababna noe matak maraneh kataradjang katjilakaan sakijeu, sakoemaha noe geus boekti ajeuna. a p. 18:12; 42:2. b p. 7:18. c p. 25:18

24 Ngalahir deui Jĕrmia ka eta sakabel djalma djeung ka eta sakabel awewe: Eh, sakabel oerang Joeda, noe aja di tanah Mĕsir! geura darengekeun ijeu pangandika Pangeran: 'Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil, timbalanana: Maraneh djeung pamadjikan maraneh uja ngaromong koe biwir, uja dilaksanakeun koe leungeun maraneh; ari omong maraneh: Koela tangtœ pisan nĕkanan nadar, noe koe koela geus dinadarkeun, sĕdja ngoekoes ka radja langit noe istri, djeung sĕdja nĕjtikeun koerban inoeman pikeun eta; mana geura prak boektikeun nadar maraneh, sarta
 26 geura pek tĕkanan nadar maraneh. 'Koe sabab eta, eh sakabel oerang Joeda, noe tjaritjing di tanah Mĕsir! geura darengekeun ijeu pangandika Pangeran: Masing njaho, * kami soempah nĕboet djĕnĕngan kami noe agoeng, timbalan Pangeran, eta sakabel oerang Joeda, noe di satanah Mĕsir, hidji ge hamo aja deui noe nĕboet djĕnĕngan kami koe biwir, ngomong kijeu: ^b Dĕmi djoemĕnĕnging
 27 Goesti Pangeran. 'Masing njaho, * kami ngadjaga ka maraneh, soepaja tjilaka, lain soepaja bagdja; nja eta sakabel oerang Joeda noe di tanah Mĕsir teh bakal toempĕs koe pĕdang djeung koe langlajenseun, datang ka bejakna pisan.

28 'Ari noe rahajoe tina pĕdang pimaroe-lungeun ti tanah Mĕsir ka tanah Joeda, djalma saeutik; sarta sasesuna oerang Joeda, sakoer noe geus arasoep ka tanah Mĕsir sĕdja ngoembara di dinja, bakal pada nganjahoekun, anoe mana noe piboektieun, pangandika kami atawa omongan maranehanana. 'Sarta ^a kijeu pitandaeunana ka maraneh, lahiran Pangeran, jen kami tangtœ njiksa ka maraneh dina ijeu ĕnggon, soepaja maraneh pada nganjahoekun, jen pangandika kami tangtœ piboektieun ka maraneh, matak

29 tjilaka: 'kijeu timbalan Pangeran: Masing njaho, Piraon Hopra, radja Mĕsir, ĕngke koe kami disolehkeun ka leungeun moesoehna, djeung ka leungeun sakoer noe ngarah patina; ^c sakoemaha kami bareto njelehkeun Sidkia, radja Joeda, ka leungeun Nĕboekadnesar, radja Baboel, moesoehna, anoe ngarah patina teja. a p. 22:5; 49:13. b p. 4:2. c p. 1:12. d 2 Moesa 3:12. e p. 34:21; 39:5.

PASAL 45.

Ijeu teh lahiran, noe koe nabi Jĕrmia dilahirkeun ka ^a Baroek pootra Nerin, mangsa eta sadajana pangandika koe Baroek ditoeliskeun ti lambĕj Jĕrmia, didjjeun kitab, mĕnĕran kaopat taoenna Jojakim poetra Josia teja djoemĕnĕng
 2 radja Joeda; ari lahirana: 'Kijeu timbalan Pangeran, Allah Israil, ka maneh.
 3 Baroek: 'Tjarek maneh: Pibaluteun aing! karana kasangsaraan aing koe Pangeran diwoewoehan deui kasoelasan; ^b aing geus lĕsoo balas rochah-rahoeh, djeung
 4 teu pisan manggih reureuh! 'Maneh koe-doe mitjatoer kijeu ka Baroek teh: Kijeu timbalan Pangeran: Masing njaho, anoe beunang kami ngadĕgkeun, koe kami rek diroentoehkeun; sarta noe beunang kami mĕlak, koe kami rek ditjaboet, tĕgĕs
 5 ijeu tanah sakoeriling. 'Ari maneh teja, naha rek nejangn barang noe araheng pikeun diri maneh! Poma oelah nejangn noe kitoe; karana, masing njaho, kami rek ngadatangkeun katjilakaan ka s-niskara daging, lahiran Pangeran; tatapi ka maneh mah kami rek maparin njawa diri maneh, ^c sapĕrti djarahan, di sakabel ĕnggon anoe koe maneh bakal didatangan. a p. 36:4, 32. b Djab. 6:7. c p. 38:2.

PASAL 46.

Ijeu teh pangandika Pangeran, noe didatangkeun ka nabi Jĕrmia hal bangsa kapor.

2 ^a Pĕrkara Mĕsir; hal balad ^b Piraon Nĕko, radja Mĕsir, anoe aja di sisi tji Prat, di nagara Karkĕmis, anoe diĕlehkeun koe Nĕboekadnesar, radja Baboel, mĕnĕran kaopat taoenna Jojakim poetra Josia teja djoemĕnĕng radja Joeda. a Jsa. 19; Jeh. 29. b 2 Bab. 35:20.

3 Geura pada pĕtakeun tameng djeung
 4 kĕpĕng, bari seg maradjoe pĕrang! 'Eh,

toekang toempak kareta! geura pada pasangkeun koeda, bari seg taroempak; koedoe ngadjarauteng mako balakoetak; geura karédapan toembak, bari parako badjoo kéro! 'Naha mana kitoe? Katendjo koo kaele eta teh galeder, aloendoer ka toekang; dalah prawirana areleh, laloempatan kaboe, teu njorejang-njorejang atjan; " panjingsijeunan ti sakoe-riling, lahiran Pangeran. 'Noe tangginas teu meunang kaboe, noe perkosa teu meunang rahajoe. Sabeulah ti kaler, di sisi tji Prat, eta pada titadjong, seg patingdjaropak. 'Saha eta noe ngaleugeudeut saperti bangawan, noe ngadé-réngdeng tjaina tjara waloengan? 'Nja Mésir noe ngaleugeudeut tjara bangawan, djeung tjaina ngadé-réngdeng saperti waloengan. Ari omongna: Aing dek indit, dek ngalipoetan boemi; dek ngagém-poeer nagara katoet priboemina. 'Eh koeda! geura broel; eh kareta! geura pada gérédég; djeung koedoe boedal para prawira: oerang Koes djeung oerang Poet, noe njikép képéng; kitoe deui oerang Loed, ^b noe njikép djeung mēn-tang gondewa. 'Demi eta poean bade Goesti Pangeran sawadya-balad, nja poé pamalésan, kérsana malés ka satroesatroena; ari pēdang bakal ngahakan datang ka seubeuhna, djeung bakal weuren koe gētih eta; ' karana Goesti Pangeran sawadya-balad teh kagoengan koerban di tanah kaler, sisi tji Prat. 'Eh parawan, anak Mésir! geura indit ka Gilad, ^d ngala geulah tamba; maneh tatamba loba ge teu hasil; euweuh pelester keur maneh. 'Bangsa geus pada ngadenge bedja hal kawirangan maneh, sarta boemi teh pinoe koe dēdēngkan maneh; karana prawira padoepek djeung pada prawira, bloek raroeboeh baréng doewanana.

a p. 6: 25. b Jês. 66: 19. c Jês. 34: 6; Sêp. 1: 7.

d p. 8: 22; 51: 8, 9.

13 Ijeu teh pangandika, noe koe Pangeran diandikakeun ka nabi Jérnia, " hal pidatangeunana Nēboekadnesar, radja Baboel, baris ngelehkeun tanah Mésir.

a p. 44: 30.

14 Geura pada oewarkeun di tanah Mésir, djeung aloetarakéun di nagara Migdol, sarta aloetarakéun di nagara Nop djeung di Tahpanhes, kijeu nja ngaromong: Geura ngadjantēng, sarta sing

tarapti; karana pēdang geus ngahakan 15 sakoe-riling maneh. 'Na koo naon pra-djoerit maneh noe garagal teh dikē-boetkeun? Taja noe tagēn, sabab koe 16 Pangeran didjongklokkeun. 'Loba noe disina titadjong, malah laboeu patoempang-tindih djeung batoer; sarta ngaromong: Hajoe dangdan, oerang balik ka bangsa oerang djeung ka tanah asal oerang, tina sabab panganjaja pēdang! 17 'Pada ngagéro di dinja: Ari Piraon, radja Mésir teh, sok ngēlēntroeng; mangsa noe pasti koe eta geus diantēp ngaliwat. 'Demi hiroep kami! " lahiran 18 Radja, noe padjēnēnganana Pangeran sawadya-balad teh: saēnjana, tjara goenoeng Tabor di goenoeng-goenoeng, djeung saperti goenoeng Karmel noe di sisi laeet, nja kitoe itoe pidatangennana. 19 'Eh priboemi, anak Mésir! geura tjatjavis baris maneh dibojong; karana Nop 20 ēngko djadi soewoeng, sarta dihoeroe, wani taja djalma noe ngeusian. 'Ari Mésir teh ibarat anak sapi aloes pisan; hol aja noe pinotongeun, ^b datangna ti 21 kaler. 'Kitoe deui pradjoeritna boeroeh noe di tēngahna ibarat anak sapi beunang ngalēbēng; saēnjana eta oge pada malik, kalaboer sarerejana, taja noe tagēn; karana poē pibalalahieunana geus ninggang ka dariuja, geus nēpi ka wak- 22 toena disiksa. 'Sora Mésir bakal lulaoenan tjara oraj; karana itoe pimaradjoeun mawa balad, djeung bakal pada ngadatangan ka dinja marawa kampak, 23 saperti toekang noewar kai. 'Pek leuweungna koe itoe bakal ditjatjar, lahiran Pangeran, sanadjan teu beunang dikira-kira; wantoe itoe loba alah-batan si- 24 meut, taja bilanganana. 'Anak Mésir teh meunang era, diselehkeun ka leungeun 25 bangsa kaler. 'Timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Masingnjaho, kami rek njiksa ka ' Amon di nagara No, djeung ka Piraon, sarta ka Mésir, kitoe deui ka ^d aallahanana, djeung ka radjaradjana; nja eta ka Piraon, djeung ka sakoer noe ngarandēl ka dinja. 'Sarta 26 koe kami eta rek disarelehkeun ' ka leungeun djalma noe ngarah patina, nja ka leungeun Nēboekadnesar, radja Baboel, djeung ka leungeun rahajatna; demi sanggeusna kitoe Mésir teh bakal dieusian deui djalma, saperti

keur djaman ka toekang, lahiran Pangeran.

a p. 48: 8. b p. 1: 14. c Sab. 3: 15.

d p. 43: 12. e p. 21: 7.

- 27 Tatapi ^a ari maneh mah, eh Jakoeb, abdi kami! oelah sijeun-sijeun; sarta maneh, Israil! oelah reuwas-reuwas; karana, masing njaho, maneh koe kami tangtoo disalametkeun, ditjandak ti noe djaoeh-djaoeh; nja toeroenan maneh ditjandak ti tanah pangdjarabanana; tanwande Jakoeb pimoeclangeun, toeloelj kërta nja gënah, sarta moal aja noe matak reuwas.
- 28 'Mana maneh, Jakoeb, abdi kami! oelah sijeun-sijeun, lahiran Pangeran; karana kami noe njarëngan ka maneh; karana kami kërta ngadamël pèrkara mejakkeun di sakabeh bangsa, énggon maneh koe kami diboewang; dëmi ka maneh mah kami moal ngadamël pèrkara mejakkeun, ngan maneh rek dipépèrih tëroes djeung kaadilan; ari njiksa mah, moal hanteu njiksa ka maneh.

a p. 30: 10.

PASAL 47.

Ijeu teh pangandika Pangeran, noe datangkeun ka nabi Jérmla hal pèrkara oerang Pèlisti, samemeh Piraon ngelehkeun nagara Gasa.

- 2 Kijeu timbalan Pangeran: Toeh, tjai geus oenggeh ti kaler, tangtoo pidjadien waloengan tjaah, ngeueum tanah djeung saeusi-eusina, kitoe deui nagara katoet priboemina; ari manoesa bakal tingdjalerit, estoe sakabeh priboemi tanah bakal maridangdan. 'Tina ^a sora plok-plokan talapok koedana noe rosa, tina goeroedoeg karetna, tina ngagoe-roeh rodana, bapa teu tolih ka anak,
- 4 tina ngeplek leungeunna; 'koe hal poe noe pidatangeun, baris ngaroeksak sakabeh oerang Pèlisti, baris ngabasmie oenggal-oenggal pangbantoe Tiros djeung Sidon, pangbantoe noe masih kari; karana Pangeran bade ngaroeksak oerang
- 6 Pèlisti, ^b sesa oerang poelo Kaptor. 'Nagara Gasa kadatangan goendoel; nagara Askèlon katitiwasan, katoet sesa lèbak maranehanana. Sabaraha pililaeunana deui maneh nja rek ^c noerihan awak?
- 8 'Adoeb, ^d pèdang Pangeran! sabaraha pililaeunana deui maneh nja rek teu eureun? Geura asoep deui ka sarangka maneh, reureuh atoeb, sarta tjitjing!
- 7 'Pimaneun maneh nja rek eureun? Da

Pangeran geus maparin timbalan ka eta pèdang; ka Askèlon djeung ka basisir laoet; ka dinja dikèrsakeunana.

a Jës. 5: 28. b 1 Moesa 10: 14; Am. 9: 7. c p. 11: 5; 48: 37. d p. 12: 12; 25: 29.

PASAL 48.

Pèrkara Moab.

a Jës. 15: 1.

- Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Balai nagara Nèbo! karana geus diroeksak; nagara Kirjataim meunang era, geus dibounangkeun; koela noe loehoer teh meunang era sarta baloewas. 'Moab teh geus taja poedjieun deui; di nagara Hesbon geus pada mikir-mikir baris njilakakeun ka Moab; [pokna]: Hajoe, oerang basmi eta, leungitkeun kabangsaanana! Maneh oge, Madmen! éngke disina djëmpe, geus tangtoo ka
- 3 oedag koe pèdang. 'Ti nagara Horonaim aja sora djèdjèritan; katiwasan, nja ka
- 4 rocksakan gède. 'Moab teh geus roeksak; djalmana noe laleutik patingdjalerit tararik pisan. 'Saestoena pandjakua dina tandjakan Loehit bari tjeurik tingsalè-groek; sañjana dina poedoenan Horonaim pada ngadenge djèdjèritan soekër
- 6 pisan, alok-alok kabalabian. 'Geura kalaboer, rahajoekeun diri maraneh! Tatapi eta teh pidjadien ^a ibarat noe boeroen-
- 7 doel di tégal lèga. 'Karana sapedah maneh ngandël ka djidjjeunan maneh djeung ka doenya-brana maneh, noe matak maneh ge éngke dibounangkeun; ari ^b si
- 8 Kamos bakal ka loewar dibojong, pang-
- 8 hoeloena djeung kapalana sarereja. 'Ari toekang ngaroeksak teh bakal ngadatangan ka oenggal nagara, wani nagara hidji ge moal aja noe pirahajoeun; malah lèbakna bakal digëmpeur, djeung tanahna rata bakal ditoempoer; reh kitoe timbalan Pangeran. 'Tjik, Moab teh berean djangdjang, sina hibër ka loewar; ari nagarana pada pidjadien soewoeng, datang ka taja djalma noe ngeusian.
- 10 'Keuna panjapa oenggal-oenggal djalma, noe kèndur ngalampabkeun padamèlan Pangeran; djeung keuna panjapa oenggal-oenggal djalma, noe ngahalangan pè-
- 11 dangna ka gètih eta. 'Ari Moab teh gènaheun ti ngongorana, ^c sarta tjitjing bae dina tampèranana, hanteu pisan ditjitjikeun ti wadah ka wadah deui, djeung hanteu pisan ngorang dibojong; pedah

kitoe tĕtĕp rasana, djeung seungitna han-
 12 teu owah. 'Koe sabab eta, masing njabo,
 pidatangeun mangsa, lahiran Pangeran,
 didinja kami ka manahanana bakal mi-
 warangan anoe ngeurihkeun, nja eta
 tangtloe ngeurihkeun inja; ari wadalna
 bakal dikarosongkeun, djeung botolna
 13 dipareupeuskeun. 'Harita Moab teh pi-
 meunangeun era ti si Kamos, sakoemaha
 anak-intjoe Israil meunang era ti 'Bet-El,
 noe diandĕlkeun koe maranehanana teja.
 14 'Koemaha maneh rek ngomong: Koela
 teh pada prawira, nja djalma gagah kana
 15 pĕrang? 'Moab teh geus diroeksak; ari
 [haseup] nagara-nagarana njamboewang,
 djeung baroedjangna noe aroentjoel pa-
 da digiring ka pameuntjitan, lahiran '
 Radja, noe padjĕnĕngawana Pangeran
 16 sawadya-balad teh. 'Pibalahieun Moab
 geus deukeut datangna, estoe pitjilaka-
 17 eunana kĕntjĕng katjida. 'Eh, sakoer noe
 sakoerilingna, djeung sakabeh noe pada
 njabo ngaranna! eta teh koe maraneh
 pake hawatir; koedoe ngaromong kijeu:
 Amboe-amboe, ' iteuk noe koewat, pa-
 neunggeul noe aloes teja, geus potong!
 18 'Eh priboemi, anak Dibon! geura toeroen
 ti kamoeljaan, nja dijoek kalawan halab-
 hab; karana noe ngaroeksak Moab teh
 datang ka maneh, ngaroeksak ĕnggon
 19 maneh noe rareugreug. 'Eh, priboemi
 Aroĕr! los ka djaln, nangtoeng bari
 mĕlong; koedoe tatanja ka noe kaboer
 djeung ka noe minggat, kijeu nja pok:
 20 Euj, aja naon? 'Moab teh meunang era,
 karana geus dipeunggaskeun; geura mi-
 dangdam djeung djĕdjĕritan; bedjakeun
 di tji Arnon, jen Moab geus diroeksak.
 21 'Sarta geus tĕrap hoekoeman ka tanah
 rata; nja ka nagara Holon, ka Jahas
 22 djeung ka Mepaāt; 'ka Dibon, ka Nĕbo
 23 djeung ka Bet-Diblataim; 'ka Kirjataim,
 24 ka Bet-Gamoel djeung ka Bet-Maon; 'ki-
 toe deui ka Kĕriot djeung ka Bosra,
 sarta ka sakabeh bac nagara tanah
 Moab, noe djaraoeh sarta noe dareukeut.
 25 'Tandoek Moab ' geus ditilas, djeung
 ' leungeunna geus dipotong, lahiran Pa-
 26 ngeran. 'Geura eta teh ' sina mabok, ka-
 rana sok goemĕde ka Pangeran; seg
 Moab bakal gogolepakan dina oetahna,
 sarta manahanana ge geus tangtloe djadi
 27 seungseurikeuneun. 'Karana Israil naha
 lain sok diseungseurikeun koe maneh?

Karah Israil teh kapanggih tjampoer
 djeung toekang maling? Karana satjap-
 tjap maneh ngomongkeun eta, maneh
 28 sok gogodĕg. 'Eh, priboemi Moab! geura
 pada ninggalkeun nagara-nagara, nja
 ngĕnggon di goenoeng tjadas; sarta sing
 djaradi sapĕrti djapati, ' noe njarajang
 29 djĕroĕun lijang djoerang. 'Kaoela geus
 ngadareng bedja ' hal kamagoengan
 Moab; adigoengna kabina-bina; nja ang-
 koeh, nja kamagoengan, nja adigoeng.
 30 sarta goemĕde hate. 'Kami, lahiran Pa-
 ngeran, leuwih oeninga dina gĕde am-
 bĕkna, ' tapi soewabanana teu kijen-
 31 kijeu, teu djadi sakara-kara. 'Sabab kitoe
 ' kaoela sĕdja midangdam koe hal Moab,
 nja koe satanah Moab kaoela sĕdja djĕ-
 djĕritan; koe karana oerang Kir-Heres
 32 djalma bakal tingharĕgoeng. 'Eh, kĕbon
 anggoer Sibma! alah batan tjeurik oe-
 rang Jaser kaoela sĕdja njeungtjeurikan
 ka maneh; dahan-dahan maneh ngareuj,
 datang ka meuntas laoet, nja narĕpi ka
 laoet Jaser; oesoem maneh ngala boe-
 boewahan djeung oesoem maneh ngala
 anggoer kaboeroe koe noe ngaroeksak.
 33 'Djadi kaboengahan djeung kagĕrahan
 dileungitkeun ti pakĕbonan sarta ti sa-
 tanah Moab; djeung ari anggoer koe
 kami dieuweulikeun ti pamĕrsanana;
 moal aja deui noe ngirik make karama-
 an; aja soteh karamaan, lain karamaan
 34 ngirik. 'Ti sĕmĕt nagara Hesbon ' djĕ-
 djĕritan nĕpi ka nagara Elale; ejar sowa-
 rana nĕpi ka nagara Jahas; ti sĕmĕt
 nagara Soar kitoe deui nĕpi ka nagara
 Horonaim, sapi oemoer tiloe taoen teja;
 karana tjai Nimrim ge bakal saroewoeng.
 35 'Djeung deui kami teh ti Moab, lahiran
 Pangeran, rek ngaleungitkeun noe sok
 oenggah ka pamodjaan, djeung noe
 36 sok ngoekoes ka aallabanana. 'Sabab
 kitoe ' hate kaoela ngalĕngis koe hal
 Moab, sapĕrti soeling; djeung angĕn ka-
 oela ngalĕngis koe hal oerang Kir-Heres,
 sapĕrti karinding; tina sabab arta-banda
 37 beunangna geus digĕmpoer. 'Karana ' o-
 enggal sirah geus digoendoelan, djeung
 oenggal djanggot geus dikeroedan;
 sakabeh leungeun beunang noerihan,
 djeung tjangkĕng-tjangkĕngna marako
 38 karoeng. 'Dina loehoer sakabeh imah
 Moab djeung di loeloeroeng-loeloeroeng-
 na aja aloek-aloekeun di mana-mana;

karana Moab teh koe kami geus dipeupenskeun ⁊ tjara wadah noe teu dipika-
 39 soeka, lahiran Pangeran. 'Amboe-amboe, sakitoe dipeunggaskoeunana! sakitoe maridangdamna! Amboe-amboe, Moab teh geus noekang moendoer bawaning eracun! Estoe Moab teh djadi seungseurikeuneun, sarta matak reuwas ka saka-
 40 beh noe sakoerilingna. 'Karana kieu timbalan Pangeran: Hol itoe ⁊ pihibereun saperti galoedra, djeung meberkeun
 41 djangdjangna lochoereun Moab. 'Sagala koeta dibeunangkeun, djeung sagala benteng dilindih; ari hate sakoer prawira Moab dina poean eta pidjadieu saperti hate awewe ⁊ noe keur kasoeke-
 42 ran ngadjoeroe. 'Sarta Moab teh bakal ditoempoer, leungit kabangsaanana, sabab sok goemede ka Pangeran. 'Eh, priboemi Moab! ⁊ maneh engke kataradjang sjeun, djeung lombang, sarta djirét, lahiran
 43 Pangeran. 'Ari saha-saha noe mangloempatkeun sjeun, tangtoe tigoebag kana lombang; djeung saha-saha noe handjat ti djero lombang, tangtoe karingkoes koe djirét; karana kami rek ngadatangeun ka dinja, uja eta ka Moab, taoen pidisiksaeunana, lahiran
 45 Pangeran. 'Dina ijoeh Hesbon narangtoeng kakaboeran, taja tanagana; ⁊ karana aja seuneu bidjil ti Hesbon, djeung aja hoeroeng ti pelébah Sihon; uja eta ngabakan beulah-beulah Moab, sarta djeung emboen-emboenan eta anak karoeseohan. 'Tjilaka maneh, Moab! Oemat
 46 Kamos teh tiwas; karana anak maneh lalaki dibawa ka pangdjarahan, kitoe kenéh anak maneh awewe pada asoep
 47 ka pangdjarahan. 'Tatapi ⁊ dina ahir djaman mah dibojongna Moab teja tangtoe koe kami dibalikkeun, lahiran Pangeran. Sémét djeu hoekoeman Moab.

a p. 17: 6. b 4 Moesa 21: 29. c 8ep. 1: 12. d 2 Radj. 23: 15. e p. 51: 57. f Jem. 14: 5. g Njao. 2: 3. h Djah. 37: 17. i p. 25: 15. 27. j Mak. 2: 14. k Jem. 16: 6. l p. 50: 36. m Jem. 16: 7. n Jem. 15: 5, 6. o Jem. 16: 11. p Jem. 15: 2, 3; p. 47: 5. q p. 22: 28. r p. 49: 22. s p. 49: 22; 50: 43. t Jem. 24: 17. u 4 Moesa 21: 28; 24: 17. v p. 49: 6, 39.

PASAL 49.

Pèrkara oerang Amon.

Kieu timbalan Pangeran: Naha Israil teu bogaeun anak? teu bogaeun ahli waris? Na koe naon ⁊ si Malkam

ngamilik tanah Gad, djeung nagara-na-
 2 garana diousian koe oemat eta? 'Sabab kitoe, masingnjaho, pidatangeun mangsa, lahiran Pangeran, didinja Raba, [dajeuh] oerang Amon, koe kami rek disina ngadenge soesoerakan perang; sarta eta pidjadieu toempoekan karoeksakan, djeung pilémboeranana bakal dihoeroean koe seuneu; toeloeh Israil bakal ngamilik noe ngamilik ka manebanana,
 3 timbalan Pangeran. 'Eh, nagara Hesbon! geura midangdam, karana Ai geus digempoer; eh, pilémboeran Raba! geura djédjéritan, disaramping karoeng; koe-doe aloek-aloekeun bari loeloempatan dina pagér tembok; karana Malkam teh engke leumpang, asoep ka pangbojongnan, panghoeloena djeung kapalana
 4 sarerejaua. 'Naha maneh sok moedji sorangan koe lébak-lébak? ⁊ Eh, anak moengkiran, noe ngandélkeun doenyabranana, [bari ngomong]: Saha noe rek ngadatangan ka aing? eta lébak maneh
 5 ngahijang. 'Masing njaho, kami ka maneh rek ngadatangeun kareuwasan, lahiran Goesti, Pangeran sawadya-balad, ti sakabeh noe di sakoeriling maneh; sarta maraneh bakal diboewang, pada leumpang sakaparan-paran, djeung moal aja noe ngoempoelkeun anoe keur ngalan-
 6 trah. 'Tatapi sanggeusna kitoe mah ⁊ dibojongna oerang Amon teja tangtoe koe kami dibalikkeun, lahiran Pangeran.

a 1 Radj. 11: 5. b p. 31: 22. c p. 48: 47.

7 Pèrkara Edom.

Kieu timbalan Pangeran sawadya-balad: Naha ⁊ di nagara Teman geus taja deui kapintéran? karah noe bari-nangkit teh kaleungitan tarekah? koetan
 8 kapintéranana moebadir? 'Eh, priboemi Dédan! ⁊ los kalaboe, geura aloendoer, njoeloesoep ka noe djero-djero; karana kami ka Esaoe rek ngadatangeun pibalabieunana, geus népi ka waktoena
 9 disiksa. 'Oepama ⁊ maneh kadatangan noe ngala anggoer, koemaba eta moal ngarikeun poepoerieu? Oepama aja noe maling ti peuting, koemaba eta moal
 10 ngaroeksak satjoekeupna? 'Demi koe kami mah Esaoe teh dihoeroendoelkeun pisan, panjoempoetanana diboekakeun, moal bisaen njoempoet deui; ari toeroenanana geus diroeksak, kitoe kenéh doeloer-doeloerna djeung tatangga-

- tatangguna, sarta dirina geus euweuh.
- 11 'Anak maneh tinggalkeun pahatoo, koe kami rek dibajoean; djeung randa maneh koedoo ngarandél ka kami. 'Karana kijeu timbalan Pangeran: Masing njaho, 'tjatjakan eta noe bënërna oelah nginoem loemoer ge, misti ngarinoem; ari maneh mah, naha moal meunang siksaañ? Pamohalan maneh teu meunang siksaañ; misti pisan maneh nginoem.
- 12 'Karana kami geus soempah 'njéboet diri kami, lahiran Pangeran, jen Bosra / pidjadicun matak mëlengék, djeung linakeuneun, toer pidjadicun tarikolot djeung sapaeun; malah sakabéh nagarana pidjadicun tararikolot langgëng.
- 13 'Kuoela ' meunang warta ti Pangeran, sarta aja oetoesan dipiwarang ka bangsa kapir, [marentah kijeul]: Geura karoempoe, koedoo pada ngaroeroeg ka Edom; hajoe darangdan, baris mērangau! 'Karana, masing njaho, maneh koe kami didjadikenn leutik di bangsa kapir, matak
- 14 tjoewa di manoesa. 'Moenggoeh kaidjid ka maneh, eta maneh kagélo koe kangkoehan hate maneh, eh maneh noe tjitjing dina djoerang-djoerang goenoeng tjadas, djeung ngabogaan énggon loehoer dina pasir! 'Masih maneh njiieun sajang maneh loehoer pisan tjara galodra, tangtoe maneh koe kami ditogkeun ti dinja, lahiran Pangeran. 'Ari Edom teh pidjadicun soewoeng; 'sahasaha noe ngaliwat ka dinja bakal mëlengék, bari njektjrekan tina hal sakabéh
- 15 balahina. 'Sakoemaha / dibalikna Sadoemoe djeung Gomora, sarta tatangga nagara teja, timbalan Pangeran, nja kitoo di dinja moal aja djalma hidji-hidji atjan noe ngénggon, sarta anak Adam moal aja noe ngantjik di dinja.
- 16 'Masing njaho, itoe pioenggaheun 'saperti singa ti kamagoengan tji Jordan, moeroe eta pangtjitjingan santosa; karana dadak-sakala Edom teh koe kami rek disina leompat ti dinja; djeung mana bae noe dipilih, eta koe kami rek didjénengkeun njangking ka dinja; karana saha noe nandingan kami? djeung saha noe pingadawaeun ka kami? sarta saha teja pangangon, noe bisa tagén di pajoeneun kami? 'Koe sabab eta, geura darengekeun papasten Pangeran, noe dipastenneun ka Edom, kitoe deui pangérsana,

- noe dikérsakeun ka priboemi Teman: saénja-énjana eta mēngke koe djalma disesered saperti domba noe pangheng-kerna; saénja-énjana pangtjitjinganana bakal mëlengék koe hal maranehanana.
- 21 'Tina ngagoeloegoer roeboehna boemi teh oja; aja djédjéritan, sorana kadenge
- 22 'di sisi laot Agér. 'Hol itoe pingapoengneun " sarta hibér saperti galodra, djeung meberkeun djangdjangna loehoereun Bosra; ari hate sakoer prawira Edom dina poean eta pidjadicun saperti hate aweue noe keur kasoeékran ngadjoeroe. a Ob. 8, 9. b Jéh. 25: 13. c Ob. 5. d p. 35: 29; 1 Petr. 4: 19. e p. 22: 5. f p. 44: 12. g Ob. 1. h Ob. 4. i p. 19: 8; 50: 13. j Moesa 19: 25; 5 Moesa 29: 23. k p. 12: 5; 50: 44. l 1 Radj. 9: 26. m p. 48: 40.
- 23 " Pérkara Damsik. a Jéh. 17: 1.
- Nagara Hamat djeung Arpad areraeun; sabab ngadarengo bedja goreng, noe matak aladjoe; noe di sisi laot
- 24 pada soesab, hanteu kaoer tjitjing. 'Nagara Damsik laleuleus, oendoer sédja kaboer, estoe kataradjang soeméblak, nja keuna soekér djeung njéri, tjara noe
- 25 keur ngadjoeroe. 'Naha mau eta nagara pamoeajian, koeta karésépan ka
- 26 oela, hanteu ditinggalkeun? 'Sabab kitoe " baroejangna bakal raroeboeh dina loeloeroeng-loeloeroengna, djeung sakabéh pradjoeritna bakal katitiwasan dina poean eta, lahiran Pangeran sawadya-
- 27 balad. 'Sarta kami b rek ngajakeun senneu dina koeta Damsik, nja eta tangtoe ngaléboer karaton-karaton Benhadad.
- a p. 50: 30. b Am. 1: 4.
- 28 Pérkara Kedar djeung pérkara " sagala karadjaan Hasor, anoe diéléheun koe Nèboekadnesar, radja Baboel.

a Jos. 11: 10.

- Kijeu timbalan Pangeran: Geura darangdan, koedoo ngaroeroeg ka oerang Kedar, djeung ngaroeksak ka oerang
- 29 wetan! 'Himah-himahna djeung ingon-ingonna koe eta bakal ditjokotan; koe lamboena, djeung sakabéh parabotna, kitoe deui ontana, bakal dibarawa koe eta adjang dirina; djeung bakal ngagaréro ka darinja: " Panjingsijeuan ti
- 30 sakoeriling! 'Eh, priboemi Hasor! los kalaboer; geura pada ngalantrah masing djaoeh, njoeloesoep ka noe djéro-djéro, lahiran Pangeran; karana Nèboekadnesar, radja Baboel, aja pikarépun, noe dikarépkeun ka maraneh; sarta aja

- pisédjæun, noe disédjakeun ka maraneh.
- 31 'Geura darangdan, koedoe ngaroeroeg ka hidji bangsa ^b noe gēnah, nja tji-tjing sēnang ati, lahiran Pangeran; eta teh teu pantoan teu toelakan, djeung
- 32 ngénggonna njanangan bae. 'Ari ontantana pidjadieuun rajaheun, djeung ingon-ingonna noe mangpirang-pirang pidjadieuun djarahéun; sarta diri maranehanana koe kami bakal dipantjawoe-rakeun ka sagala angin, ^c sakoer noe dikoeroed sisi boeok; ari pibalabieu-nana koe kami rek didatangeun ti sakabeh beulah, lahiran Pangeran. 'Seug
- 33 Hiasor teh pidjadieuun ^d pangtjittjingan adjag, pisoewoengeun salalanggēngna; moal aja djalma hidji-hidji atjan noe ugēnggon di dinja, sarta anak Adam moal aja noe ngantjik di dinja.
- ^a p. 46:5 ^b Bak. 18:7. ^c p. 9:26. ^d p. 9:11.
- 34 Ijeu teh pangandika Pangeran, noe didatangeun ka nabi Jérmi hal pēr-kara Elam, keur anjaran ngaradjaan Sidkia, radja Joeda; ari pangandikana:
- 35 'Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad: Masing nganjahokeun, kami ^e rek motong-keun gondewa oerang Elam, loeloegoe pa-
- 36 ngawasana. 'Sarta kami ka Elam bakal ngadatangeun noe opat angin, ti noe opat sisi langit, sarta maranehanana koe kami bakal dipantjawoe-rakeun ^b ka eta sakabeh angin, wani taja pisan bangsa, noe teu
- 37 didatangan boeboewangan ti Elam. 'Ari oerang Elam teh koe kami rek disina geder di harenpeun moesoeh-moesoehna djeung di hareupeun sakoer noe ngarah patina; sarta kami rek ngadatangeun katjilakaan ka darinja, bēndoe kami noe leuwih bangēt, lahiran Pangeran; ^c malah kami bakal njoesoelkeun pēdang ti pandeurieunana, nēpi ka maranehanana koe
- 38 kami dibejakkeun. 'Djeung kami rek ngadēgkeun panglinggihan kami di Elam, sarta rek ngagēmpoer radja djeung kapala-kapala, dileungitkeun ti dinja, lahiran Pangeran. 'Dēmi geus kitoe, dina
- 39 ahir djaman mah dibojongna Elam teja tangtoe koe kami dibalikkeun, lahiran Pangeran.
- ^a p. 51:56 ^b Jek. 5:10. ^c p. 9:16.

PASAL 50.

Ijeu teh pangandika, noe diandikakeun koe Pangeran ^a pēr-kara Baboel, pēr-kara tanah Kasdim, koe lantaran nabi Jérmi.

^a Jek. 13, 14.

- 2 Geura pada oewarkeun di sagala bangsa, djeung aloetakeun, ^a bari nandjeur-keun hidji bandera; geura pada oetakeun, oelah rek salingkoeh, kijeu nja ngaromong: Baboel geus dibeunangkeun, ^b si Bel geus meunang era, si Mērodak baloewas, artja-artjana mareunang era, 3 brabala-brabalana pada baloewas. 'Karana aja hidji bangsa ti kaler, indit ngaroeroeg ka dinja; tanahna koe eta bakal didijjeun soewoeng, datang ka taja djalma noe ugeusian; boh manoesa, boh
- 4 sasatoan kalaboer arijang. 'Dina mangsa eta djeung dina waktōe eta, lahiran Pangeran, oerang Israil pidaratangeun, nja eta djeung oerang Joeda babarēngan; ^c pada leumpang bari tjeurik sapandjang djalman, narejangan Pangeran Allahna.
- 5 'Bakal pada nanjakeun Sion, bari nja-langhareup djalman ka djeu, [pokna]: Hajoe, oerang anoet ka Pangeran, nijjeun pērdjadjian langgēng, anoe moal dipopohokeun!
- ^a p. 4:6. ^b Jek. 46:11. ^c p. 51:44. ^d p. 31:9; Hos. 3:5.
- 6 Oemat kami geus djadi saibarat domba laleungit; pangangonna geus pada nja-sabkeun ka dinja, disasarkeun di goe-noeng-goe-noeng; leumpangna toeroen goe-noeng oengguh pasir, pada paroheun
- 7 ka ēnggonna ngabarak. 'Saba-saba noe manggih domba teh, kop ngahakan eta; ^a djeung moesoeh-moesoehna ngaromong: Aing teu kasalahan, sabab eta teh geus marigawe dosa ka Pangeran, ēnggon kabēnēran; nja ka Pangeran, ^b panga-
- 8 djēng-ngadjēng karoehoenna. 'Geura ngabalētjir ^c ti tēngah Baboel, sarta geura baridjil ti tanah Kasdim, djeung sing djaradi sapērti domba lalaki ti heulaeun
- 9 domba awewe! 'Karana, masing njaho, kami ti tanah kaler bakal ngageuing-keun djeung nginditkeun ka Baboel koempoelan bangsa galēde; ari eta bakal tata-baris, mērangkan ka Baboel; ti-
- 10 dinja seug dibeunangkeun; djamparingna bakal sabijasa djamparing prawira noe pintēr, moal aja noe balik leugoh. 'Ari tanah Kasdim teh pidjadieuun djarahéun; sakabeh noe ngadjarahan bakal sareu-
- 11 beuh, lahiran Pangeran. 'Sabab maneh tadina boengah, sabab maneh tadina soeka-soeka, eh noe ngarampogan ka-goengan kami! sabab maneh tadina loe-loentjatan tjara anak sapi keur ngirik;

- sarta hohowang saperti koeda lakali.
- 12 'Indoeng maraneh bakal eraeun katjida; noe ngadjoeroekeun maraneh bakal wirangeun. Masing njaho, eta pidjadien pangpandeurina bangsa-bangsa, nja pidjadien tégah léga, tanah keéng djeung tanah
- 13 lapang. 'Tina bébëndoe Pangeran eta teh moal dieusian deui, nja pidjadien soewoeng sakoerilingna; 'saha-saha noe ngaliwat ka Baboel bakal mëlengék, bari njektjrekan tina hal sakabeh bala-
- 14 hina. 'Eh, sakabeh toekang méntang gondewa! geura tata-baris, ngaroeroeg ka Baboel ti sakoeriling; pek pada manahan ka dinja, oelah njaraah koe djamparing; 'karana eta teh boga dosa ka Pangeran.
- 15 'Geura saroerak ka dinja ti sakoeriling; eta teh njérakkeun diri; bentengna raroegroeg, koetana raroentoeh; karana kitoe pamalés Pangeran. 'Geura maralés ka dinja; sakoemaha lampahna tadi, koedoe kitoe nja marilampah ka dinja.
- 16 'Basmi koe maraneh toekang sébar, sing leungit ti Baboel; kitoe deui noe sok njékél arit keur oesoem diboewat; bawaning sijeun 'panganijaja pédang, djalma bakal aloendoer sabangsa-bangsana, sarta djalma bakal kalaboer satah-tanahna.
- 17 Israil teh ibarat domba ngalantrah, dibébèrik singa. 'Noe mimiti ngahakan eta, nja eta radja Asoer; ari ijeu noe pandeuri, nja eta Nêboekadnesar, radja Baboel, geus ngarêmoekkeun toelang-
- 18 toelangna. 'Koe sabab eta, kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Masing njaho, kami rek njiksa ka radja Baboel djeung ka tanahna, 'sakoemaha kami geus njiksa ka radja Asoer djeung ka tanahna. 'Sarta kami rek moelangkeun Israil ka pangangonanana; toeloel bakal diangon deui di goenoeng Karmel djeung di goenoeng Basan; kitoe deui di pigoenoeng Epraim sarta di tanah Gilad eta piseubeuheun awakna.
- 20 'Dina mangsa eta djeung dina waktoe eta, lahiran Pangeran, 'ana ditejangan kadorakaan Israil, teu aja; kitoe deui ana ditejangan dosa Joeda, teu kapanggih; karana kami tangtoe ngahampoera ka sakoer noe koe kami dikarikeun.

a 2 Radj. 15: 19, 29; 25: 1. b Jêr. 37: 36 c p. 31-34.

- 21 Geura indit ka tanah Baha-doe-wa-kali, sarta roeroeg; nja ngaroeroeg ka priboemi tanah Keuna-siksa! Pek médang, sarta soesoel bari noempés, lahiran Pangeran; nja koedoe milampah sakoemaha
- 22 ha timbalan kami ka maneh. 'Aja sora pérang dina tanah, djeung karoeksakan
- 23 géde. 'Amboe-amboe, paloe saboemi kabeh sakitoe dipotongkeunana djeung dirêmoekkeunana! Amboe-amboe, Baboel teh sakitoe nja djadi matak mëlengék
- 24 di téngah bangsa-bangsa! 'Kami masang ridjét ka maneh, Baboel! malah maneh teh beunang, tatapi koe maneh teu kanjahoan; maneh kapanggih, malah maneh teh ditangkép, doemeh maneh mérangan
- 25 ka Pangeran. 'Pangeran geus moekakeun goedang andjeunna, ngaloewarkeun pakarang bëndoeana; wantoe-wantoe hal kitoe teh padamélan Goesti, Pangeran
- 26 sawadya-balad, di tanah Kasdim. 'Geura pada ngadatangan ka dinja ti toengtoeng, baroeakakeun koedang-koedangna, eusina hoenjoedkeun, saperti toempoekan gandoem; seg toempéskeun, poma oelah aja
- 27 sesana! 'Sakabeh sapina noe ngora sara-bêtan, 'nja giring ka pameuntjitan! Pibalafeun maranehanana; karana geus ninggang ka poéna, geus népi ka wak-
- 28 toena disiksa. 'Aja sowara noe kalaboer sarta noe maringgat ti tanah Baboel, pada ngabedjakeun di Sion 'balésan Pangeran, Allah oerang, balésan kabah
- 29 andjeunna. 'Geura pada ngadjakan ka Baboel taroe kang panah, sakabeh toekang méntang gondewa; eta Baboel koe maraneh lingkoengan ti sakoeriling; papatjoewan oelah aja noe minggat; geura pada naor ka dinja sapagaweanana; sakoemaha lampahna tadi, koedoe kitoe nja marilampah ka dinja; karana eta teh angkoeh ka Pangeran, ka 'Kasoetji
- 30 Israil. 'Sabab kitoe 'baroedjangna bakal raroeboeh dina loeloeroeng-loeloeroengna, djeung sakabeh pradjoeritna bakal katitiwasan dina poéan eta, lahiran
- 31 Pangeran. 'Masing nganjahoekun, kami ngamoesoeh ka maneh, 'noe angkoeh! lahiran Goesti, Pangeran sawadya-balad; karana geus ninggang ka poé maneh, geus népi ka waktoe maneh koe kami
- 32 disiksa. 'Ari noe angkoeh teh bakal tita-djong, bloek laboeh, sarta moal aja noe ngahoedangkeun inja; djeung kami rek

ngajakeun seuneu di nagara-nagara, nja eta bakal ngaléboer sakabel noe aja di sakoerilingna. *a p. 48:15. b p. 51:11.*

c Jē. 1:4 d p. 49:26. e Jē. 47:7.

- 33 Kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad: Ari oerang Israil djeung oerang Joeda geus dikanijaja sarerejana; djeung sakabel noe ngadjarab inja parageuh pisan njékélua, *a* teu daraekeun ngaleupaskeun. 'Dēmi Poeral ngadjaitna leuwih kawasa; Pangeran sawadya-balad, kitoe djénenganana; *b* nja eta tangtoe manggoeroeskeun prakarana, kērsana ngareureuhkeun boemi, djeung njékéblak-
34 keun priboemi Baboel. 'Pédang pikeunaen ka oerang Kasdim, lahiran Pangeran, gens poegoeh ka priboemi Baboel, djeung ka kapala-kapalana, sarta ka boedjangga-boedjanggana. 'Pédang pikeunaen ka *c* toekang soewaban, sina djaradi paloeng; pédang pikeunaen ka
35 prawirana, sina djaradi geder. 'Pédang pikeunaen ka koedana djeung ka karetana, kitoe deui ka sakabel *d* tjam-poeran bangsa, noe aja di téngahna, sina djaradi saperti awewe; pédang pikeunaen ka doenya-branana, sina dirajah.
36 'Tjaina pikeunaen koe katiga, *e* sina djaradi saāt; karana eta tanah loba artja, djeung marauehanana kaedanan koe
37 brahalana noe matak reuwas. 'Sabab kitoe *f* eta tanah méngke diénggonan sasatoan galak reudjenng oesoeng-esang, toer diénggonan manoe naām; moal diensian deui djalma saēndēngna, djeung moal diénggonan deui toeroen-toemoe-roen. 'Sakoemaha *g* Allah ngabalikkeun Sadoemoe, djeung Gomora, sarta tatanga nagara teja, lahiran Pangeran, nja kitoe di dinja moal aja djalma hidji-hidji atjan noe ngénggon, sarta anak Adam moal aja noe ngantjik di dinja.
38 'Masing njaho, pidatangeun hidji bala ti tēbeh kaler, nja hidji bangsa gēde reudjeung radja loba pisan bakal digareungeunkeun ti sisi boemi. 'Pada njékél gondewa djeung tohok; *h* estoe dēdēglēr eta teh, teu warélasan; sorana ngagoe-roeh saperti laeet, sarta pada toempak koeda, baris satata djalma noe rek pērang, ngaroeroeg ka maneh, anak Baboel!
39 'Radja Baboel geus ngadenge be-djana, *i* sarta leungeunna ngeplek; radja teh kataradjang kasoekēran, *j* njēri tjara

- noe keur ngadjoeroe. 'Masing njaho, *k* itoe pioenggaheun saperti singa ti kamagoe-ngan tji Jordan, moeroe eta pangtjitjingga santosa; karana dadak-sakala oerang Baboel koe kami rek disina loempat ti dinja; djeung mana bae noe dipilih, eta koe kami rek didjénngkeun njangking ka dinja; karana saha noe uandingan kami? djeung saha noe pingadawaeun ka kami? sarta saha teja pangangon, noe bisa tagēn di pajoenoun kami? 'Koe sabab eta, *l* geura darenge-keun papasten Pangeran, noe dipastenneun ka Baboel, kitoe deui pangērsana, noe dikērsakeun ka tanah Kasdim: saēnja-ēnjana eta méngko koe djalma disesered saperti domba noe panghengker-na; saēnja-ēnjana pangtjitjingana bakal mélēngkē koe hal marauehanana.
40 'Tina bedja kalindihna Baboel boemi teh oja, sarta djēdjēritanana kadengo di sagala bangsa. *m Jē. 14:17. n p. 51:36.*
c Jē. 11:25 d Jē. 30:5. e p. 51:36. f Jē. 13:19,20; 34:13, 14. g p. 49:18. h p. 6:22, 23. i Jē. 13:7. j p. 4:31. k p. 49:19. l p. 49:20.

PASAL 51.

- Kijeu timbalan Pangeran: Masing nganjahokeun, kami rek ngageningkeun *a* angin matak roeksak, naradjang ka Baboel djeung ka priboemi eta hate sakoer
2 noe ngamoesoeh ka kami. 'Djeung deui kami ka Baboel rek ngadatangeun tarockang napi, nja eta pinapieun Baboel, datang ka kosong tanahna; karana dina poē pitjilakaeunana eta bakal pada nara-
3 djang ka dinja ti sakoeriling. 'Toekang méntang gondewa koedoe méntang, di-bēnērkeun ka noe sok méntang, djeung ka noe pēlėkik make badjoena kēre; baroedjangna montong dipikaroenja, haramkeun bae sabaladna kabeh; *b* di tanah Kasdim sing pagoletak djalma noe kasabēt, kitoe deui di loeloeroeng-loeloeroengna djalma beunang noēblēs. 'Karana Israil djeung Joeda lain ditilar koe Allahna, koe Pangeran sawadya-balad, sanadjan tanahna pinoeh koe kasalahan
4 ka Kasoetji Israil oge. 'Geura kalaboer *c* ti téngah Baboel, sing pada ngarulah-joekeun diri sorangan; oelah koengsi maraneh katitiwasan koe kadorakaānana; karana ijeu teh waktōe pamalēs Pangeran, andjeunna kērsa naer ka dinja
5 kana pagaweanana. 'Ari Baboel teh

- tadina ' ibarat loemoer émas, ditjépéng
 koe panangan Pangeran, sarta matak
 mabok ka saeusi boemi; bangsa-bangsa
 geus ngarinoem anggoerna, sabab kitoe
 bangsa teh pada datang ka gegelolan.
 8 'Ngadak-ngadak Baboel teh roeboeh
 sarta diroeksakkeun. Geura pada mi-
 dangdam koe hal eta; tjik, njarokot 'd
 geulah tamba pikeun raheutna, malah-
 9 mandar eta tjageur deui! 'Kaoela geus
 pada ngoebaran ka Baboel, tapi teu
 koengsi tjageur; tinggalkeun bac, hajoe
 oerang pada moelang satanah-tanahna;
 karana hoekoemanana ' geus njoendoel
 ka langit, ngoenoeng-ngoenoeng tépi
 10 ka mega. 'Pangeran geus nganjatakeun
 kabéhérang oerang; hajoe, oerang leum-
 pang, oerang njaritakeun di Sion pada-
 11 mōlan Pangeran, Allah oerang! 'Geura
 / ngarédapan djamparing, ngareupeulan
 kēpéng! 'Pangeran ' geus ngageningkeun
 rohi radja-radja Madajin, sabab pangér-
 sakeunana ngamoesoeh ka Baboel, soe-
 paja sina diroeksak; ' karana kitoe pa-
 malés Pangeran, balésan kabah andjeun-
 12 na. 'Geura pada nandjeurkeun ' hidji
 bandera baris nēmpoeh ka koeta Baboel;
 koedoe ngoewatan noe ngadjaga, nga-
 dēgkeun noe karēmit, njadjakeun / anoe
 baris ngabongohan; karana Pangeran
 ngērsakeun ongkoh, ngadamēl ongkoh
 anoe koe andjeunna geus diandikakeun
 13 hal pērkarā priboemi Baboel. 'Eh, maneh
 noe ngēnggon di sisi tjai gēde, anoe
 soegih doenya-brana! maneh geus da-
 tang ka panoengtoengan, kana oekoeran
 14 kapērētjitan maneh. 'Pangeran sawadya-
 balad geus soempah, ' njēbat salirana
 koe mantēn; Geus tangtoe maneh koe
 kami disina djēdjēl koe manoesa, sapērti
 lege, sarta eta bakal soerak koe hal
 maneh patembal-tembal. a p. 4: 11.
 b p. 50: 8; Wajh. 18: 4. c p. 25: 15; Wajh. 17: 4.
 d p. 8: 22. e Wajh. 18: 5. f p. 46: 3, 4. g Jer. 13: 17.
 h p. 50: 28. i p. 50: 2. j 2 Bab. 13: 13. k p. 22: 5;
 Am. 6: 8.
 15 ' Pangeran teja noe ngadamēl boemi
 koe kawasana, ngadēgkeun djagat koe
 kapintērana, sarta masangkeun langit
 16 koe pangartosanana. 'Tijap-tijap an-
 djeunna ngagēnta, dēr ngagoeroeh tjai
 di awang-awang, sarta nja andjeunna
 noe ngoenggahkeun tēdoeh ti toengtoeng
 boemi; nja andjeunna noe ngadamēl ki-
 lat barēng hoedjan, sarta noe ngabidjil-
 17 keun angin ti goedang andjeunna. 'Oeng-
 gal-oenggal manoesa bodo, euweuh ka-
 njaho; oenggal-oenggal kamasu meun-
 nang era tina artja, sabab bennangna
 18 njitak teh palseo, hanteu érohan. 'Estoe
 sija-sija eta teh, boewatan ngabodo;
 samangsa disiksa, tangtoe laleungit.
 19 'Dēmi Docoeman Jakoeb mah lain sa-
 pērti eta; satēgēsua andjeunna noe nga-
 djadikeun saniskarana, sarta [Israil] djadi
 kaom kagoenganana; Pangeran sawad-
 ya-balad, kitoe padjēnēnganana. ap. 10: 12.
 20 ' Maneh teh koe kami dianggo gada,
 parobot pērang; ari koe lantaran maneh
 kami rek ngarēmoekeun bangsa-bangsa,
 sarta koe lantaran maneh kami rek nga-
 21 roeksakkeun karadjān-karadjān. 'Koe
 lantaran maneh kami rek ngarēmoeke-
 keun koeda djeung noe toempakna, sarta
 koe lantaran maneh kami rek ngarē-
 moekeun kareta djeung noe toempakna.
 22 'Koe lantaran maneh kami rek ngarē-
 moekeun lalaki djeung aweue; koe
 lantaran maneh kami rek ngarēmoeke-
 keun kolot djeung boedak; sarta koe
 lantaran maneh kami rek ngarēmoeke-
 23 keun boedjang reudjeung landjang. 'Koe
 lantaran maneh kami rek ngarēmoeke-
 keun toekang ngangon djeung ingon-
 ingonna; koe lantaran maneh kami rek
 ngarēmoekeun ahli tani djeung sapina;
 sarta koe lantaran maneh kami rek nga-
 rēmoekeun bopati-bopati reudjeung
 24 pangkat-pangkat. 'Sarta kami teh ka
 Baboel djeung ka sakabeh priboemi Kas-
 dim ' tangtoe ngabalés sakabeh kago-
 renganana, noe koe eta dipigawe di Sion,
 nja di bareupeun panon maraneh, lahiran
 Pangeran. a p. 50: 23. b p. 50: 29.
 25 ' Eh, goenoeng pangroeksakan, noe
 ngaroeroeksak saboemi kabeh! masing
 njaho, kami ngamoesoeh ka maneh, la-
 hiran Pangeran; sarta kami rek njodor-
 keun panangan kami ka loehoereun ma-
 neh, bari maneh koe kami seug didjoeng-
 kēlkeun tina batoe tjadas, didjadikeun
 26 oeroet goenoeng kahoeroean; 'datang ka
 taja noe ngala batoe ti maneh baris
 djoeroe atawa batoe baris padēmēn;
 saēnjana maneh pidjadiēun soewoeng
 27 salalanggēngna, lahiran Pangeran. 'Geura
 pada nandjeurkeun ' hidji bandera dina
 tanah; geuwat narijoep sangkakala di
 bangsa-bangsa; koedoe njaroetjikeun

bangsa-bangsa baris ngaroeroeg ka dinja; koedoe ngadjakan ka dinja karadjaan Ararat, Mini djeung Askénas; koedoe ngadjénngkeun senapatina baris ngaroeroeg ka dinja; geura ngarinditkeun koeda, sing saperti lege boeloe

28 lobana! 'Koedoe njaroetjikeun bangsa-bangsa baris ngaroeroeg ka dinja; nja eta radja-radja Madajin, djeung bopati-bopatina, sarta sakabel pangkat-pangkatna, kitoe deui djalma saeusi tanah

29 noe di bawah parentahna. 'Harita boemi teh bakal oja djeung gendjong, doemel boekti pangarsakeun Pangeran hal Baboel; ari kersana tanah Baboel didjadikeun soewoeng, wani taja djalma noe

30 ngeusian. 'Prawira Baboel geus areureun pérang, tjaritjing bae di djero benteng-bentengna, geus peped pangawasana, pada djadi ' saperti awewe; pangtjitjanganana geus disoendoetan, toelak-toelakna pararotong. 'Toekang loempat moeroe-moeroe pamprok djeung pada toekang loempat, sarta poerah lapor pamprok djeung pada poerah lapor, sedja ngoeningakeun ka radja Baboel, jen dajuhna geus dibeunangkeun ti

32 toengtoeng; 'ari peupentasan geus pada kalindih, embél-embél geus dihoeroean koe seuneu, sarta pradjoerit pada soeméblak. a 2 Eadj. 23:13. b p. 50:2 e p. 50:37.

33 Karana kijeu timbalan Pangeran sawadya-balad, Allah Israil: Anak Baboel saibarar pangirikan keur waktoe ngirik dina eta; sakedeung deui oesoem di

34 boewat pikeun eta. 'Kaoela geus dibakan, dibejakkeun koe Néboekadnesar, radja Baboel, didijjeun wadah kosong, diléglég tjara koe naga; eta ngeusian gegémboengna koe kangeunahan kaoela,

35 toer kaoela teh koe eta dihoewang. 'Panganijaja ka kaoela sarta ka awak kaoela sing malik ka Baboel, piomongeun priboemi Siou; djeung gétih kaoela sing malik ka oerang Kasdim, piomongeun

36 oerang Jérusalem. 'Koe sabab eta, kijeu timbalan Pangeran: Masing njaho, 'kami rek manggoeroeskeun prakara maneh, djeung maneh koe kami rek dipangmaléskeun; 'sarta kami rek njaatkeun laetna, djeung sirahna tjai rek ditoe

37 boerkeun. 'Ari Baboel teh éngke pidjaidieun toempoe kan batoe, 'pangtjitjangan adjag, matak méléngék, sarta tjek-

tjrekaneun, taja djalma noe ngeusian.

38 'Djalmana bakal pada ngagaoer babaréngan saperti singa; bakal pada ngagréngem tjara anak singa. 'Demi keur pada panas, eta teh koe kami rek dipangnijjeunkeun sidékah, sarta disina marabok, soepaja sina saroeke-soeka, bari seug hareés ' heés launggéng, sarta moal

40 njaring deui, lahiran Pangeran. 'Koo kami ' rek digiring ka pameuntjitan saperti anak domba, tjara domba lulaki

41 reudjeung badot. 'Amboe-amboe, 'Sesak teh sakitoe dibeunangkeunana! Pamoe-djian saboemi kabeh sakitoe kalindihna! Amboe-amboe, Baboel teh sakitoe nja djadi matak méléngék dina bangsa-bang-

42 sa! 'Baboel teh kakélém koe laot, kalipoetan koe ombakna noe ngagaoeroeh.

43 'Nagara-nagarana geus djadi soewoeng, nja djadi tanah kéng djeung tanah lapang, tanah noe teu diénggonan koe djalma hidji-hidji atjan, sarta anak

44 Adam taja noe njorang ka dinja. 'Djeung deui kami rek njiksa ka si Bel di Baboel, bari ngaloewarkeun ti soengoetna beunang eta ngaléglég; sarta bangsa-bangsa moal ngaleut-ngaleut deui ka dinja; djeung deui koeta Baboel bakal roeg-roeg. a p. 50:34. b p. 50:38. c p. 10:22; 50:13. d Djab. 76:6. e p. 50:27. f p. 25:26.

45 Eh, oemat kami! geura baridjil ti téngahna; sing pada ngarahajoekkeun diri sorangan, njingikiran béndoe Pangeran

46 noe leuwih bangét. 'Sarta maraneh oelah leutik hate, djeung oelah rek sarjjeun koe bedja, noe bakal kadenge dina tanah; karana pidatangeun bedja dina taoenna, sarta ganti taoen pidatangeun deui bedja, djeung pijsaeun panganijaja dina tanah, noe kawasa moemoesoehan djeung pada

47 kawasa. 'Koe sabab eta, masing njaho, pidatangeun mangsa, didinja kami rek njiksa ka artja-artja Baboel, djeung satanahna kabeh pimeunangeun era; sarta sakabel djalmana noe kasabét bakal

48 pagoletak di téngahna. 'Ari langit djeung boemi, sarta saeusi-eusina, ' bakal pada sésénggakan koe hal Baboel; karana toekang ngaroeksak teh tangtoe ngadatangan ka dinja ti tébeh kaler, lahiran

49 Pangeran. 'Sakoemaha Baboel geus djadi matak roeboeh noe kasabét oerang Israil, nja kitoe di Baboel méléngék rarioeboeh

50 noe kasabét saeusi tanah. 'Eh, sakoer

noo rahajoe tua pĕdang! goura laleum-
 pang, oelah rek ngarandĕg; sing nga-
 ringĕtkeun ka Pangeran ti kadjaeohan,
 sarta sing njipta Jĕroesalem dina pikir
 61 maraneh. 'Koering pada era, sabab nga-
 roeping ngahinakeunana; beungeut koe-
 ring sadaja kalipoetan koo wiwirang,
 sabab aja djalma bangsa sedjen arasoep
 62 kana kasoetjan gĕdong Pangeran. 'Pe-
 dah kitoe, masing njaho, pidatangeun
 mangsa, lahiran Pangeran, didinja kami
 rek njiksa ka artja-artjana; sarta di sa-
 koeriling tanalna mĕngke tingharĕgoeng
 63 noo kasabĕt. 'Masih Baboel naek ka
 langit, ^b djeung masih mageuhkeun ĕng-
 gonna noe lochoer nja reugreug ge, tang-
 toe bao ti kami didatangan taroekang
 64 ngaroeksak, lahiran Pangeran. 'Aja sora
 dĕdĕritan ti Baboel, djeung sora ka-
 65 roeksakan gĕde ti tanah Kasdim. 'Ka-
 rana Pangeran ngaroeksak Baboel,
 djeung ngalengitkeun ti dinja omong
 gĕde; ari ombak eta ngaoeroeh sapĕrti
 66 tjai gĕde, sorana tingdjalĕgoer. 'Wan-
 toe-wantoe eta nagara, nja eta Baboel,
 kadatangan toekang ngaroeksak, djeung
 prawira-prawirana geus dibennangkeun,
 'gondewa-gondewana geus dipeunggas-
 keun; karana Pangeran teh nja Allah
 67 naer. 'Ari kapala-kapalana djeung boe-
 djangga-boedjanggana, bopati-bopatina
 djeung pangkat-pangkatna, kitoe deui
 prawira-prawirana koe kami rek disina
 marabok; toeloj hareĕs heĕs langĕng,
 sarta moal njaring deni, lahiran Radja,
 noe padjĕnĕnganana Pangeran sawadya-
 68 balad teh. 'Kijeu timbalan Pangeran sa-
 wadya-balad: Koeta Baboel noe sakitoe
 kandĕlna mĕngke plong ngaboelilikak,
 sarta lawang-lawangna noe sakitoe loe-
 hoerna mĕngke dihoeroean koe seuneu;
 ari djalma-djalma njaroesahkeunana ma-
 neh nja tjoemah-tjoemah, sarta bangsa-
 bangsa ngarariwoedkeunana maneh nja
 baris seuneu.

^a Wabj. 18: 20. ^b p. 40: 16. ^c p. 49: 35.

59 Ijeu teh dawoehan, noe koe nabi Jĕr-
 mia didawoehkeun ka Sĕraja, poeta
 Neria, anoe poeta Mahseja, barang Sĕ-
 raja mangkat ka Baboel, ngiring Sidkia,
 radja Joeda, mangsa kaopat taoenna
 Sidkia djoemĕnĕng radja. Ari Sĕraja
 60 teja djadi kapala pasanggrahan. 'Ari eta

saniskara katjilakaan, anoe pikeunaeun
 ka Baboel teh, koe Jĕrmia disĕratkeun,
 didamĕl kitab hidji, nja eta sadajana
 pangandika noe tadi, anoe disĕratkeun
 61 pĕrkara Baboel teja. 'Pok Jĕrmia mi-
 saer ka Sĕraja: Dimana sampejan geus
 soemping ka Baboel, mangka eling, moe-
 doo ngaos ijeu sadajana pangandika;
 62 'sarta moedoe oendjoekan kijeu: Noen
 Pangeran! andjeun geus ngandika mĕng-
 gal ijeu ĕnggon, koe andjeun bade di-
 basmi, soepaja oelah aja deni noe ngeu-
 sian, bagija manoesa, bagija sasatoan;
 salĕrĕsna pidjadieun soewoeng salalang-
 63 gĕngna. 'Dĕmi geus kitoe, dimana sam-
 pejan parantos ngaos ijeu kitab, seug
 koe sampejan tjangtjangan batoe, sarta
 balangkeun sakali ka tĕngah tji Prat,
 64 'bari misaoer: "Tjara kijeu pĕtana Ba-
 boel teh mĕngke tilĕlĕp, sarta moal
 mĕnjat deui, tina sabab katjilakaan, noe
 koe kami didatangkeun ka dinja; tang-
 toe ripoeih.

^a Wabj. 18: 21.

Sĕmĕt dijeu piwoeroek Jĕrmia.

PASAL 52.

Oemoer^a Sidkia keur mangsa djadi radja
 salikoer taoen, sarta sawĕlas taoen
 ngaradjaanana di Jĕroesalem; ari dĕ-
 nĕngan iboena Hamoet al poeta Jĕrmia,
 2 oerang Libna. 'Dĕmi Sidkia teh milam-
 pah noe goreng di pajoeneun Pangeran,
 3 sakoemaha lampah Jojakim teja. 'Ka-
 rana pangdatang kitoe ka Jĕroesalem
 djeung ka Joeda teh, nja tina bĕndoe-
 ning Pangeran, nĕpi ka pada dipitjeun
 ti pajoeneunana. Ari Sidkia teh baha
 4 ka radja Baboel. 'Dĕmi geus kitoe, ^b
 mangsa kasalapan taoenna Sidkia djoe-
 mĕnĕng radja, dina boelan noe kasa-
 poeloeh, dina tanggal sapoeloeh, soem-
 ping deni Nĕboekadnesar, radja Baboel,
 sarta njandak sabaladna, ngaroeroeg
 ka Jĕroesalem; seug masanggrahan, ngal-
 ingkoeng nagara, sarta ngadamĕl ben-
 5 teng sakoeriling nagara. 'Ari nagara teh
 dikĕpoengna tĕpi kana kasawĕlas taoen-
 6 na Sidkia djoemĕnĕng radja. 'Dina boe-
 lan noe kaopat, dina tanggal salapan,
 bangĕt nja patĕkĕlik di dĕro nagara,
 wani djalma eusi tanah taja pisan ha-
 7 kaneun. 'Toeloj nagara teh bĕdah, sarta
 sakabeh pradjoerit ngalolos, boedal ti
 nagara ti penting, djalan lawang dina

sĕla-sĕla doewa koeta, noe pabĕnĕran taman radja; ari oerang Kasdim teh aja di sakoeriling nagara; kĕbat lalĕum-
 8 pangna ngadjoejdjoej tĕgal lapang. 'Tatapi balad oerang Kasdim ngaroĕdag njoesoel ka radja; heug Sidkia kasoesoel di tanah lapang Jĕribo; sarta sabaladna kabeh paboerisat ti andjeunna.
 9 'Pek radja ditangkĕp, ' bari seug di-deuheuskeun ka radja Baboel, ka nagara Ribla, di tanah Hamat; toeloj andjeunna dihoekoeman. 'Ari poetra Sidkia noe pamĕgĕt koo radja Baboel dipeuntjitan di pajoenĕn sotjana; malah sakabeh kapala Joeda dipeuntjitan di Ribla.
 11 'Djeung deui sotja Sidkia dilolongkeun, sarta salirana dirante tambaga, bari andjeunna toekoej koe radja Baboel dibawa ka Baboel, sarta dirawatan di ĕnggon sakitan, nĕpi ka poĕanana maot.

a 2 Radj. 24: 18. b 2 Radj. 25: 1. c 39: 1. Jch. 24: 1. c p. 39: 5.

12 Dĕmi dina boelan noe kalima, dina tanggal sapoeloeh, nja eta kasalapan-wĕlas taoenna Nĕboekadnesar, radja Baboel teja, djoemĕng radja, harita Nĕboesaradan, kapala toekang peuntjit, poerah marĕk di pajoenĕn radja Baboel,
 13 datang ka Jĕroesalem. 'Toeloj ngahoeroean gĕdong Pangeran djeung gĕdong radja; sarta sakabeh imah noe di Jĕroesalem, nja eta sakoer imah noe di gĕde-gĕde, dihoeroean koe seuneu. 'Ari sakabeh koeta Jĕroesalem sakoeriling dibongkar koo sabalad oerang Kasdim, noe ditjĕkĕl koe kapala toekang peuntjit teja. 'Djeung deui djalma miskin sawareh, sarta sesa bala, noe kari di djĕro nagara, barĕng noe pada ngalejos, noe geus njĕrabkeun manĕh ka radja Baboel, sarta djeung sesa djalma loba, dibojong koe Nĕboesaradan, kapala toekang peuntjit. 'Tatapi eusi tanah noe miskin mah koe Nĕboesaradan, kapala toekang peuntjit, ditinggalkeun sawareh, baris ngĕbon anggoer djeung milampah
 16 tani. 'Ari ' noe doewa pilar tambaga, noe di gĕdong Pangeran, sarta tĕmpat paso, kitoe deui lalaoetan tambaga, noe di gĕdong Pangeran teja, koe oerang Kasdim diparotongan; seg sakabeh tambaga diakoetan ka Baboel. 'Malah daloeng-daloeng, sodok-sodok, peso-peso, pangepret-pangepret djeung pisin-pisin,

sakabeh bae parabot tambaga, noe di-
 19 pake ngabakti teja, dibarawa. 'Kitoe deui bokor-bokor, paroekoejan-paroekoejan, pangepret-pangepret, daloeng-daloeng, adjoeg-adjoeg, pisin-pisin djeung pinggan-pinggan; naon bae sipat ĕmas, djeung naon bae sipat perak, koo kapala toekang peuntjit teh dibawa.
 20 'Moenggoehing eta doewa pilar, hidji lalaoetan djeung noe doewa wĕlas sapisan tambaga, noe ti handapeun tĕmpat-tĕmpat paso, beunang ngadamĕl radja Soeleman pikeun gĕdong Pangeran teja, tambagana eta sakabeh paparabotan taja timbanganana. 'Ari pilar teja, b loehoerna pilar noe hidji dalapan wĕlas asta, sarta dioekoerna tĕpoeng-gĕlang koe rara doewa wĕlas asta; dĕmi kandelna opat ramo, ngoeloewoeng. 'Sarta mamakoetaĕn noe dina loehoer eta tambaga; ari loehoerna hidji mamakoetaĕn teh lima asta; djeung aja anjaman sarta dadalimaĕn dina mamakoetaĕn teh sakoeriling, kabeh tambaga; nja kitoe kenĕh pilar noe hidji deui sarta dadalimaĕnana. 'Ari rejana dadalimaĕn teh salapan poeloeh gĕnĕp, ti sakabeh beulah; djoemlah dadalimaĕn saratoes siki
 21 dina anjaman sakoeriling. 'Djeung deui kapala toekang peuntjit teh ' njokot Sĕraja, loeloegoe panghoeloe, djeung Sĕpanya, panghoeloe kadoewa, sarta noe tiloe poerah ngadjaga bangbaroeng;
 23 'toer eta teh ti nagara njokot hidji ponggawa, noe ditjangkingan pradjoerit, djeung toedjoeħ djalma ti noe bakoe marĕk di pajoenĕn radja, noe kapanggih di djĕro nagara, kitoe deui djoeroetoelis kapala balad, noe ngasoepkeun djalma eusi tanah kana balad, sarta gĕnĕp poeloeh djalma kaĕsoep eusi tanah, noe kapanggih di djĕro nagara.
 26 'Nja eta sadajana dibawa koe Nĕboesaradan, kapala toekang peuntjit, digiring ka radja Baboel, ka Ribla. 'Pek koo radja Baboel disabĕtan, diparaĕhan di Ribla, di tanah Hamat. Tah, kitoe Joeda teh dibojongna ti djĕro tanahna.

a 2 Radj. 25: 13. b 1 Radj. 7: 15. c 2 Radj. 25: 18.

28 Nja ijeu djalma-djalma, noe dibojong koe Nĕboekadnesar: dina taoen noe katodjoeħ ngabojongna tiloe rebos tiloe
 29 likoer Jahoeħ; 'dina taoen kadalapan-wĕlasna djoemĕng Nĕboekadnesar,

ngabojongna ti Jérusalem dalapan ra-
30 toes tiloe poeloeh doewa djiwa; 'ari
dina taoen katiloe-likoerna djoemēnēng
Nēboekadnesar, harita Nēboesaradan,
kapala toekang penntjit teja, ngabo-
jongna Jabodi toedjoech ratoes opat
poeloeh lima djiwa. Djoemlah opat re-
boe gēuēp ratoes djiwa.

31 Ari geus kitoe, " mangsa katiloe-poe-
loeh toedjoech taoenna dibojongna Joja-
kin, radja Joeda teja, dina boelan noe
kadoewa-wēlas, dina tanggal doewa poe-
loeh lima, harita Ewil-Mērodak, radja
Baboe, dina taoen djadina radja, njēng-

katkeun mastaka Jojakin, radja Joeda,
32 dika-loewarkeun ti pangberokan; 'sarta
saneh pisan misaoerna ka andjeunna,
djeung dipaparin pangtjalikanana loe-
hoer ti batan pangtjalikan radja noo
loba, noe araja di andjeunna di Baboe;
33 'malah disalin panganggona ti pangbe-
rokan, sarta teu loewang Jojakin dahar
34 di pajoeneunana sae moer-hiroepna. 'Ari
moenggoehing kipajahna, teu loewang
andjeunna dipaparin kipajah ti radja
Baboe, satjēkapna dina oenggal-oenggal
poē, nēpi ka poēanana poepoes, sae-
moer-hiroepna.

a 2 Eadj. 25 : 27.

NJANJIAN NALANGSA.

DAMĒLAN JĒRMIA.

PASAL 1.

Amboc-amboc, sakitoe dijoekna tjoeng-
gēlik eta nagara noe tadina soegih
djalma! Geus djadi sapērti randa. Eta
noe tadina gēde di pēlēbah bangsa-bang-
sa, noe djadi kapala di pēlēbah tjoetak-
tjoetak, kamistian koemawoela.

2 Tjeurikna kanjēnjērian sapeuputing,
sarta tji-panonna moeroeboet tina pipi-
na; sakabeh kanjaāhna taja pisan noe
ngoepahan ka dinja; sakabeh sobatna
tjalidra ka dinja, geus pada djadi moe-
soehna.

3 Joeda geus dibojong tina kabalang-
sakan, djeung tina kabangētan koema-
woela; tjtjingna di pēlēbah oerang kapi-
r, hanteu manggih reureuh; koe sakoer noe
ngoadag-ngoadag ka dinja Joeda teh ka-
soesoel dina antara goepitan.

4 Djalan ka Sion pada prihatin, tina taja
noe datang " milampah pesta; sakabeh la-
wangna sarowoeng; panghoeloena ting-
roemahoeh; " landjang-landjangna pada
nalangsa, sarta dirina ngēnēs bae noe aja.

a 2 Moesa 23 : 17. b p. 2 : 10.

5 Satroena geus djaradi loeloegoe, moe-
soehna garēnaheun; wantoe Sion teh koe
Pangeran geus dinalangsakeun tina ka-
lobaān masijatna; baroedakna geus la-

leumpang ka pangdjarahan, diiringkeun
koe satroe.

6 Sarta " ti anak Sion geus ka loewar
sakoer kamoeljaānana; kapalana geus
djaradi sapērti oentjal noe teu manggih
pangangonan, sarta geus arangkat bari
taja tanaga, diiringkeun koe noe nga-
nijaja.

a Jsa. 1 : 8.

7 Jérusalem, mangsa keur kabalangsak
sarta keur atrok-atrokan, ras ingēteun
ka sakabeh barangna noe moelja-moelja,
bogana ti djaman koena. Eukeur roeboeh
djalmana koe leungeun satroe, bari taja
noe noeloeng ka dinja, ret satroena pada
ngadēlek ka dinja, njeungseurikeun hal
kasowoenganana.

8 Jérusalem angēt pisan nja milampah
dosa; sabab kitoe geus djadi " sapērti
awewe keur kotor; sakoer noe tadina
ngahormat ka dinja, ajeuna mah ngahi-
nakeun, " sabab geus pada nendjo oratna;
malah dirina roemahoeh, bari oendoer
ka toekang.

a Jsa. 36 : 17. b Jer. 13 : 22.

9 Kanadjisanana napēl kana kēlinna;
teu ngingētkeun pitēmaheunana; mana
ajeuna geus toeroen, wani matak belok;
taja noe ngoepahan ka dinja. Eh Pa-
ngeran! moegi ningalan kabalangsakan
koering; karantēn moesoeh teh ngagē-
dekeun maneh.

- 10 Satroe teh " geus njodorkeun leungeun-na, njokotan saniskantén barangna noe moelja-moelja; sajaktosna koe Jérusalem katendjo " kasoetjianaana diasoeupan oerang kapi, anoe koe andjeun geus ditimbalkeun, " jen teu kenging arasoep ka pakoempoelan andjeun.
a Jer. 52:17. b Djab. 79:1. c 5 Moesa 23:3.
- 11 Sadaja djalmanna patingroemahoe, pada nejangna tédacun; barangna noe aloes-aloes dioeroepkeun kana katédaän, pikeun njéangkeun diri. Eh Pangeran! moegi ningalan saréng moegi ngawaspaoskeun, jen koering teh djadi hina.
- 12 Eh, sakoer noe ngaliwat di djalan! teu hawatir! Geura pada ngawaspada-keun sarta narégskeun, moen aja kasangsaraan saroepa kasangsaraan kaeola, anoe geus dikeunakeun ka kaeola, lantaran Pangeran nganalangsakeun ka kaeola keur poean bangét bendoena.
a Jer. 30:14.
- 13 Andjeunna ti manggoeng " ngadatangkenn seuneu ka djero babaloeng kaeola, sarta eta djadi moerba ka dinja; soekoe kaeola koe andjeunna ditabeunan rawe, kaeola dioenderkeun ka toekang; kaeola koe andjeunna didjadikeun soewoeng, gering sapopoé.
a Djab. 102:4.
- 14 Pasangan kamasijatan kaeola geus ditallikeun koe panangan andjeunna, pabeulit tambangna, naroempang dina poendoek kaeola; kakoewatan kaeola koe andjeunna geus diapéskeun; kaeola koe Goesti geus diselehkeun ka leungeun djalma noe teu beunang dilawan koe kaeola.
- 15 Sakabel prawira kaeola koe Goesti geus disapirakeun di téngah kaeola; " andjeunna geus ngoewarkeun bakal aja pesta tina hal kaeola, kersana ngaroeksak baroedjang kaeola; parawan, anak Joeda, koe Goesti geus diidék, kawas dina pamérésan.
a p. 2:22.
- 16 Tina hal kitoe kaeola teh tjeurik; " mata kaeola, mata kaeola ragragan tjipanon, tina sabab anoe baris ngoepahan, anoe baris njéangkeun ka diri kaeola, ajeuna djaoeh ti kaeola; anak kaeola saroewoeng, tina sabab moesoeh geus djadi kawasa.
a Jer. 13:17; 14:17.
- 17 Sion nadalikeun leungeunna; taja noe ngoepahan ka dinja; Pangeran miwarang hal Jakoe, sakoer noe sakoerlingna koedoe pada ngamoesoeh ka dinja; Jérusalem geus djadi saperti awowe keur kotor di antara maranehanana.
- 18 Pangeran teh langkoeng adil; karana kaeola moengpang ka timbalanana. Eh, sakabel bangsa-bangsa! geura darenge-keun, sarta tarendjokeun kasangsaraan kaeola; landjang-landjang kaeola djeung baroedjang kaeola geus lalumpang, asoep ka pangdjarahan.
- 19 Kaeola sasambat ka kanjaan kaeola, " tatapi pada tjidra ka kaeola; panghoeloe kaeola djeung kokolot kaeola geus pada ninggal di djero nagara eukeur narengan dahareun pikeun njéangkeun dirina.
a Jer. 30:14.
- 20 Eh Pangeran! moegi ningalan jen koering teh langkoeng soekér; " beuteung koering ngagolak; hate koering boelak-balik di djero diri koering; karantén koering angét pisan uja moengpang; " di loewar koering kalapoeran anak koe pédang, di djero kawas kaénggonan maot.
a p. 2:11. b Jer. 7:15.
- 21 Itoe ngadarengen koering roemahoe; taja noe ngoepahan ka koering; sadajana moesoeh koering geus ngadarengo bedja katjilaan koering, pada atohun sabab andjeun midamél kitoe. Ana andjeun ngadongkapkeun poé, " noe koe andjeun dioewarkeun teja, tinangtos eta djaradi sapertos koering.
a Jer. 50:15.
- 22 Saniskantén kaawonana moegi sina dongkap ka pajoeun andjeun; saréng moegi midamél ka dinja sakoemaha andjeun geus midamél ka koering tina hal saniskantén kamasijatan koering. Karantén roebah-raheh koering raja pisan, saréng hate koering gering.

PASAL 2.

Amboe-ambue, anak Sion teh koe Goesti sakitoe disina kareueukan dina sadjé-
ro andjeunna doeka! Kamoeljaän Israél koe andjeunna ti langit geus ditinggang-
keun ka boemi, djeung teu emoetun ka " djodjodog dampalna keur poean andjeunna doeka.
a Djab. 99:5.

2 Goesti geus ngaléglég sakabel pang-
tjtjingan Jakoe, banteu dipikawélas; Goesti geus ngaroentoehkeun énggon anak Joeda noe rarengreug dina sadjéro andjeunna bendoe; pada diratakeun djeung taneuh; karadjaän djeung kapala-kapalana koe andjeunna geus dinistakeun.

- 3 Andjeunna dina sadjéro sewot bëndoe-
na " nilas sakoer tandoek Israil; leu-
ngeunna katoehoe koo andjeunna geus
dipoenderkeun ka toekang ti hareupeun
moesoe; ^a sarta andjeunna ngagédöer di
Jakoeb saperti seuneu hoeroeng, noe nga-
lêhoer sakoeriling. ^{a Jer. 49: 25. b Jer. 17: 27.}
- 4 Goesti " geus mëntang gondwana
saperti moesoe; andjeunna ngadég sa-
jagi panangan têngén saperti satroe,
sarta geus meuntjitan sakabeh karés-
pan mata; andjeunna ka djéro himah
anak Sion ngoetjoerkeun wërana saperti
seuneu. ^{a Djab. 7: 13.}
- 5 Goesti geus djadi saperti moesoe;
andjeunna geus ngaléglég Israil, ngalé-
lég sakabeh karatonna, ngaroeksak éng-
gonna noe rareugreug; sarta andjeunna
di anak Joeda loba pisan ngajakeun
gégéroengan djeung baharégöengan.
- 6 Ari pondok andjeunna koo andjeunna
geus diroempak, saperti pondok kébön;
" énggonna tépangan koe andjeunna
geus diroeksak; Pangeran ngérsakeun di
Sion pada poho kana pesta djeung kana
sabat, sarta andjeunna dina sadjéro se-
woting bëndoeana geus mitjeun radja
djeung panghoeloe. ^{a 1 Radj. 8: 4.}
- 7 Goesti " geus njingkahkeun altarna,
ngepeskeun kasoetjiana; koeta kara-
ton-karatonna koe andjeunna geus di-
selehkeun ka leungeun moesoe; raong
sowarana di djéro gédong Pangeran sa-
tjara keur poé pesta. ^{a Jer. 7: 14.}
- 8 Pangérsakeun Pangeran ngaroeksak
koeta anak Sion; andjeunna " geus ma-
sangkeun këntja, teu ngoenderkeun
pananganana tina ngabasmu; ari ben-
teng djeung koeta koe andjeunna geus
diprihatinkeun, sarejana araloem.
^{a 2 Radj. 21: 13.}
- 9 Lawang-lawangna aramlés ka djéro
taneuh; toelak-toelakna koe andjeunna
geus digémpoe, dipotong-potong; radja-
na djeung kapala-kapalana araja di oe-
rang kapi, noe teu boga toret; " djeung
ari nabi-nabina geus teu mareunang
tetendjoan ti Pangeran. ^{a Djab. 74: 2.}
- 10 Para kokolot anak Sion tjalarik dina
taneuh bari ngadéroek; " geus pada
neundeun taneuh ngéboel dina sirahna,
sarta disaramping karoeng; landjang-
landjang Jérusalem pada noengkoel-
keun sirahna kana taneuh. ^{a Jos. 7: 6.}
- 11 " Mata kaeola roeksak koe tji-panon,
beuteung kaeola ngagolak, ^a kawaja ka-
eola geus dibalikeun kana taneuh, tina
hal karoeksakan anak bangsa kaeola;
sabab boedak djeung orok pada ngago-
lojoh di loeloeroeng nagara.
^{a p. 1: 16, 20. b Aj. 16: 13; Sü. 7: 23.}
- 12 Ngaromongna ka indoeng-indoengna:
Di mana aja roti djeung anggoer? bari
broek ngagoloh di loeloeroeng nagara,
tjara noe kasabét, bari namplokkeun
njawana kana lahoenan indoengna.
- 13 Koemaba kaeola nja pingingétaneun
ka maneh? Naon noe koe kaeola rek
dioepamakeun ka maneh, anak Jérösa-
lem? Naon noe koe kaeola rek diibarat-
keun ka maneh, soepaja kaeola bisa
ngoepahan ka maneh, parawan, anak
Sion? " karana karoeksakan maneh gède
tjara laoe; saha noe bisa njageurkeun
ka maneh? ^{a Jer. 30: 12.}
- 14 " Nabi-nabi maneh geus pada mang-
méléngkeun ka maneh anoe gapong nja
teu moepakat; sarta eta teu nganjarata-
keun kadorakaan maneh, teu mambrih
soepaja dibojongna maneh dibalikkeun;
énjana mah mangwéléngkeunana ka ma-
neh babawaan gapong, sarta noe matak
diboewang. ^{a Jer. 2: 8; 5: 31.}
- 15 Sakoer noe ngaliwat di djalan pada
emprak-emprakan tina hal maneh; pada
njektjrekan bari gogodég, tina hal anak
Jérösaalem; [pokna]: Koetan nja ijeu
nagara, noe sok disaréboet " tjtajp koe
aloes, matak atoh saeusi boemi teja!
^{a Djab. 50: 2.}
- 16 Sakabeh moesoe maneh " pada nja-
langapkeun soengoetna tina hal maneh;
pada njektjrekan bari karoemérot boen-
toe; aromongna: ^b Koe oerang eta geus
diléglég; poegoeh nja ijeu poéna noe
diarép-arép koe oerang; ajeuna oerang
geus manggih, geus narendjo.
^{a Djab. 22: 14; p. 3: 46. b Djab. 35: 25.}
- 17 Pangeran geus ngadamél pangérsana;
geus ngaboektikeun pangandikana, noe
koe andjeunna ditimbalkéun ti djaman
koena-koena; andjeunna geus ngaroen-
toehkeun, sarta hanteu dipikawélas;
djadi andjeunna geus ngaboengahkeun
moesoe tina hal maneh, " ngaloehoer-
keun tandoek satroe maneh. ^{a Djab. 9: 18.}
- 18 Hato sadajana sasambat ka Goesti.
Éh, koeta anak Sion! sing ugoetjoer tji-

panon saperti soesoekan, beurang-peuting; papatjoewan maneh rek tjitjing; siki mata maneh oelah sina eureun!

19 Geura hoedang, sasambat ti peuting, keur waktue ronda noe mimiti; * oetjoetkeun hate maneh saperti tjai ka pajoeuneu pameunteu Goesti; djoeng-djoengkeun leungeun maneh ka andjeunna tina hal ujava baroedak maneh, anoe tinggolojoh dina pepengkolau sakabel loelocroeng bawaning langlajeuseun!

a Djab. 62:9

20 Èh Pangeran! * moegi ningalau sarèng ngawaspaoskeun noe koe andjeun geus didamel kitoe. * Naba awewo kédah ngahakan boewahna sorangan, baroedak noe sok ditiitimang! Naba panghoeloe djeung nabi kédah dipaehlan di djero kasoetjian Goesti? a p. 1:20. b p. 4:10.

21 Noe ngora sarèng noe kolot ngalondjor dina taneuh, dina loelocroeng; landjang-landjang koering sarèng baroedjang koering geus raroeboeh koe pèdang; koe andjeun eta geus dipaehkeun keur poean bèndoe andjeun; koe andjeun geus dipeuntjitan, * sarèng hanteu dipikawélas. a p. 3:43.

22 Andjeun geus ujaer * panjingsijeunan ka koering ti sakoeriling, sapertos noe disaoer * kana poè pesta; sarèng keur poean bèndoe Pangeran taja noe minggat atanapi ngédjat; anoe koe koering ditiitimang sarèng digédéan teja, geus dibekkeun koe moesoeh koering.

a Jer. 6:25. b p. 1:15.

PASAL 3.

Ijeu kaola djalma, noe ngarasa kabalangsakan, * koe panggéboeg bèbèndoe-
na. 'Kaoela koe andjeunna ditjandak, * ditoejoen ka noe poèk, lain ka noe tjaang.

3 'Estoe pananganana boelak-balik ka kaola, sarta ganti-ganti, sapopoè. a Aj. 21:9. b Aj. 30:26.

4 Daging kaola djeung koelit kaola koe andjeunna geus disina ropoh; toelang-toelang kaola koe andjeunna geus diparotongkeun. 'Andjeunna geus ngadégkeun baris ngamoesoeh ka kaola, sarta kaola dilingkoeng koe hampéroeh djeung kasoesahan. 'Kaoela koe andjeunna geus diénggonkeun di noe paroèk, * saperti noe parach baheula. a Djab. 143:3.

7 Kaoela koe andjeunna geus dipagér ti sakoeriling, wani kaola teu bisa ka loe-

war; rante kaola koe andjeunna geus disina beurat. 'Samalah * ari kaola sasambat sarta ngadjèrit, pandak kaola koe andjeunna ditoelak. 'Djalan kaola koe andjeunna geus dipénggèl koe batot tatalan; sorangeun kaola koe andjeunna geus dipoengkal-pengkolkeun.

a Aj. 19:7. b Aj. 19:8.

10 Andjeunna ka kaola djadi saibarar biroowang keur ngadodoho, tjara singa di djero panjoempoetan. 'Djalan kaola koe andjeunna geus disimpangkeun, sog kaola dirèrdjet; kaola koe andjeunna geus didjadikeun soewoeng. 'Andjeunna * geus méntang gondowana, sarta kaola didjadikeun saperti boelan-boelan pikeun djamparing. a p. 2:4.

13 Eusi wadahlma djamparing * koe andjeunna disina nantjèb kana kaboeboe-wahan kaola. 'Kaoela * geus djadi seungseurikeuneun sakoer noe sabangsa djeung kaola; kaola koe eta dipako kakawihan sapopoè. 'Kaoela * koe andjeunna dipiseubeuhan papaitan, disina weureu koe alsém. a Aj. 6:4. b Aj. 12:4.

Jer. 20:7. c Aj. 9:18.

16 Hoentoe kaola koe andjeunna geus dirèmoekkeun koe keusik; awak kaola koe andjeunna geus dioeroegan koe lè-

17 boe. 'Njawa koering koe andjeun geus didjaoehkeun tina kasénangan; koering geus hilap di kangeunahan. 'Ari omong kaola: Kasantosaan aing geus leungit, kitoe deui pangharèpan aing ti Pangeran.

19 Moegi emoet kana kabalangsakan koering sarèng kana atrok-atrokan koering, kana alsém sarèng kana hampéroeh!

20 'Hate koering teu wèleh ingét ka eta,

21 sarèng toengkoel di djero koering. 'Ijeu noe koe kaola diplingét, hal kieu noe koe kaola rek dipake pangarèp-ngarèp:

22 * Nja kaasilan Pangeran noe matak kaola sadaja hanteu datang ka toempes, sabab kawélasanana hanteu keuna koe bejak; 'estoena mah oenggal-oenggal isoek eta anjar deui; katoehoean andjeun langkoeng agoeng. 'Pangeran * doeoeman aing, tjék hate kaola; pedah kitoe kaola sèdja ngarèp-ngarèp ka andjeunna. a Neh. 9:31. b Djab. 73:26.

25 Pangeran teh moerah ka sakoer noe ngarèp-ngarèp ka andjeunna, ka njawa noe nejang andjeunna. 'Hade pisan

djalma ngarëp-ngarëp djeung asrahna
27 kana kasalametan Pangeran. 'Hado pi-
san di lalaki, moendak pasangan eukeur
ngora.

28 Eta koedoo dijoek tjoenggölik sarta
tjitjing; karana nja andjeunna noe nê-
29 rapkeun inja ka manehana. 'Koedoe
njoesoepeun soengoetna kana taneuh;
30 malah-mandar aja pangharëpan. 'Koedoe
"njodorkeun pipina ka noe nampiling;
sing seubeuh koe kahinaan. a Mat. 5:39.

31 Karana Goesti moal noendoeng sala-
32 langgengna. 'Enjana ari andjeunna geus
nganalangsakeun, "tangtoo wêlaseun,
noemoetkeun kagêdean kaasihana.
33 'Karana ari njoeërkeunana djeung nga-
nalangsakeunana ka anak djalma lain
tina manahna. a Djab. 30:6.

34 Tjap-tjap aja noe ngaroempak saka-
bel sakitan boemi di handapeun soe-
35 koena; 'tjap-tjap "aja noe njerongkeun
bêbênrân djalma di pajoeuneun pameun-
36 teu noe Langkoeng Agoeng; 'tjap-tjap
aja noe ngabengkokkeun prakara ma-
noesa: koe Goesti ten katingali?

a 2 Moesa. 23:6.

37 Saha noe ngomong kijeu-kijeu, anoe
toeloj djadi, moen taja timbalan Goesti?
38 'Lain ti baham noe Langkoeng Agoeng
teja "bidjilna katjilakaan djeung ka-
39 bagdjaan? 'Koe naon manoesa keur hi-
roep sok adoeh-adoehan? Oenggal-oeng-
gal djalma adoeh-adoehan teh koedoe
tina hal dosana. a Am. 3:6.

40 Hajoe, oerang nitik-nitik djalán oe-
rang, sarta oerang waspadakeun, djeung
41 oerang baralik ka Pangeran! 'Hajoe, "oerang
djoengdjoengkeun hate oerang
kalawan leungeun ka Allah noe linggih
42 di sawarga! 'Koering sadaja "tarima
masijat sarëng moengpang; koe andjeun
hanteu dihampoera. a Djab. 28:2. b Dan. 9:5.

43 Andjeun geus mindingan mantén koe
bëndoe, sarëng ngoebrak-ngabrik ka koe-
ring sadaja; andjeun geus maekkeun,
44 hanteu mikawêlas. 'Andjeun "geus min-
dingan mantén koe mega, soepaja pa-
45 nêda oelah kêbat. 'Koering sadaja "b
koe andjeun geus didjadikeun sapértos
roentah sarëng pipitjeunan di tengah
bangsa-bangsa. a Aj. 22:14. b 1 Kor. 4:13.

46 "Sadajana moesoeh koering pada nja-
langapkeun soengoetna tina hal koering.
47 'Koering "pada kataradjang sijeun sa-

rëng lombang, kataradjang karoesoehan
48 sarëng karoeksakan. 'Panon kaeola "ngoe-
tjoer soesoekan tjai, tina hal ka-
roeksakan anak bangsa kaeola.

a p. 2:10. b Jer. 49:43. c Djab. 119:126.

49 Mata kaeola njoeroedoet teu eureun-
50 eureun, taja pégatna, 'dongkap ka Pange-
51 ran mëlóng, sarta ningali ti sawarga. 'Pa-
non kaeola matak peurih kana hate, tina
sakabeh anak nagara kaeola noe awewe.

52 Noe djaradi moesoeh kaeola teu kara-
na sabab, habên pada moro ka kaeola,
53 sapérti ka manoeck. 'Pati kaeola "pada
ngabasmî dina gorowong, sarta pada
54 nenggoran ka kaeola koe batoe. 'Tjai nga-
lapoet kana sirah kaeola; omong kaeola:
Aing teh dimangsakeun!

a Jer. 38:6.

55 Èh Pangeran! "koering geus sasam-
bat ka padjêbengan andjeun ti djêro
56 gorowong panghandapna. 'Sowara koe-
ring koe andjeun geus dimakboel; moegi
oelah ngaljeuskeun tjépil andjeun, pèr-
kawis roenghap-renghap koering, pèr-
57 kawis koering ngadjêrit. 'Andjeun teh
parék kala-mangsa koering sasambat ka
andjeun; timbalan andjeun: Maneh oelah
sijeun-sijeun!

a Djab. 68:7, 14.

58 Andjeun, Goesti! "geus mangngoeroes-
keun prakawis njawa koering; nja an-
djeun noe geus ngadjait pati koering.
59 'Noen Pangeran! andjeun geus ningali
dina paneungteuinganan ka koering;
60 moegi koering dipaparin kaadilan. 'An-
djeun geus ningali sadaja pamalésna,
saniskantén pakarëpanana ka koering.

a Jer. 50:34; 51:36.

61 Andjeun, Pangeran! "geus ngadangoe
ngaharinakeunana, sarëng saniskantén
62 pakarëpanana hal koering; 'omongan
sakoer noe ngamoesoeh ka koering, sa-
rëng nejangnana pitjilakaeun koering
63 sapopoë. 'Djoeckna sarëng hoedangna
moegi koe andjeun diwaspaoskeun;
koering koe maranehanana dipake ka-
kawihan. a Djab. 74:18.

64 Noen Pangeran! "moegi moelangkeun
balésan ka darinja, noemoetkeun paga-
65 wean leungeunna. 'Moegi koe andjeun
eta pada dipaparin kateuasan hate;
"moegi pada dikeunaan panjapa an-
66 djeun! 'Moegi koe andjeun eta pada
diodag koe bëndoe, sarëng moegi pada
ditoempoer, dileungitkeun ti kolong la-
ngit Pangeran! a Djab. 28:4. b Jer. 10:23.

PASAL 4.

Amboe-amboe, émas teh sakitoe dja-
dina soerém, émas toelen teh saki-
tote owah roepana! Sosotja kasoetjian
geus diawoer-awoerkeun di pepengkolan
sakabeh loeloeroeng.

² Anak Sion lalaki, noe sakitoe maroel-
jana, noe satimbang émas pangaloesna,
amboe-amboe, ajeuna mah diaritoeng
saharga kèndi sipat taneuh, boewatan
leungeun pandjoenan!

³ Sanadjan adjag njodorkeun soesoe,
njosoean anakna; sabalikna aweue
bangsa kaola mah geus djadi sasang-
kléng, * tjara manoeke naam di tégal
lèga.

⁴ Letah orok * rapèt ka lalangitna ba-
waning balabbab; baroedak * pada menta
hakaneun, tapi taja noe mere ka darinja.

⁵ Noe tadina dalaharna noe ngareunah-
ngeunah, ajeuna mah kalempohan di loe-
loeroeng; anoe asal dimemenan pakena
djarian.

⁶ Ari kadorakaân * anak bangsa kaola
gède * alah batan dosa Sadoemoe, noe
dibalik dina sakitjeup mata, sarta taja
noe tjape leungeunna koe karana eta.

⁷ Ari gègèdenna tadina harerang alah
batan saldjoé, ngarèplak alah batan tji-
soesoe; pada beureung salirana alah
batan intèn mirah, dèdègna lir intèn
uilém.

⁸ Ajeuna mah roepana hideung alah
batan mohong; djalma pada pangling di
loeloeroeng; koelitna rakèt kana toe-
langua; estoe garing, djadina saperti
pangpoeng.

⁹ Ménding noe kasabèt koe pèdang ti
batan noe kasabèt koe langlajuseum;
karana eta mah pachi lalaoenan, diti-
roekan, tina taja hasil taneuh.

¹⁰ Leungeun aweue warélasan * datang
ka ngoeloeb anakna sorangan; nja eta
djadi kabakananana keur mangsa ka-
roeksakan anak bangsa kaola.

¹¹ * Pangeran geus njatjapkeun wérana,
ngoetjoerkeun bendoena noe leuwih ba-
ngét; sarta andjeunna geus ngajukeun
seuneu di Sion, noe ngaléhoer padémén-
padémenna.

¹² Radja-radja noe di loemi djeung dja-
ma saensi djagat teu ngaradjaan, den
satroé djeung moesoeh ngaradjaan, den
lawang Jérusalem.

¹³ Pangkitoe teh * tina dosa nabi-nabi,
tina kadorakaân panghoeloe-panghoeloe,
loena, noe sok ngaloetjoerkeun di djeu-
nagara * gètih djalma noe balèner.

¹⁴ Pada galobwang-galobwang di loelo-
roeng-loeloeroeng saperti djalma loelo-
sarta rarègél koe gètih, wani djalma
teu kongang antél kana papakanana.

¹⁵ Pada ngagéroan ka dinja: Geura nja-
lingkir, nadjis! geura njalingkir, geura
njalingkir, oelah maraneh antél! Ana
kalaboer djeung ngalantoer, djalma di
bangsa kapisir pada ngomong: Noe kitoe
oelah toeloé ngantjik.

¹⁶ Koe pamunteu Pangeran eta geus
dipaboerantakkeun; ka-hareupna an-
djarinja; ka beungent panghoeloe taja
noe ngadjoengdjoeng, ka noe kolot taja
noe mikaroenja.

¹⁷ Ari panon kaola sakabeh masih ka-
ngén datang ka roeksakna * ka panoe-
loeng kaola noe sija-sija teja; kaola
dina paranti mèlong pada mèlong ka
hidji bangsa noe teu bisaen njalanét-
keun.

¹⁸ Moesoeh * pada moeroe kana lengkah
kaola sakabeh, noe matak kaola teu
bisa leumpang dina loeloeroeng kaola;
kaola geus deukeut ka panoengtoengan,
oemoer kaola geus toetoe; estoe geus
nèpi ka panoengtoengan kaola sakabeh.

¹⁹ Anoe ngaroelag-ngoelag ka kaola pa-
da * kéntjèng alah batan galoeadra awang-
awang; di goenoeng-goenoeng pada
ngoelak-ngablik ka kaola, di tégal
lèga pada masang baja ka kaola.

²⁰ Ambèkan iroeng kaola sakabeh, nja
eta lisahan Pangeran, noe koe kaola
sakabeh diomongkeun hajang hiroep di-
na hijeunna di pèlèlah oerang kapisir
teja, * geus dibeunangkeun koe piloe-
wang djijeunna.

²¹ Eh, anak Edom, priboemi tanah Oes!
masing atoh nja boengah; * loemoer
teh ka maneh ge pidatangem; éngke
maneh mabok sarta ditarandjag.

- 21 Kadorakañ maneh, anak Sion! ěngke bejak; ka-hareupna maneh koe andjeun-na moal disina dibojong deui; děmi kadorakañ maneh mah, anak Edom! ěngke koe andjeunna disiksa; tangtœ andjeunna nganjatakeun dosa-dosa maneh.

PASAL 5.

Nœn Pangeran! moegi emœt ka noe geus kasorangkeun ka koering sadaja; moegi ngawaspaoskeun, sarěng moegi ningalan kana kabinañ koering sadaja!

- 2 " Milik koering sadaja dipibanda koe djalma nagara sanes, rorompok koering sadaja koe djalma bangsa lijan.
a Jer. 6:11, 12
- 3 Koering geus pada djadi pahatœ, hantœn gadoeh bapa; ari indoeng-indoeng koering geus koemaonam randa.
- 4 Tjai koering diinoemna koe koering kědah didoewitan; soeloeh koering beunangna koe koering kědah dibajar.
- 5 Koering pada dikanijaja kana poendoek eureun; tjaraœ oge koering, teu dibere eureun.
- 6 Koering pada njěrahkeun diri ka Měsir sarěng ka Asoer, soepaja seubeuh katědañ.
- 7 Kolot-kolot koering pada milampah dosa, nanging geus teu araja; doepi koering teja pada nanggoeng kadorkaana.
- 8 " Abdi-abdi noe mararentah ka koering; taja noe ngarěboet koering ti leungeunna.
a 5 Moesa 28:48.
- 9 Koering nejanan rědjěki kalawan baja njawa koering, tina sabab pědang těgal lěga.
- 10 " Koelit koering sadaja panas sapěrtos hawœ, tina sabab kabangětan langla-jeuseun.
a Djab. 102:4.

- 11 Awewœ di Sion pada dipaksa, kitœ keneh landjang di nagara-nagara Joeda.
- 12 Kapala-kapala geus digarantoeng koe leungeun moesoeh; " pasěmon kokolot hanteu dihormatan.
a p. 4:16.
- 13 Djalma barœdjang kědah nanggoeng panggilingan, sarěng barœdak lalaki tigěděboeg beurat koe soeloeh.
- 14 Kokolot geus areureun tjalikna dina lawang; djalma barœdjang geus areureun nabeuhna tatabeuhan.
- 15 " Kaatohan hate koering sadaja geus eureun; engklak-engklakan koering sadaja geus digěntos koe kaprihatinan.
a Am. 8:10.
- 16 " Makoeta geus ragrag tina sirah koering. Tjilaka koering sadaja teh! karantěn koering pada milampah dosa.
a Aj. 19:9.
- 17 Koe pěrkawis eta hate koering sadaja djadi gěring; tina hal kitœ panon koering sadaja djadi poěk;
- 18 Tina pěrkawis goenoeng Sion, anœ soewoeng; tjareuh-tjareuh noe leuleumpangan di dinja.
- 19 " Andjeun, Pangeran! linggih salalang-gěngna; panglinggihan andjeun toeroentoemoeroen.
a Djab. 9:8; Jer. 10:10.
- 20 Pinabaoneun andjeun ngalalikeun ka koering sadaja saěnděngna, sarěng nilarkeun ka koering sadaja sapapaoena?
- 21 Noen Pangeran! " moegi koering sina tarobat ka andjeun, tinangtos koering teh tarobat; moegi nganjjarkeun oemoer koering sadaja " sapěrtos ka pěngkěr.
a Jer. 31:18 b Mik. 7:14.
- 22 Karantěn pamohalan andjeun djongdjon mitjeun koering sadaja, andjeun ngaběndon ka koering sadaja antěp-antěpan.

KITAB NABI JĚHESKEL.

PASAL 1.

Dina taoen noe katilœ-poeloeh, dina boelan noe kaopat, tanggal lima, keur kœla aja di těngah bobojongan, di sisi tji Kěbar, " braj langit moeka, sarta kœla nendjo tetendjoan ti Allah. 'Dina eta tanggal lima, nja eta kalima taoen-

3 na " radja Jojakin dibojong teja, 'harita aja pangandika Pangeran ka panghoelœ Jěheskel poetra Boesi, di tanah Kasdim, di sisi tji Kěbar; sarta di dinja " panangan Pangeran noempangan ka Jěheskel.

a Leok. 3:21. b 2 Radj. 24:15. c 1 Radj. 18:46; 2 Radj. 3:15.

- 1 Ret kaoela nendjo, doemadakan, ti kaler datang angin riboet; aja hidji mega gēde, sarta aja seuneun patinggoerilap, djeung eta mega tjahajaan sakoeriling; ari di tēngah-tēngahna^a djiga soowasa, nja eta di tēngah-tēngah seuneu teja. ² Beh di tēngah-tēngah eta aja roepa opat mahloek; sarta kijeu patoetna: opatanana roepa manoesa. ³ 'Sarta hidji-hidji^b pada opat beungeutna, djeung hidji-hidji eta mahloek pada opat djangdjangna. ⁴ 'Ari sockoena sockoe bēbēng, sarta dampalna saperti talapak anak sapi; djeung raroehaj sockoena djiga tambaga gilap. ⁵ 'Sarta^c pada aja leungeun manoesa dina sadjéroēun djangdjangna, dina opat beulahna; opatanana pada beugeutan djeung djangdjangna. ⁶ 'Ari djangdjangna pada ngantet hidji-hidji ka batoerna; ana leumpang, teu ngagilir; hidji-hidji pada ngadjoegdjoeg ka noe disanghareupan. ⁷ 'Moenggoehing roepa beungeutna, nja beugeut manoesa; ⁸ ari sabeulah ti katoehoe opatanana beungeut singa; djeung sabeulah ti kentja opatanana beugeut sapi; malah-malah opatanana aja beugeut galoedra. ⁹ 'Dēmi beugeutna reudjeung djangdjangna ka loehoerna pada misah; hidji-hidji mahloek djangdjang noe doewa pada ngantet ka batoer, ¹⁰ ari noe doewa deui mah noe toepan badanna. ¹¹ 'Sarta hidji-hidji pada ngadjoegdjoeg ka noe disanghareupan; ka mana bae ēroh sēdjana leumpang, nja ka dinja laleumpangna; ana leumpang, ¹² teu ngagilir. ¹³ 'Moenggoehing roepa eta mahloek, patoetna saperti roehak seuneu ngagēdoer, kawas nendjo obor; seuneu teja koeoerilingan bae dina antara eta mahloek; djeung seuneu teh tjahajaan, toer tina djero seuneu hidjil kilat. ¹⁴ 'Djeung deui eta mahloek madjoe-moen-doer, kawas nendjo sorot kilat.
- ^a Wajh. 1: 15. ^b p. 10: 14. ^c p. 10: 8, 21. ^d p. 10: 14; Wajh. 4: 7. e Jēs. 6: 2.
- 15 Barang kaoela nendjoekun eta mahloek, doemadakan, di boemi aja hidji roda gigireun eta mahloek, pēlēbah noe opat beungeutna teja. ¹⁶ 'Patoetna eta roda-roda sarta djeung boewatanana^a djiga intēn krisolit; ari eta opat roda saroewa roepana; ari patoetna sarta djeung boewatanana, sakoemaha aja hidji roda malang di tēngaheun roda deui.
- 17 'Ana leumpang, leumpangna dina opat beulahna; teu ngagilir dina leumpangna. ¹⁸ 'Ari moenggoeh bēngkērna nja loehoer nja matak sijeun; sarta bēngkērna^b pada pinoh koe panou sakoeriling dina opatanana. ¹⁹ 'Djeung ana eta mahloek leumpang, roda-roda ge leumpang gigireunana; kitoe deui ana eta mahloek oeng-gah ti boemi, roda-roda ge oenggal. ²⁰ 'Ka mana bae ēroh sēdjana leumpang, eta laleumpang; nja ka dinja ēroh leumpangna; djeung roda-roda teh aroenggal barēng djeung eta; wantoe roda teh ka-
21 bawa koe ēroh eta mahloek. ²² 'Ana mahloek teh leumpang, eta ge leumpang; sarta ana mahloek teh ngarandēg, eta ge ngarandēg; kitoe deui ana mahloek teh aroenggal ti boemi, roda-roda ge aroenggal barēng djeung eta; wantoe roda teh kabawa koe ēroh eta mahloek.
- ^a p. 10: 9. ^b p. 10: 12; Wajh. 4: 6.
- 23 Djeung deui loehoereun sirah eta mahloek aja hidji roepa^a pipinding, djiga karistal anoe matak adjirih, beunang ma-
24 sangkeun dina loehoereun sirahna. ²⁵ 'Sarta handapeun eta pipinding djangdjang mahloek teh ngaratjoeng, hidji-hidji pada tēpoeng ka batoerna; hidji-hidji mahloek pada aja doewa djangdjang noe noetoeapan ka ditoe, djeung hidji-hidji pada aja doewa djangdjang noe noetoe-
26 pan ka dijeu, nja eta ka badanna. ²⁷ 'Sarta ana laleumpang, kaoela ngadenge^b sora djangdjangna saperti sora tjai gēde, lir gēutra noe Moerba-wisesa, sora ngagoe-roeh, tjara sora wadya-balad; ana ngarandēg, pada ngeplekkeun djangdjangna. ²⁸ 'Sarta aja gēutra ti loehoereun pipinding, noe di loehoereun sirahna teja, ana eta geus ngarandēg, djeung ngareplek-
29 keun djangdjangna. ³⁰ 'Ari ti loehoereun eta pipinding, noe di loehoereun sirahna teja, aja hidji roepa panglinggihan, ³¹ patoetna kawas intēn nilēm; djeung dina roepa eta panglinggihan aja hidji roepa saperti patoet manoesa, ³² linggil dina loehoer eta. ³³ 'Sarta kaoela mireungeuh djiga soewasa, kawas nendjo seuneu mangroepa awak sakoedjoer; ³⁴ ti sēmēt noe siga angkengna ka-loehoer-keun, djeung ti sēmēt noe siga angkengna ka-handapkeun kaoela mireungeuh kawas nendjo seuneu, sarta andjeunna
35 tjahajaan sakoedjoer. ³⁶ 'Saperti patoetna

katoembiri, anoe tembong dina mega keur poean hoedjan, nja kitoe patoelna eta tjahaja sakoedjoerna. Tah, kitoe patoelna roepa kamoeljaan Pangeran. Barangna katendjo koe kaoela, brék kaoela njoeoeh, sarta kaoela ngadenge gētra noe ngandika. *a* 1 Moesa 1:6; 2 Moesa 24:10.

b p. 3:12, 13; 10:6. *c* 2 Moesa 24:10; p. 10:1.

d Wahj. 4:2. *e* p. 8:2.

PASAL 2.

Ari timbalanana ka kaoela: *a* Eh, anak Adam! *b* maneh geura nangtoeng, *c* kami rek ngandika ka maneh. 'Barang andjeunna ngandika ka kaoela, *d* seug kaoela diasoepean Roh, bari kaoela koe Roh disina nangtoeng; toeloek kaoela ngudengekeun eta noe ngandika ka kaoela. 'Ari timbalanana ka kaoela: Eh, anak Adam! maneh ajeuna koe kami dipiwarang ka oerang Israil, *e* ka bangsa-bangsa noe bahaan, noe sok baraba ka kami teja; eta maranehanana djeung karoehoen-karoehoenna pada migawe masijat ka kami tēpi ka poē ijeu pisan. *f* 'Ari eta djalma *g* hareuras nja beugeut djeung tareuas nja hate; maneh koe kami dipiwarang ka darinja, sarta koedoe mitjatoer ka darinja: Kijeu timbalan Goesti Pangeran. 'Ari eta teh, *h* boh ngadareng, boh hanteu, (wantoe-wantoe bangsa mantangoel eta teh) *i* tangtoe pada nganjahokeun, jen aja nabi di tengah maranehanana. 'Djeung deui, anak Adam! *j* maneh oelah sijeun-sijeun koe maranehanana, djeung oelah sijeun koe omonganana, sanadjan maneh tjampoer djeung poeloes sarta djeung tjoe-tjoe ge, sarta maneh tjitjing di langgir-langgir; poma oelah sijeun koe omonganana, djeung oelah geder koe beungeutna; wantoe-wantoe bangsa mantangoel eta *k* teh. 'Djeung maneh *l* koedoe njatoerkeun pangandika kami ka darinja, boh ngadareng, boh hanteu; wantoe-wantoe pada mantangoel eta teh. 'Ari maneh mah, anak Adam! masing ngadenge ka sakoer noe koe kami diandikakeun ka maneh; papatjoewan maneh oelah djadi mantangoel, tjara eta bangsa noe mantangoel; geura tjalangap, kop koe maneh *m* hakan ijeu noe koe kami dilelerkeun ka maneh. 'Ret kaoela nendjo, belu aja panangan njodor ka kaoela; sarta,

doemadakan, *n* panangan teh njandak *o* hidji kitab goeloengan. 'Nja eta koe andjeunna ladjēng dibeberkeun ka hareupeun kaoela; sarta eta goeloengan *p* di djērona djeung di loewarna aja toelisan; ari oengēlna toelisan teh njanjian nalangsa, kahoemarēgoengan djeung kadoeh-adoehan.

a Dan. 8:17. *b* p. 1:28.

c p. 3:24; Dan. 10:11. *d* Djab. 78:8. *e* p. 3:7.

f p. 3:11, 27. *g* p. 33:33. *h* Jer. 1:8, 17; p. 3:9.

i p. 3:11. *j* p. 3:3. *k* Wahj. 10:2. *l* Wahj. 5:1.

PASAL 3.

Ari timbalanana deui ka kaoela: Eh, anak Adam! geura hakan anoe kapinggih koe maneh; nja hakan ijeu goeloengan, bari toeloek leumpang, ngawoe *a* roek ka anak-intjoe Israil. 'Pek kaoela ngangah, bari seug ngabakan eta goeloengan. 'Ari timbalanana ka kaoela: Eh, anak Adam! beuteung maneh bere dadaharan, sarta peudjit maneh sina pinoeh koe ijeu goeloengan, noe koe kami dilelerkeun ka maneh. *b* 'Kop koe kaoela dihakan; ari rasana dina seungoot kaoela amis saperti madoe.

a Djab. 10:11; Wahj. 10:9, 10.

c Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! bral maneh leumpang ka anak-intjoe Israil; koedoe ngawoe-roek ka darinja mako pangandika *d* kami. 'Karana maneh lain dipiwarang ka bangsa *e* noe djēro omong beurat letah; nja dipiwarang teh ka anak-intjoe *f* Israil; 'lain ka bangsa noe loba, noe djēro omong beurat letah, anoe koe maneh teu kaharti basana: saēnja-ēnja-na, oepama maneh koe kami dipiwarang ka dinja mah, tangtoe pada ngadenge *g* ka maneh. 'Ari anak-intjoe Israil mah moal daraekeun ngadenge ka maneh; sanadjan ka diri kami ge teu daraekeun ngadenge; *h* karana saanak-intjoe Israil pada teuas nja tarang djeung heuras nja *i* hate. 'Masing njaho, beugeut maneh koe kami geus didjadikeun teuas satjara beungent maranehanana, sarta tarang maneh teuas satjara tarang maranehanana. *j* 'Nja tarang maneh koe kami geus didjadikeun saperti intēn paset, teuas alah batan batoo karang; oelah sijeun-sijeun koe maranehanana, sarta oelah geder koe beungeutna; wantoe-wantoe bangsa mantangoel eta teh. 'Ari timbalanana deui

- ka kaoela: Eh, anak Adam! sakabeh pangandika kami, noe koe kami bakal diandikakeun ka maneh, ^c tampanan koe ati maneh, sarta dengekeun koe tjeuli maneh. 'Sarta maneh geura bral, leumpang ka bobojongan, ka anak bangsa maneh; koedoe ngaweroek ka darinja, djeung ngomong ka darinja: Kijeu timbalaan Goesti Pangeran! ^d boh eta ngadareng, boh hanteu. *a* Jhs. 33: 19. *b* Jhs. 48: 4; *p.* 2: 4. *c* Aj. 22: 22. *d* *p.* 2: 5, 7.
- 12 'Tidinja ^a kaoela didjoengdjoengkeun koe Roh, sarta ngadenge toekangeun kaoela sowara ngagédér katjida, [pokna]: Sagala poedji kasanggakeun kana kamoeljaan Pangeran, ti énggonna linggih! 'Aja sora djangdjang mahloek teja, hidji-hidji djangdjang paadoo djeung batoerna, sarta sora roda-roda barèng djeung eta, tégès
- 13 sowara ngagédér katjida. 'Ana kaoela koe Roh geus didjoengdjoengkeun, ladjéng kaoela ditjandak; bral leumpang, bari sèdih bawaning panas roh kaoela; tatapi panangan Pangeran rosa noem-panganana ka kaoela. 'Toeloj kaoela datang ka bobojongan noe aja di Tel-Abih, ka noe ngarènggon ^b di pélélah tji Kébar, nja ka noe diénggonan koe eta; sarta kaoela tijtjing di dinja ^c meunang toedjoeh poé, méléngék di téngah maranehanana. *a* *p.* 8: 3. *b* *p.* 1: 1. *c* Aj. 2: 13.
- 16 Dëmi geus kitoe, sanggeus toetoep toedjoeh poé, aja pangandika Pangeran ka kaoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! ^a maneh koe kami geus didamél toekang kèmit anak-intjoe Israil; mana maneh koedoe ngadengekeun pangandika ti lambéj kami, djeung koedoe ngingétan ka darinja tina sabab kami. 'Satijap-tijap ^b kami nimbalaan ka djalma doraka, jen: Maneh teh tangtoe paeh; dëmi maneh teu ngingétan ka dinja, djeung teu diwoeroek, teu ngingétan ka noe doraka sina mitjeun djalanna noe doraka, soepaja hiroep: nja eta djalma doraka teh pipaeheun mawa kasalahanana, tatapi ari gëtilna mah koe kami tangtoe dipoendoet ti leungeun maneh. 'Sabalikna, lamoen djalma doraka teh koe maneh diingétan, tapi teu tobat, teu mitjeun kadorakaanana djeung teu mitjeun djalanna noe doraka mah: nja eta teh pipaeheun mawa kasalahanana, dëmi maneh mah geus ngaloepoetkeun njawa
- 20 sorangan. 'Djeung deni ^c satijap-tijap aja djalma bënëer oendoer tina kabënëranana, bari migawe kagorengan, sarta kami neundeun tatadjongan di bareupeunana: nja eta teh pipaeheun; sabab maneh teu ngingétan ka dinja, noe matak eta pipaeheun mawa dosana, sarta kabënëranana, beunangna ngalampahkeun, moal diëmoetkeun; tatapi ari gëtilna mah koe kami tangtoe dipoendoet ti leungeun maneh. 'Sabalikna, lamoen djalma bënëer teh koe maneh diingétan, sangkan noe bënëer teh oelah migawe dosa, sarta koengsi teu migawe dosa teh, nja eta tangtoe hiroep, sabab ngagoegoe; sarta maneh geus ngaloepoetkeun njawa sorangan. *a* *p.* 31: 7. *b* *p.* 35: 8. *c* *p.* 18: 24.
- 22 Djeung deni kaoela di dinja ^a ditoempangan panangan Pangeran, bari nimbalaan ka kaoela: Geura dangdan, koedoe ka loewar ka lébak; di dinja kami rek
- 23 ngandika ka maneh. 'Prak kaoela dangdan, toeloj ka loewar ka lébak; doemadakan, kamoeljaan Pangeran keurngadég di dinja, sarimbag kamoeljaan noe koe kaoela katendjo di sisi tji Kébar teja;
- 24 brék kaoela njoeoeh. 'Seug ^b kaoela diasoeupan Roh, bari kaoela koe eta disina nangtoeng. Ladjéng andjeunna ngandika ka kaoela, ari timbalanana ka kaoela: Geura djig, koedoe noetoep sorangan di
- 25 djéro imah maneh. 'Djeung deni maneh teh, anak Adam! masing njaho, maneh koe djalma-djalma bakal ditèrapan tambang, nja bakal pada ngabarogod ka maneh koe lataran eta, sarta maneh moal bisa ka loewar ka téngah maranehanana. 'Malah letah maneh koe kami
- 26 rek disina rapèt kana langit, sangkan maneh djadi bisoe, sarta maneh teu kébat djadi toekang ngawarah ka darinja; wantoe-wantoe bangsa mantangoel
- 27 eta teh. 'Tatapi satijap-tijap kami ngandika ka maneh, soengoe maneh koe kami rek diboekeun, seug maneh koedoe mitjatoer ka darinja: Kijeu timbalaan Goesti Pangeran! ^d Saha-saha noe ngadenge, nja ngadenge; sabalikna, sahasaha noe hanteu mah, nja hanteu; wantoe-wantoe bangsa mantangoel eta teh. *a* *p.* 1: 3. *b* *p.* 2: 2. *c* Aj. 29: 10. *d* *p.* 2: 5, 7.

PASAL 4.

Djeung deni maneh teh, anak Adam! koedoe njokot keur diri maneh hidji

bata, sok teundeun di hareupeun maneh, sarta koedoe ngagambar hidji nagara dina eta, nja eta Jĕroesalem. 'Tidinja maneh koedoe njijeun minangka ngĕpoeng ka eta; nja eta koedoe ngadĕgkeun minangka koekoetaĕn sakoebĕng eta, sarta noempoekeun minangka bebentengan sakoebĕng eta, bari njijeun minangka wadya-balad ngaroeroeg eta, djeung koedoe masangkeun minangka "paneunggar baris eta sakoeriling. 'Sarta maneh koedoe njokot keur diri maneh hidji panggorengan beusi, sok teundeun di antara maneh djeung eta nanagaraĕn, minangka pagĕr beusi; djeung koedoe mĕnĕrkeun beungeut maneh ka eta nanagaraĕn, sina djadi saroepa nagara noe dikĕpoeng, ari noe pingĕpoengeun eta nja maneh. Nja eta minangka tanda ka anak-intjoe Israil. a p. 21: 22.

1 Djeung deui maneh koedoe njangkere koe beulah ti kentja, sarta dina eta beulah maneh koedoe neundeun kadorakaĕn anak-intjoe Israil; sabilangan poĕ maneh pinjangkereĕun, maneh koedoe nanggoeng kadorakaĕnana. 'Karana kami ka maneh nangtoekeun taoen kadorakaĕnana, " diitoeng poĕ, tiloe ratoes salapan poeloeh poĕ; sadjĕro eta maneh pinanggoengeun kadorakaĕn anak-intjoe Israil. 'Ari geus tjatjap eta poĕ, maneh koedoe njangkere koe beulah ti katohoe, ngadoewa-kalian, bari nanggoeng kadorakaĕn anak-intjoe Joeda, opat poeloeh poĕ; kami ka maneh nangtoekeun sapoĕ sataoen, sapoĕ sataoen. 'Sarta maneh koedoe mĕnĕrkeun beungeut maneh ka Jĕroesalem noe keur dikĕpoeng, bari leungeun maneh sabeulah singkil; djeung koedoe ngawĕdjang pitjilakaeunana. 'Sarta, masing njaho, kami rek nĕrapkeun tambang ka maneh, sangkan maneh oelah malik ti beulah ka beulah deui, tĕpi ka tjatjapna poĕan maneh ngĕpoeng.

2 'Djeung deui maneh koedoe njokot keur diri maneh tarigoe, gandroeng, katjang boentjis, katjang beureum, djawawoet djeung djagong; sarta arasoepeun ka wadiah hidji, toeloĕj koe maneh djijeun roti keur diri maneh; sabilangan poĕ maneh njangkere, noe tiloe ratoes salapan poeloeh poĕ teja, nja eta noe djadi pibakaneun maneh. 'Ari kabakanan maneh, anoe baris dibakan koe maneh teja,

dina pibeurateunana sapoeloeh sekel sapoĕ, dibakanna koe maneh sawaktoe-sawaktoe. 'Samalah maneh nginoem tjai ge koedoe ditakĕr, sapĕrgĕnĕp hin, diinoemna koe maneh sawaktoe-sawaktoe. 'Djeung deui maneh koedoe ngahakan pais gandroeng; dipaisna di hareupeun maranehanana, soeloehna tai kaloewaran ti manoesa. 'Ari timbalan Pangeran: Tjara kitoe pĕtana oerang Israil teh ĕngke pada ngahakan kabakanana " nadjis di oerang kapid, ĕnggon ajana koe kami diboewang. 'Pok kaeula oendjoekan: Noen, Goesti Pangeran! salĕrĕsna, njawa simkoering tatjan pisan kanadjisan; karantĕn simkoering ti boeboedak dongkap ka ajeuna tatjan nĕda " noe paeĕ bangkar, atanapi noe paeĕ disasaĕk; sarawoeh ka soengoe simkoering tatjan asoep laeok matak idjid. 'Ari timbalanana ka kaeula: Masing njaho, kami ka maneh ngidinan make tai sapi ngaganti tai manoesa; maneh njijeun roti maneh nja koe eta bac. 'Timbalanana deui ka kaeula: Eh, anak Adam! masing njaho, " kami rek motongkeun iteuk roti di Jĕroesalem; ari djalmanna pingahakaneunana roti make ditimbang, sarta kalawan salĕmpang; kitoe deui pinginoemeunana tjai make ditakĕr, sarta kalawan mĕlĕngĕk; " masingna pada kakoerangan roti reudjeung tjai, sarta marĕlĕngĕk batoer pada batoer, " djeung alaladjoeur tina lantaran kadorakaĕnana. a 4 Moesa 14: 34. b Iŕos. 9: 3. c 3 Moesa 17: 15; Lal. 10: 14. d Djah. 105: 16; p. 5: 16. e 3 Moesa 26: 39; p. 24: 23.

PASAL 5.

Djeung deui maneh teh, anak Adam! Dgeura njokot keur diri maneh hidji pĕdang seukeut, ditjokotna keur diri maneh saibarat peso tjoekeur; pek koe maneh sorangkeun ka sirah maneh djeung ka djanggot maneh; seug koedoe njokot keur diri maneh sapasang taradjoĕ, pake ngabagi eta panjoekoeran.

2 'Noe sapĕrtiĕloe koe maneh doeroek koe seuneu di tĕngah " eta nanagaraĕn, dimana geus djĕdjĕg poĕanana dikĕpoeng; noe sapĕrtiĕloe koe maneh tjokot, bari njabĕtan koe pĕdang sakoerilingna; ari noe sapĕrtiĕloe deui koe maneh pantjawaerakeun kana angin, sarta kami rek

- 3 njaboet pĕdaug titoekeunana. 'Djeung maneh ti noe bijeu koedoe njokot saeutik rejana, bari toeloj toengkoes koo
- 4 toengtoeng djoebah maneh. 'Malah maneh ti eta keneh koedoe njokot sawareh, bari pitjeun ka tĕngah seuneu, nja koedoe didoeroek koo seuneu; ari ti eta pibidjileun seuneu kasaĕnak-intjoe Israil.
- a p. 4:1-3.
- 5 Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Eta teh nandakeun Jĕroesalem; koe kami eta geus dipĕrnabkeun di tĕngah bangsa kapir, sarta tanah noe loba aja
- 6 di sakoerilingna. 'Dĕmi eta teh mantangoel ka hoekoem kami; migawena kadorakaĕn * ngoengkoelan bangsa kapir; djeung mantangoel ka pikoekoeh kami, ngoengkoelan tanah-tanah noe sakoerilingna; wantoe-wantoe geus maritjeun hoekoem kami, djeung pikoekoeh kami
- 7 koe eta teu dilalakonan. 'Koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sapedah maraneh goejoer ngoengkoelan bangsa kapir anoe sakoeriling maraneh, pikoekoeh kami koe maraneh teu dilalakonan, sarta hoekoem kami koe maraneh teu dilalampabkeun, tjatjakan sapĕrti hoekoem bangsa kapir anoe sakoeriling maraneh ge maraneh teu ngalampabkeun: 'koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Masing njaho, kami ngamosoeb ka maneh, nja ijeu kami pisan; sarta kami rek nĕrapkeun hoekoem di tĕngah maneh, di hareupeun
- 8 panon bangsa kapir. 'Estoe kami teh rek ngalampabkeun di maneh anoe tatan dilampabkeun koe kami, sarta kami moal ngalampabkeun deui tjara noe kitoe pĕtana, tina sabab sakabeh kagiroekan lampah maneh. 'Pedah kitoe,
- 9 bapa bakal ngabarakan anakna di tĕngah maneh, djeung anak bakal ngabarakan bapana; sarta kami bakal nĕrapkeun hoekoeman ka maneh. djeung sasasa maneh koe kami rek dipantja
- 10 woerakeun ka sagala angin. 'Koe sabab eta, dĕmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, saĕnja-ĕnjana,apedah kasoe-tjian kami koe maneh geus dinadjiskeun
- 11 koe sakabeh kanistaĕn maneh djeung koe sakabeh kagiroekan lampah maneh, noe matak kami sabalikna rek ngoeroedan ka maneh, d jeung sotja kami moal mikawatir; djadi kami teh saba-
- 12 likna moal mikawĕlas. 'Maneh teh noe sapĕrti loe piparacheun koe pagĕboeg, sarta pibejakeun koe langlajuseun di tĕngah maneh; noe sapĕrti loe piparoe-boeun koe pĕdaug di sakoeriling maneh; ari noe sapĕrti loe deui koe kami rek dipantjawoerakeun ka sagala angin, bari kami njaboet pĕdaug ti toekangeun-
- 13 nana. 'Kakara tjatjap bĕndoe kami, sarta kami rek ngareueuhkeun wĕra kami ka maranehanana; 'kakara kami teh lĕdjar; sarta eta tangtoo pada nganjahokeun, jen kami Pangeran ngandika kitoe dina sadjĕro kasarĕgĕpan kami, dimana kami geus njatjapkeun wĕra kami ka darinja.
- 14 'Djeung deui maneh teh koe kami rek didjadikeun tarikolot sarta hinakeuneun, di bangsa-bangsa kapir anoe sakoeriling maneh, di hareupeun panon sakoer noe
- 15 ngaliwat. 'Ari eta teh * pidjadien hina-keuneun djeung gorengkeuneun, bakal dipake ngawarah, sarta pidjadien matak mĕlĕngĕk, pikeun bangsa kapir noe di sakoeriling maneh, dimana kami ka maneh geus nĕrapkeun hoekoeman, make bĕndoe, djeung make wĕra, sarta make siksaaĕn bangĕt; ijeu kami Pange-
- 16 ran noe ngandika kitoe. 'Samangsa kami ngaleupaskeun ka darinja eta djamparing langlajuseun, noe mawa tjilaka, toer djadi lantaran ngaroeksak, anoe koe kami bakal dileupaskeun baris ngaroeksak ka maraneh, eta kami tangtoo ngabangĕtkeun langlajuseun ka maraneh, sarta kami tangtoo * motongkeun
- 17 iteuk roti anoe maraneh. 'Estoe kami ka maraneh rek ngadatangkeun langlajuseun djeung 'sato galak, matak maneh kalapoeran anak; sarta maneh pikasorangeun pagĕboeg djeung lampah ngoetjoerkeun gĕtih; toer kami ka maneh rek ngeunakeun pĕdaug; ijeu kami Pangeran noe ngandika kitoe. a Jĕs. 2:6;
- Jĕr. 2:10. b 3 Moesa 26:29. c 2 Raulj. 21:4. d p. 7:4.
e p. 16:42. f Jĕr. 16:21. g 5 Moesa 28:37; Jĕr. 29:18.
h p. 4:16. i 3 Moesa 26:22; p. 11:21. j p. 21:17.

PASAL 6.

- Aja deui pangaudika Pangeran ka ka-
- 2 Aoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! a maneh geura njanghareup ka goenoeng-goenoeng Israil, sarta koedoe
- 3 ngawĕdjang ka darinja, 'kijeu nja pok: Eh, goenoeng-goenoeng Israil! geura

- darengekeun ijeu pangandika Goesti Pangeran. Kijeu timbalan Goesti Pangeran ka goenoeng-goenoeng djeung ka pasir-pasir, ka waloengan-waloengan djeung ka lĕbak-lĕbak: Masing nganjahokeun, ijeu kami ka maraneh rek ngadatangekeun pĕdang, sarta rek ngagĕmpoer pamoeđjaan maraneh. 'Ari ^b altar maraneh bakal disaroewoengkeun, titiron mata-poĕ di maraneh bakal dipareupeuskeun, djeung batoer maraneh noe kasabĕt koo kami rek disina raroeboeh di hareupeun brabala-brabala maraneh.
- ⁶ 'Estoe majit oerang Israil koe kami rek diajakeun di hareupeun brabala-brabalana; sarta toelang-toelang maraneh koe kami rek diawoerkeun sakoeriling altar-altar maraneh. 'Di sakabeh ĕnggon maraneh tjitjing, nagara-nagara bakal tarikolot, djeung pamoeđjaan-pamoeđjaan bakal saroewoeng; soepaja altar maraneh pada tarikolot djeung soewoeng, sarta brabala maraneh dipareupeuskeun djeung diareuweuhkeun; kitoe deui titiron mata-poĕ di maraneh ditilasan, sarta dĕdijjeunan maraneh dilaleungitkeun.
- ⁷ 'Malah di tĕngah maraneh bakal tinglalondjor noe kasabĕt; djeung maraneh tangtoe pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. 'Tatapi ^c kami rek njesakeun oge; eta maraneh sawareh pirahajoeĕun tina pĕdang di bangsa kapid, dimana maraneh dipantjawoerakeun, diajakeun di sagala tanah. 'Sarta batoer maraneh noe pirahajoeĕun teh tangtoe aringĕteun ka kami di bangsa kapid, ĕnggon ajana didjarah, ana kami geus meupeuskeun batena noe dĕnahan, anoe njingkir ti kami, kitoe deui panonna, noe sok djarinah noeroet brabalana; seug eta ^d bakal pada ngewa beungeutna kana kagorengan beunangna marigawe, pĕrkara sakabeh kagiroekan lampahna. 'Harita ^e tangtoe pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran; lain tamboeh kami ngandika kĕrsa ngadamĕl ka darinja katjilakaan saki-toe teh. *a p. 36:1. b 3 Moesa 26:30. c p. 12:16. d p. 20:43. e p. 5:13.*

- ¹¹ Kijeu timbalan Goesti Pangeran: 'Maneh geura nĕpakan koe leungeun sarta gĕdĕlag-gĕdĕjlig koe soekoe, bari alah-alahan, tina sabab sakabeh kagiroekan garoreng. [noe dilampahkeun

- koe] anak-intjoe Israil; karana eta piraroebroehoeun ^b koe pĕdang, koe langlajeun-
¹² seun, djeung koe pagĕboeg. 'Saha-saha ^c noe djaoh, pipaeheun koe pagĕboeg; djeung saha-saha noe deukeut, piroebroehoeun koe pĕdang; dĕmi saha-saha noe kari sarta karawat mah, pipaeheun koe langlajeuseun; djadi kami teh rek nja-
¹³ tĕjapkeun wĕra kami ka darinja. 'Didinja maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran, dimana batoerna noe kasabĕt pabaoer djeung brabalana sakoeriling altar-altarna, dina oenggal pasir loehoer, di sakabeh poentjak goenoeng-goenoeng, djeung di handapeun oenggal kai ngaroenggoenoek, sarta di handapeun oenggal kijara gomplok, ^d oeroet eta mĕtakeun ^e aambeuan matak sĕdĕp adjang sakabeh brabalana teja.
- ¹⁴ 'Estoe kami rek njodorkeun panangan kami ka loehoereun eta, sarta tanahna koe kami bakal didjadikeun soewoeng, nja soewoeng alah batan tĕgal lĕga Di-blata, di sakabeh ĕnggonna tjaritjing. 'Harita eta tangtoe pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. *a p. 25:6. b p. 5:17. 14:21. c p. 7:15. d p. 20:28. e p. 16:19 / p. 7:4.*

PASAL 7.

- ¹ Aja deui pangandika Pangeran ka ka-oela, kijeu pangandikana: 'Ari maneh teh, anak Adam! kijeu timbalan Goesti Pangeran pĕrkara tanah Israil: Geus panoengtoengan; geus datang panoeng-
² toengan kana opat sisi tanah. 'Ajeuna maneh ninggang panoengtoengan; karana kami rek ngadatangekeun bĕndoe kami ka maneh, sarta rek ngahoekeoman ka maneh noeroetkeun dĕjalan maneh;
³ djeung kami rek malikkeun ka maneh sakabeh kagiroekan lampah maneh. 'Ari ^a sotja kami moal mikawatir ka maneh, sarta kami moal mikawĕlas; satĕĕsna dĕjalan maneh koe kami rek disina malik ka maneh, sarta kagiroekan lampah maneh ĕngke boekti di tĕngah maneh. Harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. *a p. 5:18.*
- ⁵ Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Katjilakaan, katjilakaan noenggal, tah geuning datang! 'Geus datang panoengtoengan; estoe panoengtoengan teh datang; geus hoedang, dek naradjang ka maneh;
⁷ tah geuning datang! 'Eh, priboemi tanah!

geus datang toelis maneh; geus datang waktoena, geus deukeut poëna; aja karoesoehan, * lain karamaan di goenoeng-goenoeng. 'Ajeuna geus deukeut * kami ngoetjoerkeun wëra kami ka maneh, djeung njatjapkeun bëndoe kami ka maneh, sarta rek ngahoekoeman ka maneh noeroetkeun djalan maneh; djeung kami rek malikkeun ka maneh sakabeh kagiroekan lampah maneh. 'Ari sotja kami moal mikawatir, sarta kami moal mikawëlas; satëgësna kami ka maneh rek maparin noeroetkeun djalan maneh, sarta kagiroekan lampah maneh ëngke boekti di têngah maneh. Harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jén kami Pangeran noe ngagëboeg. 'Tah geuning poëna, tah geuning datang; geus bidjil toelis maneh; * iteuk geus këmbangan, kaëng-koehang geus djadi. 'Panganijaja geus hoedang baris iteuk kadorakaañ; eta maranehanana moal aja noe loepoet, boh ti noe loba, boh ti noe rebo; sarta moal aja kaëngongan di maranehanana. 'Geus datang waktoena, geus nëpi poëna, * saba-saba noe meuli montong boengah, djeung saba-saba noe ngadjoewal montong prihatin; karana bëbëndoe pitërapeun ka sakabeh eusina noe koemëlip. 'Karana saba-saba noe ngadjoewal moal malikan ka noe geus didjoewal, nadjan masih goemëlar oge di noe goemëlar; karana wahjoe përkara sakabeh eusina noe koemëlip teja moal oender; djeung saba-saba noe hiroep sadjéro kadorakaañ, moal pikoewateun. 'Eta geus narjoep tarompet, sarta njadijakeun sakabehna, tapi taja noe leumpang përang; karana bëbëndoe kami toemërap ka sakabeh eusina noe koemëlip. 'Pëdang * aja di loewar, sarta pagëboeg djeung langlajuseun araja di djëro; saba-saba noe aja di tégah, pipaheun koe pëdang; djeung saba-saba noe aja di nagara, bakal dibakan langlajuseun djeung pagëboeg. 'Ari noe rahajoe sabatoer eta, pirahajoeunana aja di goenoeng-goenoeng sapërti djapati lëbak; kabeh oge gëgëroengan, bidji-hidji tina kadorakaañ sorangan. 'Sakabeh leungeun / bakal ngareplek, djeung sakabeh toeoeer bakal aladjoe sapërti tjai. 'Bakal / pada disamping karoeng, djeung pada kalipoeotan koe kareuwasan; beungent sakabeh

pinjandangeun era, djeung sirah sakabeh bakal digoendoean. 'Bakal pada mitjeun perakna ka loeloeroeng, djeung ëmasna pidjadieun kokotoran; * ëmas-perakna moal bisaeun ngaloupaskeun maranehanana keur poëan bëbëndoe Pangeran; moal matak seubeuh dirina, djeung moal matak pinoeh beuteungna; sabab eta teh geus djadi tatadjongan, matak maranehanana kadorakaañ. 'Ari përhijasan andjeunna noe ahong teja koe andjeunna geus didamël kaëngongan; dëmi eta mah pada neundeun artja-artjana noe matak giroek, tégës kanistaanana, di djëro eta; pedah kitoo noe matak eta koe kami didjadikeun kokotoran ka maranehanana. 'Sarta / koe kami eta rek dislehekeun ka leungeun djalma bangsa sedjen, baris dirajah; nja dislehekeun ka noe pangdorakana di boemi, baris didjarah; heug koe maranehanana eta bakal dinistakeun. 'Djeung kami bakal ngagilerkeun pameunteu kami ti maranehanana, sarta eta bakal pada nganistakeun ënggon kami noe boeni; malah bakal diasoeupan begal, bari pada nganistakeun eta. 'Geura ujjeun rante; karana / tanah teh pinoeh koe prakara hoetang gëti, sarta nagara teh pinoeh koe panganijaja. 'Mana kami rek ngadatangeun panggorengna bangsa kapir; nja eta bakal pada ngamilik imah-imah maranehanana; sarta kami bakal ngaleungitkeun kamagoeungan djalma barëdas, djeung kasoejjanana bakal pada dinistakeun. 'Djëboel karoeksakan; harita djalma bakal pada nejangkan kasëngangan, tapi moal aja. 'Pidatangeun balahi * teu eureun-eureun balahi, sarta pijsaeun bedja ganti-ganti bedja. Didinja djalma pada hajang wahjoe ti nabi, tatapi harita / panghoeloe kaleungitan toret, djeung kokolot kaleungitan tarekah. 'Radja bakal prihatin, gëgëden bakal njandang mëlëngëk, sarta leungeun djalma eusi tanah bakal soemëblak. Eta kami rek ngadamël ka darinja noeroetkeun djalanana, sarta rek ngahoekoeman ka darinja sapihoekoemananana; * harita tangtoe pada nganjahokeun, jén kami teh Pangeran.

a Jën. 16: 10. b p. 36: 18. c Jën. 10: 5; Jer. 1: 11, 12.
d Jën. 24: 2. e Njanj. 1: 20; p. 6: 12. f Jën. 13: 7;
Jer. 6: 21. g Jën. 15: 2; 3. h Sil. 11: 4; Sëp. 1: 18.
i Jer. 6: 12. j Jën. 1: 15; Hos. 4: 2. k Jer. 4: 20.
l Jer. 18: 18. m p. 11: 10.

PASAL 8.

Ari geus kitoe, dina taocen noe kagēñp, dina boelan noe kagēñp, tanggal lima, kaoela keur dijoek di djēro imah kaoela, sarta " kokolot Joeda keur tjaraklik di hareupeun kaoela; ² seug kaoela di dinja ditinggangan panangan Goesti Pangeran. 'Ret kaoela nendjo, doemadakan, nja hidji roepa, katendjona kawas sounou; ' ti sēmēt noe siga angkengna ka-handapkeun seuneu; kitoe deui ti sēmēt noe siga angkengna ka-loehoerkeun katendjona kawas sorot, djiga soewasa. ³ 'Sor andjeunna njodorkeun hidji roepa panangan, sarta njandak kana bocoeok ēmboen-ēmboenan kaoela; djoeng kaoela " koe Roh didjoengdjoengkeun kana antara boemi djeung langit, bari kaoela dina tetendjoan ti Allah teh ditjaudak ka Jērousalem, nja ka lawang panto boeroean djēro, noe njanghareup ngaler; ari di dinja noe mērēnah hidji brabala pakeuheulan, matak ngeuheulkeun. 'Sarta, doemadakan, ' di dinja aja kamoeljaan Allah Israil, katendjona saperti noe kadjeneung koe kaoela di lēbak teja. ⁵ 'Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! geura tjēngkat, nendjo ka tēbeh kaler. Seg kaoela tjēngkat, nendjo ka tēbeh kaler; doemadakan, kalereun lawang altar aja eta brabala pakeuheulan teja, pēlēbah djalan asoep. ⁶ 'Timbalanana deui ka kaoela: Eh, anak Adam! na katendjo koe maneh noe dipigawe koe maranehanana, nja kagiroekan galēde, noe dipigawe koe anak-intjoe Israil di dijeu, ' soepaja kami djaoeh ti kasoetjian kami? Tapi maneh ēngke nendjo deui kagiroekan galēde. a p. 20: 1. b p. 1: 3. c p. 1: 27. d p. 3: 12; 11: 24. e p. 3: 23. f Jer. 12: 7.

⁷ Tidinja kaoela koe andjeunna ditjandak ka lawang boeroean; ret kaoela nendjo, doemadakan, aja hidji lijang dina bilik tembok. 'Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! eta lijang bilik koe maneh gēdean. Prak koe kaoela lijang bilik teh digēdean; beh hidji lawang. 'Ari timbalanana ka kaoela: Geura asoep, sarta tendjoan kagiroekan garoreng, noe koe maranehanana dipigawe di dijeu. 'Boes kaoela asoep sarta nendjo; doemadakan, aja sagala roepa sipat noe ngarajap djeung sato noe nista,

kitoe deui sakoer brabala anak-poetoe Israil, beunang ngagambarkeun dina bilik, ¹¹ sakoeriling-boengking. 'Sarta " toedjoeh poeloeh djalma, kaasoep kokolot anak-poetoe Israil, narangtoeng di hareupeunana; ari Jaalsanya anak Sapan nangtoeng di tēngah maranehanana; hidji-hidji djalma pada njēkēl paroekoejanana, sarta baoc koekoes seuseungitanana ¹² njamboewang. 'Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! na katendjo koe maneh, anoe koe kokolot kokolot anak-intjoe Israil dipigawe di noe poēk, hidji-hidji di djēro pangkengna beunang ngagambaran? " karana aromongna: Pangeran teu ningali ka oerang; ijeu tanah koe Pangeran geus ditilarkeun. ¹³ 'Timbalanana deui ka kaoela: Maneh ēngke nendjo deui kagiroekan galēde, noe dipigawe koe maranehanana.

a 4 Moesa 11: 16. b Jēsa. 29: 15; p. 9: 9.

¹⁴ 'Tidinja kaoela koe andjeunna ditjandak ka lawang panto gēdong Pangeran, anoe sabeulah ti kaler; doemadakan, di dinja aja awewe darijoe, pada njeung-¹⁵ tjeurikan si Tamoes. 'Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! na katendjo koe maneh? ēngke maneh nendjo deui kagiroekan galēdeti batan eta. ¹⁶ 'Tidinja kaoela koe andjeunna ditjandak ka boeroean gēdong Pangeran, nja ka boeroean djēro; doemadakan, hareupeun lawang kabah Pangeran, " di antara bale djeung altar, kira-kira salawe djalma, ¹⁷ pada noekang kana kabah Pangeran, sarta njanghareup ngetan; ari eta teh " keur njarēmbah ka panon-poē, ka wetan. 'Ladjēng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! na katendjo koe maneh? Naha aja noe koe anak-intjoe Joeda dihampangkeun keneh ti batan migawe sagala kagiroekan, noe koe eta diparigawe di dijeu? Karana eta geus pada minoeheun tanah koe panganija-ja, sarta daratang deui baris njijeun pibēndoeun kami; malah, saēnjana, ¹⁸ han koe eta dika-iroengnakeun. 'Mana kami sabalikna rek midamēl kijeu sadjēro bēndoe: " sotja kami moal mikawatir, sarta kami moal mikawēlas; " nadjan pada sasambat oge kana tjēpil kami sarta bēdas sowarana, koe kami moal dimakboel. a Joēl 2: 17. b 2 Dab. 29: 6. c 5 Moesa 17: 3. d p. 5: 11. e Jēsa. 1: 15; Mik. 3: 4.

PASAL 9.

Tidinja andjeunna ngagētra, kadenge
 1 koe kaoela, bēdas pisan gētraana, kijeu
 timbalanana: Anoe njēkēl nagara sina
 ka darijeu; hidji-hidji koedoe mawa pa-
 2 karangna baris ngaroeksak. 'Hol aja
 gēnēp djalma, daratangna ti djalma 'la-
 wang girang, noe njangbareup ngaler;
 hidji-hidji pada mawa pakarangna baris
 ngadek; sarta di tēngahna aja hidji djal-
 ma papakeanana lawon bodas, djeung
 njoren parabot djoeroe-toelis. Ana geus
 daratang, toeloj narangtoeng gigireu
 3 altar tambaga. 'Ari kamoeljaan Allah
 Israil & djoeng ti loehoereun moemoe-
 karabinan noe dilinggihan, ngalih kana
 bangbaroeng gēdong; ladjēng andjeunna
 njaoer eta djalma noe papakeanana la-
 won bodas, anoe njoren parabot djoeroe-
 4 toelis teja. 'Ari timbalan Pangeran ka
 dinja: Maneh geura ngidēr di djēro na-
 gara, nja eta di djēro Jēroesalem; ari
 sakoer djalma noe roemaboeh sarta boe-
 marēgoeng tina hal saniskara kagiroe-
 kan, noe dilalampahkeun di djēro nagara,
 5 koe maneh ' tjirian tarangna. 'Ari ka
 noe gēnēpan nimbalanana, kadenge koe
 kaoela: Maraneh geura ngidēr di nagara,
 toetoeurkeun eta, bari ngaradekan! 'Panon
 maraneh oelah mikawatir, sarta mara-
 6 neh oelah mikaroenja. 'Peuntjitan koe
 maraneh kolot, boedjang djeung landjang,
 kitoe deui boedak djeung aweue, sing
 datang ka roeksakna; tatapi oelah nja-
 lampeurkeun ka sakoer djalma noe aja
 tjirian; ' sarta koedoe ngamimitian ti
 kasoetjiau kami. Prak pada ngamimitian,
 7 ' ngabeulakeun kokolot, noe di haren-
 peun gēdong teja. 'Timbalanana deui ka
 darinja: Gēdong teh koe maraneh nadjis-
 keun, djeung koedoe ngareusian boeroean
 koe beunang njabēt, bari toeloj ka la-
 loewar. Tidinja pada ka loewar, pek
 8 ngaradekan di nagara. 'Ari geus kitoe,
 sabeuteungna ngaradekan, ngan kari
 kaoela bae, ' brēk kaoela njoeoh, bari
 ngadjērīt, kijeupioendjoek kaoela: Adoeh,
 Goesti Pangeran! naha Goesti kērsa nga-
 roeksak sasasa Israil, lantaran Goesti
 ngoetjoeurkeun bēndoe Goesti ka Jēro-
 9 esalem! 'Ari timbalanana ka kaoela: Ka-
 dorakaan anak-intjoe Israil djeung Joeda
 gēdo kabina-bina, sarta tanah teh & pi-

noeh koe hoelang gētih, djeung nagara
 teh djēdjēl koe lakoe serong; karana
 ' aromongna: Pangeran geus nilarkeun
 ijeu tanah, sarta Pangeran teu ningali.
 10 'Mana kami teh, sabalikna, ' sotja kami
 moal mikawatir, sarta kami moal mika-
 wēlas; & djalan maranehanana koe kami
 11 tangtōe disina malik ka dirina. 'Geus
 kitoe hol eta djalma noe papakeanana
 lawon bodas, anoe njoren parabot djoe-
 roe-toelis teja, lapor, kijeu pioendjoekna:
 Noen, simkoering parantos ngalampah-
 kenn sapiwarangan Goesti. a p. 8: 5, 14.
 b p. 10: 4. c Wabj. 7: 3. d p. 8: 18. e Jer. 25: 29.
 f Petr. 4: 17. g p. 8: 11, 16. h p. 11: 13. i p. 7: 23.
 j p. 8: 12. k p. 8: 18. l Radj. 8: 32; p. 11: 21.

PASAL 10.

Tidinja kaoela nendjo, beh ' dina pipin-
 ding, anoe di loehoereun sirah moek-
 rabin teja, kawas intēn nilēm, patoetna
 sapērti roepa panglinggihan, tembungna
 2 di loehoereun eta. 'Ladjēng andjeunna
 nimbalaan ka djalma noe papakeanana
 lawon bodas teja, kijeu timbalanana:
 Maneh geura asoep kana antara roda,
 ka handapeun moekarabin, seung leungeun
 maneh doewanana koedoe ngeupeul & roe-
 hak seuneu tina antara moekarabin,
 ' bari toeloj awoerkeun ka ijeu nagara.
 Boes eta teh asoep, katendjo koe kaoela.
 3 'Ari eta moekarabin, mangsa djalma teja
 asoep, narangtoengna ti katoehoēng gē-
 dong, sarta mega teja ngeusian boeroean
 4 djēro. 'Tidinja ' kamoeljaan Pangeran
 moenggah ti loehoereun moemoekara-
 binan, ngalih ka loehoereun bangbaroeng
 gēdong; ari mega teja ' ngeusian gēdong,
 sarta boeroean teh pinoeh koe tjahaja
 5 kamoeljaan Pangeran. 'Ari sora djang-
 djang moekarabin kadenge tēpi ka boe-
 roean loewar, ' lir gētra noe Moerba-
 wisesa, satijap-tijap andjeunna keur ngan-
 6 dika. 'Ari geus kitoe, saparantos an-
 djeunna nimbalaan ka eta djalma noe
 papakeanana lawon bodas, kijeu timba-
 lanana: Maneh geura njokot seuneu tina
 antara roda, tina antara moekarabin
 teja, boes eta teh asoep, dēg nangtoeng
 7 gigireun eta roda. 'Sor moekarabin saoe-
 rang njodorkeun leungeun sabeulah tina
 antara moekarabin kana seuneu noe dina
 antara moekarabin teja; top njokot seu-
 neu, bari dibikeun sakali kana doewa

leungoun eta djalma, noe papakeanana lawon bodas; pek ditampunan, bari toeloj ka loewar. 'Ari moekarabin teja katendjona * pada aja roepa leungeun manoesa dina sadjéroen djangdjangna.

9 'Sarta kaoela nendjo, doemadakan, * aja opat roda gigireun eta moekarabin, roda hidji gigireun moekarabin hidji, roda hidji gigireun moekarabin hidji; ari patoetna roda teh djiga intén krisolit.

10 'Ari moenggoeh patoetna roda teh, opatanana saroeawa roepana, sakoemaha aja hidji roda malang di têngaheun roda deui.

11 'Ana leumpang, * leumpangna dina opat beulahna; teu ngagilir dina leumpangna; énjana mah énggon noe disanghareupan, nja eta noe didjoedjoeg; teu ngagilir

12 dina leumpangna. 'Ari sakoedjoer awakna, dalah tonggongna, leungeunna djeung djangdjangna, kitoe deui eta roda-roda, / parinoeh koe panon sakoeriling; opatanana pada aja rodana. 'Moenggoeh eta roda, koe kaoela kadenge pada diséboet

14 Galgal. 'Djeung deui * hidji-hidji eta moekarabin pada opat beungeutna; ari beungeut noe hidji beungeut moekarabin; beungeut noe kadoewa beungeut manoesa; ari noe katiloe beungeut singa, sarta

15 noe kaopat beungeut galoeadra. 'Djoeng moekarabin teh aroenggah; nja eta teh mahloek, noe koe kaoela katendjo / di

16 tji Kébar teja. 'Djeung ana eta moekarabin leumpang, roda-roda ge leumpang gigireunana; kitoe deui ana eta moekarabin ngadjoengdjoengkeun djangdjangna, sédja oenggah tina boemi, roda teja teu ngagilir, eta ge aroenggah gigireunana.

17 'Ana moekarabin teh ngarandég, " eta ge ngarandég; kitoe deui ana moekarabin teh aroenggah, eta ge aroenggah; wantoe roda teh kabawa koe éroh

18 eta mahloek. 'Tidinja kamoeljaân Pangeran ka loewar ti loehoereun bang-baroeng gedong, bari ladjéng ngadég

19 di loehoereun moekarabin. 'Geus kitoe moekarabin teh pada ngadjoengdjoengkeun djangdjangna, bari toeloj aroenggah tina boemi; katendjo koe kaoela eukeur eta ka loewar; sarta roda-roda teja baréng djeung eta. Dég moekarabin teh ngarandég pélēbah lawang panto gedong Pangeran, nja eta lawang wetan, sarta kamoeljaân Allah Israil linggih

20 di loehoereun eta. 'Nja eta teh mahloek,

noe koe kaoela katendjo handapeun Allah Israil, di tji Kébar teja; geus tégés

21 kaoela, jen eta teh moekarabin. 'Hidji-hidji * opat-opat beungeutna, djeung hidji-hidji pada opat djangdjangna; sarta pada aja roepa leungeun manoesa dina

22 sadjéroen djangdjangna. 'Ari moenggoeh roepa beungeutna, nja eta beungeut noe katendjo koe kaoela di sisi tji Kébar teja; patoetna djeung djinisna eta keneh; hidji-hidji ngadjoedjoeg ka noe disanghareupan. a p. 1: 22, 26. b p. 1: 13.

c Walj. 8: 5. d p. 9: 3. e 1 Iudj. 8: 10 f p. 1: 24, 25. g p. 1: 8. h p. 1: 15, 16. i p. 1: 12, 17. j p. 1: 18. Walj. 4: 6, 8. k p. 1: 6, 10. l p. 1: 3. m p. 1: 20. n p. 1: 8.

PASAL 11.

Tidinja kaoela * koe Roh didjoengdjoengkeun, ditjandak ka lawang gedong Pangeran, nja eta lawang wetan, noe njanghareup ngetan; beh di hareupeun eta lawang aja salawe djalma; sarta kaoela nendjo di têngah eta djalma aja Jaasanya anak Asoer djeung Pélatty anak Bënaja; doewanana kapala bangsa.

2 'Ladjéng andjeunna nimbalan ka kaoela: Eh, anak Adam! nja eta djalma noe mikiran kagorengan sarta mapatabkeun papatah matak tjilaka dina ijeu nagara.

3 'Aromongna: Tatjan népi ka mangsana njarijeun imah; ijeu nagara ibarat daloengna, ari oerang ibarat laoezna. 'Koe sabab eta, eh anak Adam! maneh geura ngawédjang pitjilakaeun maranehanana;

5 geura ngawédjang! 'Djoet Roh Pangeran loengsoer ka kaoela, sarta andjeunna nimbalan ka kaoela: Bedjakeun: Kijeu timbalan Pangeran: Nja kitoe omongan maraneh, anak-intjoe Israil! djeung *

6 sakoer noe datang dina pikir maraneh koe kami kaoeninga. 'Loba katjida djalma beunang maraneh njabét dina ijeu nagara, wani loeloeroengna koe maraneh geus diparinoehkeun koe beunang

7 njabét. 'Koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Ari djalma beunang maraneh njabét, noe koe maraneh disina pagoletak di djéro ijeu nagara teja. nja eta noe ibarat laoezna, sarta ijeu nagara ibarat daloengna; démi maraneh mah éngke dika-loewarkeun ti djéro nagara.

8 'Pédang noe dipikasijeun koe maraneh, sarta nja pédang pisan noe koe kami rek didatangeun ka maraneh, lahiran

9 Goesti Pangeran. 'Tangtoe maraneh koe kami dika-loewarkeun ti djero ijeu nagara, ^a bari maraneh diselehkeun ka leungeun djalma bangsa sedjen, sarta kami ka maraneh rek nerapkeun hoe-koeman. 'Maraneh piraroeboeun koe pëdang; dina watës tanah Israil kami éngko ngahoekoeman ka maraneh; ^a harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. 'Ijen nagara moal énja ka maraneh djadi ibarat daloeng, sarta maraneh moal énja di djërona djadi ibarat laok; dina watës tanah Israil kami éngko ngahoekoeman ka maraneh. 'Harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran; karana pikoekoe kami koe maraneh teu dilakonon, djeung hoekoem kami koe maraneh teu dilampahkeun; nja maraneh ngalampahkeun teh / noeroetkeun hoekoem bangsa kapor, anoe sakoeriling maraneh. 'Ari geus kitoe, mangsa ka-oela keur ngawëdjang, hos Pëlatya anak Bënaja teja pae. ^a Brök kaola njoeoh, bari ngadjërit, bëdas pisan nja sowara. kijeu pioendjoeck kaola: Adoe, Goesti Pangeran! naha Goesti kërsa ngadamël përkawis njoeupkeun sesa Israil? ^a p. 8: 3. b 3 Moesa 31: 21. c Sil. 10: 24. d p. 7: 3, 21. e p. 12: 15, 16. f 3 Moesa 18: 3; 20: 23. g p. 9: 8.

14 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
15 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! doeloer maneh, doeloer maneh, baraja-baraja maneh, djeung saanak-intjoe Israil, eta sakabehna koe priboemi Jëroesalem sok diomongan kijeu: Sing djaraeoh ti Pangeran! ijeu tanah dipaparinkeunana ka kaola sakabeh, djadi
16 milik kaola. 'Koe sabab eta, bedjakeun: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sana-djan eta koe kami geus didjaraeohkeun, diajakeun di sagala bangsa, djeung sana-djan eta koe kami geus dipabalëntjarkeun, diajakeun di sagala tanah, parandene kami ka maranehanana ^a rek djadi kasoe-tjian sakeudeung, dina sagala tanah, énggon eta daratang. 'Koe sabab eta, bedjakeun: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Malah ^b maraneh koe kami rek dikoempoolkeun ti sagala bangsa, nja diriJoeng-keun ti sagala tanah, énggon maraneh pabalëntjar; sarta kami rek maparinkeun
17 tanah Israil nja ka maraneh. 'Ari eta teh pidaratangeun ka dinja, sarta nja-

lingkirkeun ti dinja sakabeh kanistann
19 djeung sakabeh kagiroekan. 'Sarta ^a eta teh koe kami rek dipaparin hate hidji, djeung kami rek maparin roh anjar di djëro batin maraneh; ari hate bangsa batoo koe kami rek disingkirkeun ti djëro awakna, bari maranehanana dipa-
20 parin hate bangsa daging; ^a soepaja ^a pada ngalakonan pikoekoe kami, sarta ngarestoekeun hoekoem kami, djeung dilampahkeunana; toer eta teh pidjadi-eun oemat kami, djeung kami bakal
21 Allahna. 'Sabalikna, saha-saha noo ha-tena noeroetkeun hate kanistann djeung kagiroekan, [noe disëmbah koo] mara-nehanana mah, nja eta ^a djalanna koe kami tangtoo disina malik ka dirina, lahiran Goesti Pangeran. ^a Jes. 8: 14.
b Jer. 23: 3. c Jer. 32: 30; p. 36: 26. d Jer. 31: 33; p. 14: 11. e p. 9: 10; 16: 43.

22 Geus kitoe ^a moekarabin teh pada nga-djoengdjoengkeun djangdjangna, sarta roda-roda teja barëng djeung eta; ari kamoeljaan Allah Israil linggih di loe-
23 hoereun eta. 'Djoeng kamoeljaan Pange-ran teh angkat ti djëro nagara, ladjëng ngarandëg di loehoereun goenoeng, anoe
24 wetaneun nagara. 'Tidinja kaola koe Roh didjoengdjoengkeun, bari kaola ^b dina tetendjoan, di djëro Roh Allah, dipoelangkeun ka tanah Kasdim, ka bo-bojongau. Seug eta tetendjoan, noe ka-tendjo koe kaola, oenggah ti kaola.
25 'Toeloëj kaola ka bobojongau teh nja-toerkeun sadajana pangandika Pange-ran, noe koe andjeunna dinjatakeun ka kaola teja. ^a p. 10: 19. b p. 8: 3.

PASAL 12.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
2 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! maneh tjitjing teh ^a di tëngah bangsa mantangoel, noe baroga panon pikeun nendjo, tapi teu narendjo; baroga tjeuli pikeun ngadenge, tapi teu ngadareuge; wantoe-wantoe bangsa man-
3 tangoel eta teh. 'Mana maneh teh, anak Adam! ^b geura tjatjawis baris maneh pindah, seug koedoe pindah ti beurang di hareupeun panon eta; nja pindah teh ti énggon maneh ka énggon sedjen, di hareupeun panon eta; ^c malah-mandar ngalartieun; wantoe-wantoe bangsa man-
4 tangoel eta teh. 'Djeung koedoe ngaloe-

- warkeun parabot maneh ti beurang, di hareupeun panon eta, sabijasa parabot noe pindah; seug maneh koedoe ka loewar wantji sareupna, di hareupeun panon eta, sabijasa noe ka loewar pindah.
- 8 'Koedoe notos bilik keur diri maneh di hareupeun panon eta, toeloej ka-loewarkeun parabot, djalana ka dinja. 'Koedoe koo maneh ditanggoeng dina taktak di hareupeun panon eta; dika-loewarkeunana wantji poek; ari beungeut maneh koedoe ditjindoeng, oelah maneh nendjo taneuh; karana maneh koo kami geus didjadikeun totonde pikeun anak-intjoe
- 9 Israil. 'Prak kaoela ngalampahkeun kitoe, sakoemaha kaoela ditimbalan teja: parabot kaoela koo kaoela dika-loewarkeun ti beurang, sabijasa parabot noe pindah; ari wantji sareupna kaoela notos bilik keur diri kaoela koo leungeun; dika-loewarkeunana koo kaoela wantji poek, bari seug ditanggoeng dina taktak, di hareupeun panon eta. *a Jēh. 6: 9; p. 2: 5. b Jēr. 40: 19. c Jēr. 36: 3.*
- 8 Ari isoeukna aja pangandika Pangeran
- 9 ka kaoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! eta anak-intjoe Israil, bangsa mantangoel teh, lain naranja ka maneh,
- 10 jen: Adjengan milampah naon? 'Bedjakeun ka darinja: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Ari ^a babawaan teja pimalindeseun ka gēgēden di Jērosalem, djeung ka saānak-intjoe Israil, noe araja di
- 11 dijērona. 'Bedjakeun: Kaoela ^b totonde maraneh; sakoemaha lampah kaoela tadi, nja kitoe ēngke dilampahkeun ka maranehanana; bakal laleumpang ka pangbojongan, arasoep ka pangdjarahan.
- 12 'Samalah ^c gēgēden, noe di tēngah maranehanana, pinanggoengeun dina taktak, wantji poek, bari seg ka loewar; djalma bakal narotos bilik, baris ngaloewarkeun djalana ka dinja; gēgēden teh bakal ditjindoeng beungeut, soepaja oelah nendjo tanah koe panonna. 'Sarta
- 13 ^d kami bakal ngaroengkoepkeun eurad kami ka dinja, djeung bakal ditangkēp koe djaring kami; seug koe kami rek didatangkeun ka Baboel, tanah Kasdim, tatapi ^e moal pimendjoem eta; toer di
- 14 dinja pipaheun. 'Sarta ari sakabeh noe aja di sakoerilingna, pangbantoena djeung sakabeh barisanana, ^f koe kami rek dipantjawoerakeun ka sagala angin,

- bari kami njaboet pēdang ti toekangeunana. 'Didinja ^g tangtoe pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran, samangsa maranehanana koe kami dipabalēntjarkeun, diajakeun di sagala bangsa, sarta dipantjawoerakeun, diajakeun di sagala
- 16 tanah. 'Tatapi ^h kumi rek njesakeun oge djalma sacutik sabatoer eta, diloe-poetkeun tina pēdang, tina langlajouseun djeung tina pagēboeg; soepaja pada njaritakeun sakabeh kagiroekan lampahna teja di bangsa kapi, ēnggonna daratang; sarta tangtoe pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. *a Jēh. 13: 1. b p. 24: 24. c 2 Radj. 25: 7; Jēr. 39: 4; 52: 7. d p. 17: 20. e Jēr. 39: 7. f p. 5: 2. g p. 11: 16. h p. 6: 8; 11: 22.*
- 17 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
- 18 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! ^a maneh ngahakan roti maneh koedoe kalawan ngadegdeg; kitoe deui nginoem tjai maneh koedoe kalawan soemēblak djeung kalawan salēmpang.
- 19 'Sarta koe maneh bedjakeun ka djalma-djalma eusi tanah: Kijeu timbalan Goesti Pangeran hal priboemi Jērosalem, noe aja dina tanah Israil: Tangtoe pada ngahakan rotina kalawan salēmpang, kitoe deui ngarinoem tjaina kalawan mēlēngēk; da dikērsakeun tanabna pisoewoengeun, leungit pangeusina, tina
- 20 panganijaja sakabeh priboemina. 'Ari nagara-nagara noe diarēnggonan ^b bakal pada tarikolot, sarta tanah teh pidjadien soewoeng. Didinja maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. *a p. 4: 16. b Jēr. 4: 27; 9: 11.*
- 21 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
- 22 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! nahaon eta babasan di maraneh, dina tanah Israil, anoe kijeu teja: ^c Lila deui ka djamanna, djeung sakoeur tetendjoan tangtoe leungit! 'Koe sabab eta, bedjakeun ka maranehanana: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Kami rek ngeureunkeun eta babasan; ka-hareupna eta teh moal dibasakeun deui di Israil. Sabalikna, maneh koedoe mitjatoer kijeu ka
- 23 darinja: Geus deukeut ka djamanna, djeung kana piboektieunana sakoeur tetendjoan. 'Karana ka-hareupna moal aja deui tetendjoan koewa-kijeu noe gapong, atawa panoe djoeman loemas-lamis di
- 25 tēngah anak-intjoe Israil. 'Karana kami teh Pangeran; kami rek ngandika; ari

pangandika, noe rek diandikakeun koe kami, tangtoe dilampahkeun, moal dimengkekeun deui; satĕgĕsna keur djaman maraneh pisan, eh bangsa mantangoel! kami rek ngandika sakĕtjap, djeung dilampahkeunana, lahiran Goesti Pangeran.

a 2 Petr. 3:4.

26 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
27 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! masing njaho, anak-intjoe Israil sok ngaromong: Ari tetendjoan, noe katendjo koe manebanana, * keur djaman djaga, sarta ngawĕdjangna noedjoel
28 ka mangsa noe djaoeh. 'Koe sabab eta, bedjakeun ka maranehanana: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sakabeh pangandika kami moal aja noe dimengkekeun deui; ari pangandika, noe diandikakeun koe kami, geus tangtoe dilampahkeun, lahiran Goesti Pangeran.

a Am. 6:3; 9:10.

PASAL 13.

2 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! geura ngawĕdjang pitjilakeun nabi-nabi Israil, noe sok ngawarĕdjang; nja bedjakeun koe maneh ka sakoer noe ngawĕdjang * ti hate sorangan, [kijeu nja pok]: Geura darengekeun ijeu pangandika Pangeran! 'Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Pibalaĕun nabi baroeroeng, noe nareroet pikiran sorangan, djeung teu narendjo naon-naon!
'Ari nabi-nabi maneh, Israil! geus djardi sapĕrti tjareuh dina tarikolot. 'Maraneh * teu arasoep ka noe beulah, geus poegoeh ngomean tembok pikeun anak-intjoe Israil, soepaja tagĕn dina pĕrang
6 * keur poĕan Pangeran. 'Ari marĕlĕngna noe gapong sarta panoedjoeman bohong; * ngaromongna jen: Lahiran Pangeran, padahal eta teh koe Pangeran hanteu dipiwarang; toer djalma-djalma koe eta di-sina ngarĕp-ngarĕp, jen omonganana bakal diboektikeun. 'Naha maraneh lain mĕlĕng tetendjoan gapong, sarta maraneh lain ngomongkeun panoedjoeman bohong, satjap-tjap maraneh njĕboet: Lahiran Pangeran, padahal kami teu ngandika!

a 2 Petr. 1:21. b Djab. 106:23; p. 22:30.
c p. 7:19 d Jer. 23:31.

* Koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sapedah maraneh ngomong

gapong djeung mĕlĕng bohong teja, noe matak kami, satĕmĕnna, ngamoesoeh ka maraneh, lahiran Goesti Pangeran.
9 'Ari panangan kami tangtoe ngamoesoeh ka nabi-nabi, noe sok marĕlĕng gapong djeung naroejdjoem bohong; * hamo arasoep kana karagĕman oemat kami, djeung hamo ditoeliskeun dina kitab anak-intjoe Israil, djeung hamo maroe-lang ka tanah Israil; sarta maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh
10 Pangeran. 'Pedah koe sabab eta teh njarasabkeun oemat kami; * ngaromongna: Salamĕt! padahal euweuh kasalamĕtan; ari oemat teh njijoun bilik taneuh, sarta koe itoe, saĕnjana, dipoe-las koe apoe. 'Bedjakeun ka noe moe-las koe apoe teh, jen bilik teja tangtoe roegroeg; ĕngko aja hoedjan goentoer; sarta maneh, hoedjan boewah galĕde! ĕngke moeroeboet, djeung angin riboet
12 bakal ngabeulah eta. 'Broeg bilik teh toeloj roegroeg. Naha maraneh harita lain bakal ditanja kijeu: Di mana ajeuna poelas, beunang maraneh moelaskeun
13 teh? 'Koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Ari eta teh koe kami rek disina beulah koe angin riboet sadjĕro kami wĕra, sarta pjaĕaun hoedjan goentoer sadjĕro kami bĕndoc, kitoe deui hoedjan boewah galĕde sadjĕro kami sewot, baris mejakeun eta. 'Tab, kitoe kami nja pingaroentoehkeuneun eta bilik, beunang maraneh moelas koe apoe teja, bari koe kami diratakeun djeung taneuh, wani katara padĕmenna; broeg nagara teh piroeboeheun, sarta maraneh tangtoe bejak di djĕrona; harita maraneh tangtoe nganjahokeun,
15 jen kami teh Pangeran. 'Djadi kami teh rek njatjapkeun wĕra kami kana eta bilik djeung ka noe maroe-las inja koe apoe teja; sarta kami bakal ngalahir ka maraneh: Bilik teh geus euweuh, kitoe deui noe maroe-las teh geus euweuh; 'tĕgĕs nabi-nabi Israil, noe sok ngawarĕdjang hal Jĕroesalem, djeung mangmarĕlĕngkeun ka dinja tetendjoan kasalamĕtan, padahal euweuh kasalamĕtan, lahiran Goesti Pangeran.

a p. 14:9. b Jer. 6:14.

17 Djeung deui maneh teh, anak Adam! geura njanghareup ka anak bangsa maneh noe awewe, ka sakoer noe sok nga-

wĕdjang ti hate sorangan, sarta koedoe
 18 ngawĕdjang pitjilakaen eta; 'ari pio-
 mongeun maneh: Kijeu timbalan Goesti
 Pangeran: Pibalateun awowe, noe sok
 ngarapoet goegoeling keur sakabeh ke-
 lek, djeung njarijeun koekoedoeng keur
 sirah sagala dĕdĕg, baris moro njawa!
 Naha maraneh dek moro njawa oemat
 kami, djeung ngabiroepan njawa mara-
 19 neh sorangan? 'Sarta maraneh nganis-
 takeun kami di oemat kami, a malar
 poporot gandroeng satjangeum djeung
 roti sahoewapeun; noe dipambrih ma-
 chan djalma, noe bĕnĕrna oelah dipae-
 han, djeung ngahiroepan djalma, noe
 bĕnĕrna oelah dihiroepan; lantaranana
 maraneh ngabohong ka oemat kami,
 20 noe ngagoege kana bohong. 'Koe sabab
 eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran:
 Masing njaho, kami ngamoesoch ka goe-
 goeling maraneh, noe djadi sarat ma-
 raneh moro njawa di dinja, malar sina
 ngarapoeng; sarta koe kami eta rek
 dirĕboet ti leungeun maraneh; djeung
 kami rek ngaleupaskeun eta njawa, tĕgĕs
 njawa beunang maraneh moro malar
 21 sina ngarapoeng teja. 'Samalah eta ko-
 koedoeng maraneh koe kami rek diso-
 soĕh, sarta rek ngaloewarkeun oemat
 kami ti leungeun maraneh; moal djong-
 djon ajana dina leungeun maraneh sa-
 pĕrti beunang moro; barita maraneh
 tangtoe nganjahokeun, jen kami teh
 22 Pangeran. 'Sapedah maraneh djalan tji-
 dra nganjĕrikeun ka hate djalma bĕnĕr,
 noe koe kami hanteu dinjĕrikeun; djeung
 sapedah maraneh b ngoewatkeun leu-
 ngeun djalma doraka, sina oelah tobat
 mitjeun djalanana noe goreng, sarta oelah
 23 hiroep; 'koe sabab eta, maraneh hamo
 mĕlĕng-mĕlĕng deui noe gapong, sarta
 hamo ngalampahkeun deui noedjoem;
 djeung deui oemat kami koe kami rek
 dika-loewarkeun ti leungeun maraneh,
 sarta maraneh tangtoe nganjahokeun,
 jen kami teh Pangeran.

a Sil. 28: 21; Mik. 3: 5. b Jer. 23: 14. c p. 14: 8.

PASAL 14.

Hidji mangsa aja djalma daratang ka
 kaoela a kaasoep kokolot Israil, gek
 2 tjaralik di hareupeun kaoela. 'Ari geus
 kitoe aja pangandika Pangeran ka ka-
 3 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak

Adam! eta djalma-djalma pada midjoe-
 ragan ka brahalana dina atina, sarta
 tatadjongan kadorakaanana koe eta geus
 diteundeun di hareupeun beungeutna;
 b boloampar teuing kami kĕrsa ditanja
 4 koe noe kitoe. 'Koe sabab eta, maneh
 geura mitjatoer ka darinja, sarta bedja-
 keun ka darinja: Kijeu timbalan Goesti
 Pangeran: Sing saha-saha anak-intjoe
 Israil, noe midjoeragan ka brahalana
 dina atina, djeung neundeun tatadjongan
 kadorakaanana di hareupeun beungeut-
 na, bari manggihan ka nabi: ijeu kami
 Pangeran rek ngawalon ka noe kitoe
 dina pĕrkarana, noeroetkeun kalobaan
 5 brahalana; 'noe dipandang, anak-intjoe
 Israil teh koe kami rek ditjĕkĕl dina
 atina, sapedah pada oendoer kabeh ti
 6 kami koe brahala-brahalana. 'Sabab ki-
 toe, bedjakeun ka anak-intjoe Israil:
 Kijeu timbalan Goesti Pangeran: 'Geura
 tarobat! koedoe aloendoer ti brahala-
 brahala maraneh, bari malengoskeun
 beungeut ti sakabeh kagiroekan di
 7 maraneh. 'Karana sing saha-saha anak-
 intjoe Israil, atawa d semah noe ngoem-
 bara di Israil, anoe oendoer ti poeng-
 koereun kami, nja midjoeragan ka
 brahalana dina atina, djeung neundeun
 tatadjongan kadorakaanana di hareu-
 peun beungeutna, bari manggihan ka
 nabi, sĕdja nanja ka kami koe lantaran
 eta: ijeu kami Pangeran rek ngawalon
 8 ka noe kitoe koe andjeun. 'Nja eta
 kami bakal njanghareup pameunteu ka
 djalma kitoe, sarta koe kami rek dida-
 mĕl matak mĕlĕngĕk, didjadikeun tanda
 djeung misil, malah c koe kami rek di-
 basmi, dileungitkeun ti tĕngah oemat
 kami; b barita maraneh tangtoe nga-
 njahokeun, jen kami teh Pangeran.
 9 'Djeung lamoen nabi teh kawoedjoek,
 pok ngomong kitoe-kijeu: ijeu kami Pa-
 ngeran noe ngawoedjoek ka eta nabi,
 'sarta kami rek njodorkeun panangan
 kami ka dinja, bari koe kami ditoem-
 poer, dileungitkeun ti tĕngah oemat
 10 kami Israil. 'Djadi eta pada pinanggoe-
 ngeun kadorakaanana; sakoemaha ka-
 dorakaan noe nanja teja, nja kitoe ke-
 11 neh kadorakaan eta nabi; noe dipandang,
 anak-intjoe Israil oelah sarasab deui ti
 poengkoereun kami, djeung oelah uga-
 naradjiskeun maneh deui koe sakabeh

kamasijatanana; ari kitoe mah / eta bakal oemat kami, djeung kami bakal Allahna, lahiran Goesti Pangeran.

a p. 20:1. b 1 Sam. 28:6. c p. 19:30. d 3 Moesa 17:8. e 3 Moesa 17:10. f 5 Moesa 28:37. g 3 Moesa 20:3. h p. 13:7. i p. 13:9. j 2 Moesa 19:5. 6.

- 12 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
13 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! lamoen aja hidji tanah noe boga dosa ka kami, migawe salab, sarta kami njodorkeun panangan kami ka dinja, * bari motongkeun iteuk roti anoena, nja kami ngadatangkeun langlajuseun ka eta tanah, djeung kami ngabasmī manoesa djeung sasatoan, dileungitkeun ti
14 dinja: 'nadjan di djero eta tanah aja ijeu tiloe djalma, Ēnoh, Daniël djeung Ajoeb teja, eta djalma koe lantaran kabēnēranana ngan ngaloepoetkeun njawana sorangan, lahiran Goesti Pangeran.
15 'Oepama ^b tanah teja koe kami disina kasorang sato galak, pek koe eta diboe-rak-barik, toeloj djadi soewoeng, datang ka taja noe nJORANG bawaning sijeun
16 sato: 'moen eta tiloe djalma aja di djero eta tanah, dēmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, eta djalma hamo ngaloepoetkeun anak lalaki atawa anak awewe; ngan dirina bae noe diloepoet-keun, dēmi tanah teja mah tangtoe djadi
17 soewoeng. 'Atawa ^c kami ngadatangkeun pēdang ka tanah kitoe, bari nimbalan: Eh pēdang! koedoe nJORANG kana eta tanah; seg kami ngabasmī manoesa djeung sasatoan, dileungitkeun ti dinja:
18 'ana eta tiloe djalma aja di djero eta tanah, dēmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, eta djalma moal ngaloepoet-keun anak lalaki atawa anak awewe, saēnjana ngan dirina bae noe diloepoet-
19 keun. 'Atawa kami ngadatangkeun pagē-boeg ka tanah kitoe, sarta ngoetjoerkeun wēra kami ka dinja, ^d lantaran gētih, kērsa ngabasmī manoesa djeung sasa-
20 toan, dileungitkeun ti dinja: 'nadjan Ēnoh, Daniël djeung Ajoeb teja aja di djero eta tanah, dēmi hiroep kami! lahi-ran Goesti Pangeran, eta djalma hamo ngaloepoetkeun anak lalaki atawa anak awewe; saēnjana eta teh koe lantaran kabēnēranana ngan ngaloepoetkeun nja-
21 wana sorangan. 'Karana kijeu timbalan Goesti Pangeran: Geus komo lamoen eta opat hoekoeman kami noe mawa tjilaka, ^e nja eta pēdang, langlajuseun,

- sato galak djeung pagēboeg teja, koo kami didatangkeun ka Jēroesalem, baris ngabasmī manoesa djeung sasatoan, di-
22 leungitkeun ti dinja. 'Tatapi, masing nja-ho, di Jēroesalem / pikarieun oge noe ra-bajoe, noe dika-loowarkeun, nja eta anak lalaki djeung anak awewe; masing njaho, eta pibaridjileun ka maraneh, sarta koo maraneh bakal katendjo djalanna djeung pagaweanana; seug maraneh bakal kali-poeran hal katjilakaan, noe koo kami didatangkeun ka Jēroesalem, nja eta saniskara noe koe kami dikeunakeun ku
23 dinja. 'Djadi eta bakal pada matak lipoeer ka maraneh, samangsa maraneh nondjo djalanna djeung pagaweanana; harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen moal taja sabab kami ngadamēl eta saniskara, noe koe kami didamēl ka dinja, lahiran Goesti Pangeran. *a p. 3:16. b 3 Moesa 20:22. c 3 Moesa 26:25. d p. 16:38. e Wajl. 6:8. f p. 12:16.*

PASAL 15.

- Aja deui pangaudika Pangeran ka ka-
2 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! kai tangkal anggoer, naon kaleu-wihanana ti kai anoe loba? Naon kaleu-wihanana daban anggoer, noe kaāsoep
3 tatangkalan leuweung? 'Naha aja noe ngala kaina, baris njiieun parabot? ata-wa aja noe ngala eta baris kakait, pi-keun njangsangkeun barang naon-naon?
4 'Ēnjana mah dibikeun kana seuneu, baris hakaneun. Ari noe doewa toengtoengna bejak dihakan seuneu, djeung tēngkana lēboer: naha aja pigawēunana baris pa-
5 rabot? 'Tjatjakan keur hade keneh teu beunang didijieun parabot; komo lamoen geus dihakan seuneu sarta lēboer: pima-naeun didijieun deui parabot? 'Koe sabab
6 eta, kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sakoemaha kai tangkal anggoer dina tatangkalan leuweung, noe koe kami diselehkeun kana seuneu, barishakaneun, nja kitoe kami rek njelehkeun priboeumi
7 Jēroesalem. 'Nja eta ^a kami bakal njang-hareup pameunteu ka maranehanana; ana baridjil ti seuneu, seg dihakan seuneu deui; ^b didinja maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran, dimana kami keur njanghareup pameun-
8 teu ka maranehanana. 'Ari tanahna koo kami rek didjadikeun soewoeng, sabab maranehanana pada migawe salab, lahi-ran Goesti Pangeran. *a p. 14:8. b p. 12:20.*

PASAL 16.

1 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
 2 oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak
 Adam! ^a koedoe mero njaho ka Jĕro-
 3 salem kagiroekan lampahna; ^a 'ari pio-
 mongeun maneh: Kijeu timbalan Goesti
 Pangeran ka Jĕroesalem: Boeroesoet
 maneh djeung asal maneh ti tanah Ka-
 4 naan; ^b bapa maneh oerang Emor, ari
 indoeng maneh oerang Het. 'Ari asal
 maneh teja, keur poean maneh didjoe-
 roekeun, tali ari-ari maneh teu dikeureut,
 djeung maneh teu dimandian koe tjai,
 teu dibĕrsihan; sarta maneh teu dioe-
 5 sapan koe oejah, soemawonna dibĕdo-
 ngan. 'Taja panon noe hawatir ka maneh,
 milampah ka maneh salah-sahidjipĕrkara
 noe tadi, bawaning karoenja ka maneh;
 anggoer maneh seg dipitjeun ka tong-
 gong tĕgal, bawaning diri maneh dipi-
 kagiroek keur poean maneh didjoeroe-
 6 keun. 'Kabĕnĕran kami ngaliwat ka
 maneh, sarta maneh koe kami katingali
 keur roroĕsan, bobolokot koe gĕtih; heug
 kami nimbalan ka maneh, keur maneh
 bobolokot koe gĕtih teh: Masing hiroep!
 estoe kami nimbalan ka maneh, keur
 maneh bobolokot koe gĕtih teh: Ma-
 7 sing hiroep! 'Maneh koe kami didjadi-
 keun laksa-laksaĕn, sapĕrti djoekoet di
 tĕgal; maneh ngagĕdean ngadjangkoe-
 ngan, sarta maneh datang ka aloes pisan;
 soesoer maneh njeungseung, djeung boeloe
 maneh djadi; tetapi maneh teh sataran-
 8 djang nja salanggoetoer. 'Kabĕnĕran
 kami ngaliwat ka maneh, sarta maneh
 koe kami katingali, doemadakan, oemoer
 maneh geus ninggang waktoe bĕger; heug
 kami meberkeundjangdjang kami ka loe-
 hoereun maneh, noetoepan orat maneh;
 malah kami soempah ka maneh, ^a sarta ka-
 mi mandjing pĕrdjangdjan djeung maneh,
 lahiran Goesti Pangeran; ti harita maneh
 9 djadi kagoengan kami. 'Tidinja maneh
 koe kami dimandian koe tjai; nja gĕtih
 maneh koe kami diseblok, dileungitkeun
 ti maneh, bari maneh koe kami dioela-
 10 san koe minjak. 'Rap maneh koe kami
 dipakeanan soesoelaman, djeung dita-
 roempahan ^a koelit doejoeng, sarta di-
 beubeuran boĕh katji, bari dibadjoean
 11 soetra. 'Malah maneh koe kami didang-
 danan pĕrhijasan, nja eta kami makekeun

geulang ka leungeun maneh, kitoe deui
 12 kangkaloeng ka beuheung maneh. 'Ari
 iroeng maneh koe kami ditĕrapan an-
 ting, djeung tjeuli maneh ditĕrapan koe-
 raboe, sarta ^a sirah maneh ditĕrapan
 13 makoeta moelja. 'Djadi maneh teh di-
 hijasan ĕmas-perak, sarta papakean ma-
 neh boĕh katji, soetra djeung soesoela-
 man; ari kabakanan maneh tipoeng
 lĕmĕs, madoe reudjeung minjak; toer
 maneh teh geulis kawanti-wanti, sarta
 14 maneh loeloes kana karadjaan. 'Noe ma-
 tak ngaran maneh kamashoerkeun ka
 sagala bangsa, ^a tina kageulisan maneh;
 wantoe eta teh sampoerna, koe kamoel-
 jaĕn kami, noe koe kami ditĕrapkeun
 ka maneh teja, lahiran Goesti Pangeran.

a Jĕs. 58: 1. b 1 Moesa 15: 10; 27: 46 c Eoet 3: 9.

d 2 Moesa 19: 5; 24: 8. e 2 Moesa 25: 5. f 1 Moesa

24: 22, 47. g Sĕl. 4: 9; Njanj. 5: 16. h Njanj. 2: 15.

15 Dĕmi maneh teh ngandĕlkeun kana
 kageulisan maneh, sarta maneh ^a djinal,
 kena-kena mashoer; wani djinal maneh
 dimonjah-monjah ka sakoer bae noe
 16 ngaliwat; sok ka eta. 'Djeung maneh
 njokot papakean maneh, bari seug nji-
 jeun ĕnggon laloehoer keur diri maneh.
 didangdanan warna-warna roepana; prak
 maneh djinal dina eta; bĕnĕrna oelah
 datang ka kitoe, djeung oelah kalakon.
 17 'Sarta maneh njokot rarangken maneh
 noe moelja-moelja, ĕmas-perak kami,
 noe koe kami dipaparinkeun ka maneh
 teja, pek njijeun roepa lalaki keur diri
 maneh, bari toeloelj djinal ka darinja.
 18 'Malah maneh njokot papakean maneh,
 sipat soesoelaman teja, seg dipakekeun
 ka darinja, sarta minjak kami djeung
 seuseungitan kami koe maneh dibikeun
 19 ka hareupeun eta. 'Kitoe deui rĕdjĕki
 ti kami, tipoeng lĕmĕs, minjak reudjeung
 madoe, noe koe kami dipaparinkeun ka
 maneh keur hakaneun maneh teja, koe
 maneh dibikeun ka hareupeun eta, ^b ba-
 ris aĕmbeuan matak sĕdĕp. Tah, kitoe
 20 djadina, lahiran Goesti Pangeran. 'Djeung
 deui maneh njokot anak maneh lalaki-
 aweue, beunang maneh ngadjoroekkeun
 pikeun kami, ^c prak dikoerbankeun ka
 darinja, sina dibakan. Naba boga rasa
 21 djinal maneh sacutik keneh, 'wĕt ma-
 neh meuntjitan deui anak kami, sarta
 disĕrahkeun, lantaranana koe maneh
 22 disina njorang seuneu adjang eta! 'Sarta

sadjĕro sakabeh lampah maneh noo matak giroek reudjeung djinal maneh teja, eta maneh teu ingĕt ka djaman maneh ngora, basa maneh satarandjang nja salanggoetoer, roroĕsan bari bobolokot koo gĕtĭh teja. 'Ari geus kitoe, sanggeusna eta sakabeh kagorengan maneh, (pibalateun, pibalateun maneh, lahiran Goesti Pangeran) 'toeloej maneh ngadĕgkeun imah kĕwoeng keur diri maneh, sarta njijeun ĕnggon loendjoeng keur diri maneh dina oenggal-oenggal loeloeroeng. 'Eta maneh ngadĕgkeun ĕnggon maneh noo loendjoeng teh ^a dina oenggal-oenggal pepengkolan djalan, sarta kageulisan maneh koo maneh didijjeun kagiroekan, djeung maneh ngadaugkak soekoe maneh keur sakoer noo ngaliwat; djadi maneh ngarosakeun djinal maneh. 'Eta maneh djinal ^c ka oerang Mĕsir, tangga maneh, noe gĕde awak; djadi maneh ngarosakeun djinal maneh, matak ngabĕndoekeun kami. 'Sabab kitoe, masing njaho, ^f kami njodorkeun panangan kami ka lochoereun maneh, bari ngoerangan kipajah maneh noe misti, djeung maneh koo kami diselehkeun ka napsoe djalma noe gareuleuh ka maneh, nja eta ka anak Pĕlisti, noe warirang koe djalan maneh noe roetjah. 'Sarta maneh djinal deui ^g ka oerang Asoer, sabab maneh teu seubeuhan; prak maneh djinal ka dinja, tapi maneh tatjan seubeuh kenel. 'Heug maneh ngarosakeun deui djinal maneh di tanah Kanaan, bras ^h ka tanah Kasdim; tapi nadjan kitoe ge maneh tatjan seubeuh kenel bae. 'Aja sakitoe leumpeuh-joeni maneh teh! lahiran Goesti Pangeran; wani milampah sakabeh noe kitoe, kalakoean dajang noe sakamakama; 'wani maneh ngadĕgkeun imah maneh noe kĕwoeng dina pepengkolan oenggal djalan, djeung njijeun ĕnggon maneh noe loendjoeng dina oenggal loeloeroeng; toer maneh lain tjara dajang noe loba, da njoemahkeun kana pama-ⁱ djĕg. 'Ih, awewe ranjedan! sok ngala lalaki sedjen, ugaganti salakina. 'Ka dajang noe loba pada mahoegi; dĕmi maneh mah mahoegi ka sakabeh kabogoh maneh, sarta mere-mere ka darinja, sina datang ka maneh ti sakoeriling, djinal ka maneh. 'Djadi lampah maneh dibalik ti lampah awewe noe loba dina djinal

maneh, da taja noe nejang ka maneh hajaug djinal; kitoe kenel dina maneh mere panorog, sarta taja noe mere pamadĕg ka maneh teja; djadi koe maneh teh dibalik.

a 2 Moesa 31: 16. b p. 6: 13.

c 2 Radj. 17: 17; p. 23: 39. d Jer. 3: 2. e p. 23: 8, 19.

f p. 6: 14. g p. 23: 5, 12. h p. 23: 15.

35 Sabab kitoe, eh dajang! geura denge-
36 keun ijeu pangandika Pangeran. 'Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Sapedah maneh ngamonjah-monjah tambaga maneh, djeung orat maneh datang ka tombong koe lantaran djinal maneh ka sakoer kabogoh maneh; sarta tina hal sakabeh brahala maneh noe matak giroek, kitoe deui tina gĕtĭh anak-anak maneh, noe koe maneh dibikeun ka darinja teja:
37 'noo matak kami, satĕmĕnna, rek ngoempolkeun sakabeh kabogoh maneh, noe koe maneh dipake soesoekaan, djeung sakoer bae noe koe maneh dipikanjaah, barĕng sakoer noe koe maneh dipikageuleuh; nja eta koe kami rek dikoeimpolkeun, ^a sina ugamoĕsoeh ka maneh ti sakoeriling, sarta kami rek nembongkeun orat maneh ka darinja, sina pada
38 nendjo saorat maneh kabeh. 'Djeung kami ka maneh rek nĕrapkeun ^b hoekoem awewe noe ngaranjed sarta noe ngoetjoerkeun gĕtĭh; nja kami rek ngaloewarkeun gĕtĭh maneh lantaran wĕra
39 djeung kasarĕgĕpan. 'Sarta maneh koe kami rek diselehkeun ka leungeun eta djalma; toeloej bakal pada ngaroentoehkeun imah maneh noe kĕwoeng, djeung ngaboerak-barik ĕnggon maneh noe loendjoeng teja, bari pada ngarangsadan papakean maneh, djeung njarokot rarangken maneh noe moelja teja; heug maneh koe eta ditinggalkeun satarau-
40 djang nja salanggoetoer. 'Samalah eta bakal pada ngadatangeun anoe pingagimboengeun ka maneh; seug ^c pada maledogan ka maneh koe batoe, bari pada njatjag ka maneh koe pĕdang-pĕ-
41 dangna. 'Djeung imah maneh koe eta ^d bakal dihoeroean koe seuneu, bari pada ngalampahkeun hoekoeman ka maneh di hareupeun panon awewe noe loba; sarta maneh koe kami rek dieureunkeun tina dajang, malahan maneh moal
42 mere-mere deui panorog. 'Kakara ^e kami ngareureuhkeun wĕra kami ka maneh, sarta kasarĕgĕpan kami pinjingkireun

ti maneh; nja kami teh pilēmpereun,
 43 moal bēndoe-bēndoe deui. 'Sapedah maneh teu ingēt ka djaman maneh ngora, djeung maneh ngaririweuh ka kami koe sakabeh lampah kitoe teja; mana kami teh, masing njaho, / rek malikkeun djalan maneh ka diri maneh, lahiran Goesti Pangeran; sarta maneh moal migawe-migawe deui karoetjahan, nambaban sakabeh kagiroekan lampah maneh.

a p. 23: 10, 20. b 3 Moesa 20: 10; p. 23: 45.

c p. 23: 47. d 2 Radj. 23: 9. e p. 21: 17. f p. 22: 31.

44 Masing njaho, sakoer ahli paribasa mēngko make paribasa hal maneh, kijeu pokna: 'Tjara indoeng, nja kitoe anakna
 45 awewe. 'Maneh teh anak indoeng maneh, anoe mitjeun salakina djeung anak-anakna; sarta maneh teh sadoeloer djeung doeloer-doeloer maneh, noe maritjeun salakina djeung anak-anakna; indoeng maraneh oerang Ilet, ari bapa maraneh
 46 oerang Emor. 'Ari doeloer maneh noe gēde nja Samaria, nja eta djeung anak-anakna, noe ēnggonna kentjaeun maneh; sarta doeloer maneh noe leutik ti batan maneh nja Sadoemoe djeung anak-anakna, noe ēnggonna katoehoeēun maneh.
 47 'Tatapi maneh teu ngalakonan djalan eta, djeung teu migawe sakoemaha kagiroekan lampah eta; ēnjana mah, kawats saeutik teuing [kagorengan eta], maneh teh lēbar ti batan eta dina sakabeh djalan maneh. 'Dēmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran: Sadoemoe, doeloer maneh, nja eta djeung anak-anakna, boloampar migawe sakoemaha noe dipigawe koe maneh djeung anak-anak maneh. 'Mapan kijeu kadorakaān Sadoemoe, doeloer maneh teh: kamagoengan, seubeuh kabakanan djeung gēnah tji-tjing; kitoe kalakoean eta djeung kalakoean anak-anakna; toer teu ngoewatkeun leungeun noe balangsak djeung
 50 noe miskin. 'Ēnjana eta teh pada angkoeh, djeung ngalampahkeun kagiroekan di pajoeneun kami; noe matak eta koe kami disingkirkeun ^a sanggeusna koe kami diwaspadakeun. 'Ari Samaria teja
 51 ^b dosana teu saparo dosa maneh; ēnjana kagiroekan maneh mah rosa ti batan eta doewaan, sarta maneh teh sasat ngabēnrkeun ka eta doeloer-doeloer maneh, koe lantaran sakabeh kagiroekan noe koe maneh dilampahkeun. 'Ma-

neh oge koedoe njandang wiwirang maneh, anoe djadi lantaran maneh ngabēnrkeun ka doeloer maneh teja; tina dosa maneh, noe koe maneh didjjeun matak giroek ti batan eta, noe matak eta pada bēnr ti batan maneh; mana maneh oge koedoe era, djeung koedoe njandang wiwirang maneh, noe djadi lantaran maneh ngabēnrkeun ka doeloer maneh teja. 'Sarta ^c dibojongna teja tangtoe koe kami dibalikkeun, tēgēs dibojongna Sadoemoe djeung anak-anakna, sarta dibojongna Samaria djeung anak-anakna, kitoe deui dibojongna noe
 54 dibarojong ti maneh di tēngah eta; ^d soepaja maneh njandang wiwirang maneh, sarta maneh wirang tina sawiskara noe dilampahkeun koe maneh teja, matak
 55 maneh ngoepahan ka dinja. 'Ari doeloer maneh, nja eta Sadoemoe djeung anak-anakna teja, pipoliheun ka oeroetna tadi; kitoe deui Samaria djeung anak-anakna pipoliheun ka oeroetna tadi; malah maneh djeung anak-anak maneh
 56 pipoliheun ka oeroet maneh tadi. 'Ari Sadoemoe, doeloer maneh teja, teu disēboet-sēboet atjan koe biwir maneh
 57 keur poēan kamagoengan maneh; ^e samemeh njata kagorengan maneh, ^f tjara keur waktōe dilihina koe anak Sam djeung koe sakabeh noe sakoeriling eta, kitoe deui koe anak Pēlisti, noe ngare-
 58 waeun ka maneh ti sakoeriling. 'Eta maneh nanggoeng karoetjahan maneh djeung kagiroekan maneh, lahiran Pangeran. 'Karana kijeu timbalan Goesti Pangeran: ^g 'Estoe kami rek midamēl ka maneh sakoemaha noe dipigawe koe maneh, / anoe njoemahkeun soempah,
 60 bari ngarobahkeun pērdjangdjian. 'Parandene kitoe ^h kami tangtoe ngelingkeun pērdjangdjian kami ka maneh keur djamman maneh ngora teja, sarta kami ka maneh rek ngadēgkeun pērdjangdjian
 61 langgēng. 'Didinja ⁱ maneh tangtoe ingēt ka djalan maneh, sarta wirang, dimana maneh narima doeloer maneh, anoe galēde ti batan maneh, barēng noe laleutik ti batan maneh; da eta teh koe kami rek dipaparinkeun ka maneh baris anak, ^j tapi teu kaasoep pērdjangdjian
 62 maneh. 'Saēnjana kami rek ngadēgkeun pērdjangdjian kami ka maneh; ^k sarta maneh tangtoe nganjahokeun, jen kami

tes teh Pangeran. 'Soepaja maneh ingĕt, sarta era, djeung maneh oelah ngangah-ngangah deui soengot koe bawaning wirang; dimana kami geus ngahampoea ka maneh saniskara noe koe maneh dilampahkeun teja, lahiran Goesti Pangeran. a 1 Moesa 18: 21 b Jer. 3: 11 c p. 39: 23 d 2 Bab. 28: 5, 18 e p. 7: 27 f p. 17: 18 g 3 Moesa 26: 42 h p. 20: 43 i Joh. 10: 14 j p. 20: 42.

PASAL 17.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
2 oela, kieu pangandikana: 'Eh, anak Adam! maneh koedoe aja toetoeroetjangan, djeung koedoe mako misil ka anak-
3 intjoe Israul. 'Ari piomongeun maneh: Kieu timbalan Goesti Pangeran: Aja hidji * galoedra gĕde, djangdjangna gĕde nja pandjang, boeloena kandĕl, warna-warna roepana; hol ka goenoeng Libanon, top njokot pontjot ki poetri. 'Pek mĕtik tjongo poetjoekna, bari toeloelj dibawa ka tanah dagang, diteundeun
5 di nagara soedagar. 'Djeung deui njokot bibit tanah tadi, seg dipĕlak dina lahan pabibitan; nja dibawa ka sisi tjai gĕde, diteundeunna sapĕrti waroe lot. 'Geus kitoe ngaraksoek, * nja djadi tangkal anggoer ngarambat, handap dĕdĕgna; ari dabanna pada mĕnĕr ka noe mĕlak, djeung akarna aja di handapeun eta. Kitoe bibit teh djadi tangkal anggoer,
7 sarta dabanana djeung daoenan. 'Djeung aja deui hidji galoedra gĕde, djangdjangna gĕde, toer loba boeloena; doemadakan, tangkal anggoer teja ngingĕrkenn akarna ka dinja, djeung njodorkeun dabanna ka dinja tina heuleuran dipĕlakna,
8 hajang ditjaian koe eta. 'Padahal dipĕlakna dina lahan aloes, sisi tjai gĕde, sina dabanana, djeung sina boewahan; nja soepaja djadi tangkal anggoer pobar.
9 'Geura ngomong: Kieu timbalan Goesti Pangeran: Koemaha piloeleseun? Naha akarna lain bakal diraboet, bari boewahna dikeureutan, sina tangkal teh garing, sina sakabeh daoenna noe geus djadi teja garing, nja eta sina dilaan ti akarna, lain koe kawasa gĕde atawa
10 koe bala rosa? 'Geuning, eta geus dipĕlak; koemaha piloeleseun? naha, dimana kataradjang * angin ti wetan, lain bakal garing pisan? Dina heuleuran ĕnggonna djadi, eta teh pigaringeun.

a Jer. 49: 22 b Djab. 80: 9 c AJ. 27: 21.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
12 oela, kieu pangandikana: 'Maneh goura ngomong ka * bangsa mantangoel teh: Naha maraneh teu ngaharti pĕrkara noe tadi? Bedjakeun: Masing njaho, radja Baboel bareto datang ka Jĕroesalem, * njokot radjana djeung kapala-kapalana, bari toeloelj dibawa ka manehana, ka Baboel. 'Djeung * njokot deui hidji toeroenan radja, bari njijoun pĕrdjangdjan ka dinja, sarta disina mandjing soempah; ari noe pada kawasa
14 dina tanah teh dibawa; 'soepaja karadjaan teh handap, oolah ngaloehoerkeun maneh; djeung koedoe ngestoekeun pĕrdjangdjanana, sangkan karadjaan teh
15 tĕtĕp. 'Tatapi toeroenan teja * baha ka radja Baboel, djalana ngoatoesanana ka Mĕsir, hajang dibere koeda djeung bala gĕde. Koemaha piloeleseun? naha pirahajoeun noe migawe kitoe? karah eta noe ngarobahkeun pĕrdjangdjan teh pi-
16 rahajoeun? 'Dĕmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, saĕnja-ĕnjana, di ĕnggon radja, noe ngadjĕnĕngkeun manehana djadi radja, noe soempahna koe manehana ditjoemahkeun, sarta noe pĕrdjangdjanana koe manehana dirobahkeun teja, di dinja, di djĕro nagara
17 Baboel, manehana pipaheun. 'Djeung deui Piraon, mawa balad gĕde djeung mawa wadya rosa oge, moal ngabelaan ka manehana dina pĕrang, * samangsa aja noe ngalingkoeng koe benteng, djeung samangsa aja noe njarijeun koeta,
18 baris ngabasmi djalma loba pisan. 'Karana manehana geus njoemahkeun kana soempah, ngarobahkeun kana pĕrdjangdjan; mapan bareto njodorkeun leungeunna, kari-kari migawe saniskara
19 noe kitoe; hamo pirahajoeun. 'Koe sabab eta, kieu timbalan Goesti Pangeran: Dĕmi hiroep kami! saĕnja-ĕnjana, eta soempah kami, noe koe manehana ditjoemahkeun, kitoe deui pĕrdjangdjan kami, noe koe manehana dirobahkeun, / koe kami rek disina malik ka dirina.
20 'Sarta kami bakal ngaroengkoepkeun * eura kami ka dinja, djeung bakal ditangkĕp koe djaring kami; seug koe kami rek didatangkeun ka Baboel, bari toeloelj oeroes-oeroes djeung manehana di dinja tina hal kasalahanana, noe koe manehana dilampahkeun ka

21 kami. 'Ari ^a sakabeh kakaboeranana dina sakabeh barisanana bakal tinggolepak koe pĕdang, djeung sakoer noe kari bakal dipaboerantakkeun ku sagala angin; harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami Pangeran noe ngandika kitoe.

a p. 2: 5. b p. 1: 2. c 2 Radj. 24: 14—17. d 2 Radj. 24: 20. e Jsa. 29: 3. f p. 9: 10. g p. 32: 3. h p. 5: 2; 12: 14, 15.

22 Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Djeung deui kami rek njandak ti pontjot ki poetri noe loehoer teja, bari seug dipĕlak; ti tjongo poetjoezna teja kami rek mĕlik noe ngora, bari seug koe kami dipĕlak dina goenoeng noe loehoer nja

23 noenggiring; 'nja dipĕlakna teh koe kami dina goenoeng Israil ^a noe loehoer teja; toeloj eta bakal dahanan, djeung boewahan, sarta pidjadieun ki poetri pohara, ^b wani sakabeh manoe, sakoer noe djangdangan, ngarĕnggon di handapeunana; dina hijeum dahan-dahanna pi-

24 ngĕnggoneunana. 'Didinja sakabeh tangkalan tĕgal tangtoe nganjarahokeun, jen kami Pangeran ^c noe ngabandapkeun eta kai loehoer, ngaloehoerkeun eta kai handap, ngagaringkeun eta kai hedjo, djeung ngamoeloeskeun eta kai garing. ^d Ijeu kami Pangeran noe ngandika, sarta tangtoe koe kami dilampahkeun.

a p. 20: 40. b p. 31: 6; Mat. 13: 32. c p. 21: 26. d p. 36: 36.

PASAL 18.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
2 Aola, kijeu pangandikana: 'Naha maraneh teh wĕt sok ngabarasakeun eta babasan dina tanah Israil, anoe kijeu teja: ^a Bapa ngahakan boewah anggoer noe hasem, ari hoentoe anakna palaor?
3 'Dĕmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, ^b maraneh ka-hareupna moal ngabasakeun deui babasan eta di Israil.
4 'Masing nganjahokeun, sakabeh njawa nja kagoengan kami; boh njawa bapa, boh njawa anak, nja kagoengan kami; ^c saha-saha njawa noe boga dosa, nja
5 eta noe pipaheun. 'Lamoen aja djalma bĕnĕr, ngalampahkeun hoekoem djeung
6 kabĕnĕran, 'teu ^d dadaharan dina goenoeng-goenoeng, teu ^e njĕngkatkeun panonna ka brahala-brahala anak-intjoe Israil, teu ^f nganadjiskeun ka pamadji-

7 ka awewo noe kour kotor; 'kitoe deui ^g teu nganjaja ka saha-saha, ^h moelangkeun gade ka noe hoetang, teu ngarampas kijeu-kijeu, ⁱ ngabagi rĕdjĕkina ka noe langlajouseun, sarta noetoepan ka
8 noe boeroendoel koe papakean; 'teu ^j ngindjeumkeun malar boengah, soemawonna njokot bati leuwih ti meudjuehna, ngendoerkeun leungeunna tina kagorengan, ngalampahkeun kaadilan noe sajakti antara djalma ka pada djalma;
9 'ngalakonan pikoekeuh kami, djeung ngestoekeun hoekoem kami, malar milampah noe sajakti: djalma noe kitoe teh bĕnĕr, tangtoe hiroep, lahiran Goesti
10 Pangeran. 'Oepama noe kitoe boga anak, anoe djadi euwah-euwah, ngoetjoerkeun gĕtih, atawa ka doeloer milampah salah-
11 sahidji pĕrkara noe tadi; 'djeung teu milampah salah-sahidji [kawadjiban] noe tadi, malah-malah dadaharan dina goenoeng-goenoeng, sarta nganadjiskeun ka
12 pamadjikan batoer, 'nganjaja ka noe balangsak djeung ka noe miskin, ngarampas kijeu-kijeu, teu moelangkeun gade, djeung njĕngkatkeun panonna ka brahala, mi-
13 gawe kagiroekan, 'ngindjeumkeun malar boengah, djeung njokot bati leuwih ti meudjuehna: noe kitoe teh naha pihiroep? Alangkara teuing hiroep; geus migawe eta sakabeh kagiroekan; pasti dihoekoem paeh, ^k dosana pimalikeun
14 ka diriua. 'Doemadakan, eta boga anak, uendjo sakabeh dosa bapana, noe dipigawe koe eta, sarta hade-hade, teu milampah noe kitoe pĕtana; 'teu dadaharan dina loehoer goenoeng-goenoeng, djeung teu njĕngkatkeun panonna ka brahala anak-intjoe Israil; teu ngana-
15 djiskeun ka pamadjikan batoer, 'sarta teu nganjaja ka saha-saha; teu njokot naon-naon baris gade, djeung teu ngarampas kijeu-kijeu, ngabagi rĕdjĕkina ka noe langlajouseun, sarta noetoepan
16 noe boeroendoel koe papakean; 'ngendoerkeun leungeunna ti noe balangsak, teu njokot boengah, soemawonna bati leuwih ti meudjuehna, ngalampahkeun hoekoem kami, djeung ngalakonan pikoekeuh kami: noe kitoe teh hamo paeh koe kadorakaan bapana; geus tang-
17 toe hiroep. 'Ari moenggoeh bapana mah, sabab nganjaja, ngarampas banda doeloer, djeung migawe noe teu hade di

těngah bangsana teja, noe matak, sa-
ěnjana, pipaeheun koo kadorakaanana.

a Jer. 31: 29. b p. 12: 23. c Jer. 31: 30. d p. 22: 9.

e Djab. 123: 1. f p. 22: 10. 11. g 3 Moesa 19: 13.

h 2 Moesa 22: 26. i Jsa. 58: 6. 7. j 3 Moesa

25: 36. 37. k 3 Moesa 20: 9.

- 19 Dėmi tjarek maraneh: Koe naon anak
hanteu nanggoeng kadorakaan bapana?
Ari anakna ngalampahkeun hoekoem
djeung kabėnėran, ngestoekeun sakabel
pikoekoch kami, sarta dilampahkeunana,
20 tangtoe hiroep. 'Saha-saha njawa noe
boga dosa, nja eta noe pipaeheun. 'Anak
moal nanggoeng kadorakaan bapana,
kitoe deui bapa moal nanggoeng ka-
dorakaan anakna; kabėnėran djalma noe
bėnėr pimalikeun ka dirina, kitoe deui
kadorakaan djalma noe doraka pima-
21 likeun ka dirina. 'Ari moenggoeh noe
doraka teja, b lamoen tobat, mitjeun
sakabel dosana noe dipigawe, djeung
ngestoekeun sakabel pikoekoch kami,
bari ngalampahkeun hoekoem djeung
kabėnėran mah, tangtoe eta hiroep, moal
22 waka pae. 'Sakabel kamasijatanana noe
geus dipigawe, moal aja noe diėmoet-
keun ka dinja; koe kabėnėranana, noe
dilampahkeun teja, noe matak eta pi-
23 hiroepeun. 'Naha c kami teh soeka kana
paeuna djalma doraka? lahiran Goesti
Pangeran; lain kasoeka kami noe do-
raka teh tobat, mitjeun djalanna, soe-
24 paja hiroep? 'Sabalikna, d lamoen noe
bėnėr oendoer tina kabėnėranana, mi-
gawe kagorengan, noeroetkeun sakoer
kagiroekan noe sok dipigawe koe djalma
doraka: noe kitoe teh naha pihiroepeun?
Sakabel kabėnėranana noe geus dipi-
gawe, hamo aja noe diėmoetkeun; koe
kasalahanana, noe dipigawe, djeung koe
dosana, noe dilampahkeun teja, koe lan-
taran eta noe matak manehana pi-
25 paeheun. 'Dėmi tjarek maraneh mah:
'Djalan Goesti hanteu bėnėr. Eh, anak-
intjoe Israil! darengekeun: Naha djalan
kami hanteu bėnėr? lain djalan maraneh
26 anoe hanteu bėnėr teh? 'Lamoen noe
bėnėr oendoer tina kabėnėranana, mi-
gawe kagorengan, sarta pae sabot ki-
toe, eta teh pae koe kagorenganana,
27 noe dipigawe teja. 'Sabalikna, lamoen
noe doraka tobat, mitjeun kadoraka-
anana noe dipigawe, bari ngalampah-
keun hoekoem djeung kabėnėran mah,

- noe kitoe tangtoe ngarahajoekeun nja-
28 wana. 'Tina těrangjeun, sarta tobat, mi-
tjeun sakabel kamasijatanana noe di-
pigawe teja, noe matak eta tangtoe
29 hiroep, moal waka pae. 'Parandeno
tjarek anak-intjoe Israil mah: Djalan
Goesti hanteu bėnėr. Eh, anak-intjoe Is-
rail! naha djalan kami hanteu bėnėr?
lain djalan maraneh anoe hanteu bėnėr
30 teh? 'Sabab kitoe kami rek ngahoeke-
man ka maraneh, anak-intjoe Israil! ka
hidji-hidji djalma noeroetkeun djalanna,
lahiran Goesti Pangeran. Goura tarobat,
koedoe aloendoer ti sakabel kamasijatan
maraneh; ari kitoe mah kadorakaan teh
31 moal matak titadjong ka maraneh. 'Gen-
ra f maritjeun ti diri maraneh sakabel
kamasijatan maraneh, anoe lantaran ma-
raneh teh masijat; djeung koedoe pada
njijeun hate anjar djeung roh anjar keur
diri maraneh; karana pinahaoneun ma-
raneh teh pae, eh anak-intjoe Israil?
32 'Karana kami teh g hanteu soeka kana
paeuna anoe pae, lahiran Goesti Pa-
ngeran; mana maraneh geura tarobat,
soepaja hiroep. a 5 Moesa 24: 16. b p. 33: 12.
c p. 33: 11. d p. 3: 20; 33: 12. e p. 33: 20.
f p. 33: 11; 36: 26. g p. 33: 11.

PASAL 19.

- Djeung deui maneh koedoe ngoetjap-
keun a njanjian nalangsa, hal gėgėden
2 Israil, 'kijeun nja pok: Nabaon indoeng
maneh? Singa, gawena dėpa di antara
pada singa; di těngah singa ngalora eta
3 ngagėdean anak-anakna. 'Ari anakna noe
hidji koe indoeng teh didjoengdjoeng;
nja eta djadi singa ngora, sarta diadjar
ngarontok hakaneun, sok njatoe ma-
4 noesa. 'Ana bangsa-bangsa mareunang
bedja hal eta, b seug singa ngora teh
koe maranehanana dipilewang, dibeu-
nangeun, bari toeloj c dikaloehanana,
5 dibawa ka tanah Mėsir. 'Barang indoeng-
na geus waspadaeun, jen pangharėpa-
nana noe ditoenggoe-toenggoe teh la-
poer, pek d njokot deni hidji anakna,
6 didjadikeun singa ngora. 'Tidinja eta
koeoerilingan di těngah singa, nja djadi
singa ngora, sarta diadjar ngarontok
7 hakaneun, sok njatoe manoesa. 'Ari c
eta teh nganjahokeun di karaton-kara-
tonna, djeung ngaroeksakkeun nagara-
nagarana; sarta tanah djeung saensi-

cusina wani mëlengëk tina sorana uga-
 8 gaoer. 'Geus kitoe bangsa-bangsa pada
 njësédëk ka dinja sakoeriling, ti sagala
 tjoetak; pek / pada ngaroengkoepkeun
 euraadna ka dinja, dibeunaungkeun koo
 9 pilowangua. 'Seug diasoepeun kana
 koeroeng, dikaloehanan, / bari toeloj
 dibawa ka radja Baboel; diaboeseun
 kana benteng, sangkan sorana oolah
 kadengo deni dina goenoeng-goenoeng
 Israil.

a 2 Sam. 1:17, b 2 IIadj. 21:33.

c 2 IIadj. 19:28, d 2 IIadj. 24:8, e Jer. 22:17.

f p. 17:20, g 2 IIadj. 21:15.

10 Indoeng maneh saibarat tangkal ang-
 goer, toenggal gëtil maneh, beunang
 mëlak sisi tjai, leubent boewahna, mih-
 11 pil dabanua, tina soegih tjai. 'Ari eta
 teh aja piiteukeun karoewat, pantës keur
 tëtëkën noe njarangking kawasa, djeung
 dëdëgna ngadjangkoengan dina antara
 daeun gomplok, wani katendjo koe ka-
 loehoeranana djeung koe kalobaan da-
 12 hanna. 'Tidinja tangkal teh ditjaboet
 dina sadjéro wëra, ditinggangkeun kana
 taneuh, sarta a augin ti wetan ngaga-
 ringkeun boewahna; ari piiteukeunana
 noe koewat teja pada disëmplakkeun,
 sarta djadi garing, b dilëboer koe seuneu.
 13 'Dëmi ajeuna tangkal teh geus dipëlak
 di tégäl lëga, dina taneuh keöng nja
 14 këlang. 'Samalah bidjil seuneu tina da-
 han piiteukeun teja, ngalëboer boewah-
 na, datang ka tangkal anggoer teh geus
 taja piiteukeun noe koewat baris tëtëkën
 pikeun njangking kawasa. Noe tadi teh
 njanjian nalangsa, sarta pidjadieun kana
 njanjian nalangsa.

a p. 17:10, b p. 15:4.

PASAL 20.

Ari geus kitoe, dina taöen noe katoe-
 djoe, dina boelan noe kalima, tang-
 gal sapoeleoh, a aja djalma daratang
 kaasoep kokolot Israil, sëdja naros ka
 Pangeran; gek tjaralik di hareupeun
 2 kaoela. 'Ari geus kitoe aja pangandika
 Pangeran ka kaoela, kijeu pangandikana:
 3 'Eh, anak Adam! maneh geura ngomong
 ka eta kokolot-kokolot Israil, ari pio-
 mougeun maneh ka darinja: Kijeu tim-
 balan Goesti Pangeran: Naha maraneh
 daratang teh sëdja nanja ka kami? Dëmi
 hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran:
 pamobalan kami kërsa ditanja koe ma-
 4 raneh. 'Eh, anak Adam! koemaha maneh

rek ngabënëran ka darinja? koemaha
 maneh rek ngabënëran? Anggoer b koe
 maneh bere njaho ka darinja kagiroekan
 5 lampah karochoenna. 'Ari piomougeun
 maneh ka darinja: Kijeu timbalan Goesti
 Pangeran: Keur basa kami milih Israil,
 sarta ngatjoengkeun panangan kami ka
 toeroenan anak-intjoe Jakoeb, djeung
 nganjahokeun andjeun ka maranehanana
 di tanah Mësir, c eukeur kami ngatjoeng-
 keun panangan kami ka maranehanana,
 bari nimbala: Ijeu kami Pangeran,
 6 Allah maraneh teja; 'dina mangsa eta
 kami ngatjoengkeun panangan kami ka
 maranehanana, kërsa ngaloewarkeun ma-
 ranehanana ti djéro tanah Mësir ka bidji
 tanah beunang kami ngalingling keur
 maranehanana, d anoe labar-leber tji-
 soesoe reudjeung madoe, eta teh pang-
 7 aloesna ti sakabeh tanah. 'Sarta kami
 nimbala ka maranehanana kijeu: 'Oeng-
 gal-oenggal djalma geura pada mitjeun
 kanistaan panonna, djeung maraneh oe-
 lah nganadjiskeun diri koe brahala Mësir:
 ijeu kami Pangeran, Allah maraneh.

a p. 8:1, 14:1, b p. 16:2, c 2 Moesa 6:7, 20:2.

d 2 Moesa 3:8, 17, e 2 Moesa 23:21.

8 Dëmi eta teh pada mantangoel ka kami,
 djeung teu darakeun ngagoegoe ka ka-
 mi; hanteu pek maritjeun oenggal-oeng-
 gal djalma kanistaan panonna, djeung
 brahala Mësir koe maranehanana hanteu
 ditaringgal; noe matak kami nimbala,
 kërsa ngoetjoerkeun wëra kami ka ma-
 ranehanana, kërsa ngeunakeun bëndoe
 kami ka maranehanana datang ka tjä-
 9 tjaapna, di djéro tanah Mësir teh. 'Paran-
 dene kitoe a koe kami didamël bae koe
 karana djënëgan kami, soepaja oelah
 dinistakeun di hareupeun panon bangsa-
 bangsa, noe koe maranehanana diajaan
 di têngahna, anoe pada njaksian kami
 nganjahokeun andjeun ka maranehanana,
 kërsa ngaloewarkeun maranehanana ti
 10 tanah Mësir teja. 'Prak koe kami dika-
 loewarkeun ti tanah Mësir teh, sarta
 11 diasoepeun ka tégäl lëga. 'Djeung koe
 kami dipaparin pikoekeuh kami, sarta
 hoekoem kami koe kami diujahokeun
 ka darinja; b tjiap-tjiap manoesa noe
 ngalampahkeun eta, tangtoe hiroep koe
 12 eta. 'Samalah koe kami dipaparin c sa-
 bat kami, baris djadi tanda antara kami
 djeung maranehanana, soepaja kanja-

hoan, jen kami Pangeran njoetjikeun ka maranehanana. *a* Djab. 104: 8; p. 36: 21.

b 3 Moesa 18: 5, c 2 Moesa 31: 13, 17.

- 13 Dĕmi anak-intjoe Israil mantangoel deui ka kami di tĕgal lĕga; teu ngalakonan pikoekoe kami, djeung maritjeun hoekoe kami; halta tijap-tijap manoesa noe ngalampahkeun eta, tangtĕo hiroep koe eta; ari sabat kami pada nganistakeun katjida; *a* noe matak kami nimbalan, kĕrsa ngoetjoerkeun wĕra kami ka maranehanana di tĕgal lĕga, soepaja
- 14 bejak sakabeh. 'Parandene kitoe koe kami didamĕl bae koe karana djĕnĕngan kami, soepaja oelah dinistakeun di hareupeun panon bangsa-bangsa, anoe pada njaksian kami ngaloewarkeun maranehanana teja. 'Samalah kami ngatjoengkeun panangan kami ka maranehanana di tĕgal lĕga, *b* moal toeloes ngasoepkeun maranehanana ka eta tanah, noe koe kami dipaparinkeun, anoe labar-leber tji-soesoe reudjeung madoe, nja eta
- 15 pangaloesna ti sakabeh tanah teja; 'sapedah maritjeun hoekoe kami, djeung teu ngalakonan pikoekoe kami, sarta sabat kami koe maranehanana dinistakeun, *c* wantoe-wantoe hatena pada noeroet ka brahalana. 'Ngan sotja kami mikawatir ka darinja, teu toeloes diroek-sakkeun, djadi teu koengsi koe kami
- 16 dibejakkeun di tĕgal lĕga teh. 'Anggoer kami nimbalan ka anak-anakna di tĕgal lĕga: Poma maraneh oelah ngalakonan pikoekoe bapa-bapa maraneh, djeung oelah ngarestoekeun hoekoe mna, sarta oelah nganadjiskeun diri koe brahalana.
- 17 'Ijeu kami Pangeran, Allah maraneh; koedoe pada ngalakonan pikoekoe kami, djeung ngarestoekeun hoekoe kami, sarta dilampahkeunana. 'Djeung sabat kami koe maraneh saroe tjikeun, sina djadi tanda antara kami djeung maraneh, soepaja kanjahoan, jen kami Pangeran Allah maraneh. *a* 2 Moesa 32: 10.

b Djab. 95: 11, c Am. 5: 25, 26.

- 21 Dĕmi anakna ge pada mantangoel ka kami; teu ngalakonan pikoekoe kami, djeung teu ngarestoekeun hoekoe kami, soemawonna dilampahkeun; halta tijap-tijap manoesa noe ngalampahkeun eta, tangtĕo hiroep koe eta; ari sabat kami pada nganistakeun; noe matak kami nimbalan, kĕrsa ngoetjoerkeun wĕra

kami ka maranehanana, kĕrsa ngeuna-keun bĕndoe kami ka maranehanana datang ka tjatjapna, di tĕgal lĕga teh.

- 22 'Parandene kitoe, kami moendoerkeun panangan kami, sarta didamĕl bae koe karana djĕnĕngan kami, soepaja oelah dinistakeun di hareupeun panon bangsa-bangsa, anoe pada njaksian kami ngaloewarkeun maranehanana teja. 'Malah kami ngatjoengkeun panangan kami ka maranehanana di tĕgal lĕga, *a* kĕrsa ngabalĕntjarkoe maranehanana, diajakeun di sagala bangsa, nja kĕrsa mantjawoe-rakeun maranehanana, diajakeun di sagala tanah; 'sapedah teu ngalampahkeun hoekoe kami, djeung maritjeun pikoekoe kami, sarta sabat kami koe maranehanana dinistakeun; wantoe-wantoe panouna pada noeroet ka brahala bapa-bapana. 'Samalah kami ka maranehanana maparin pikoekoe noe teu harade, djeung hoekoe noe teu matak maranehanana hiroep. 'Sarta maranehanana koe kami dinadjiskeun koe lantaran pangabaktina, *b* koe lantaran maranehanana njeorngkeun kana seuneu sakoer noe moeka pianakan; soepaja kami ngaroeksak ka maranehanana, sangkan pada nganjahokeun, jen kami teh Pangeran.

a 3 Moesa 26: 33, *b* p. 23: 37.

- 27 Sabab kitoe, eh anak Adam! maneh geura mitjatoer ka anak-intjoe Israil, ari piomongeun maneh ka darinja: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Aja deui lampah karochoen maraneh ngagororengkeun ka kami, nja lantaran marigawe salah ka kami teh. 'Karana mangsa maranehanana koe kami geus diasoepeun kana tanah, anoe matak kami ngatjoengkeun panangan kami, kĕrsa maparinkeun eta ka maranehanana teja, geus kitoe *a* narendjo oenggal pasir loehoer djeung oenggal kai noe gomplok, pek pada meuntjitan di dinja pikoerbaneunana, djeung pada mĕtakeun di dinja pangabaktina noematak ngabĕndoekeun, kitoe deui *b* pada neundeun di dinja aambeuanana noe matak sĕdĕp, sarta pada njitjikeun di dinja pikoerbaneunana
- 28 inoeman. 'Tidinja kami nimbalan ka maranehanana: Nahaon eta pamoe djaan, noe sok didatangan koe maraneh teh? Kitoe ge disĕboetkeunana pamoe djaan
- 29 teh tĕpi ka mangsa ajeuna. 'Sabab kitoe

bedjakeun ka anak-intjoe Israil: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Naha maraneh nganadjis-nadjiskeun diri, make djal karoehoen maraneh, sarta maraneh djariuab, noeroet kana kanistaan eta?

- 31 'Eta maraneh koe lantaran ngabaktikeun pangabakti maraneh, koe lantaran nJORANGKEUN anak maraneh kana seuneu teja, ngan nganadjis-nadjiskeun diri maraneh koe sakabeh brahala maraneh tēpi ka ajeuna; pimanaeun kami kērsa ditanja koe maraneh, anak-intjoe Israil? Dēmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, pamohalan kami kērsa ditanja
- 32 koe maraneh. 'Ari anoe datang dina pikir maraneh moal pitoeleoseun; tēgēs omongan maraneh noe kijeu teja: Oerang teh pidjadieun saperti oerang kapir, tjara bangsa-bangsa sagala tanah, ngabakti
- 33 ka kai ka batoe. 'Dēmi hiroep kami! lahiran Goesti Pangeran, saēnja-ēujana, kami rek ngaradjaan ka maraneh make panangan kawasa, make asta noe njodor,
- 34 djeung make ngoetjoerkeun wēra. 'Sarta kami rek ngaloewarkeun maraneh ti sagala bangsa, djeung ngoempoelekeun maraneh ti sagala tanah, ēnggon maraneh pabalēntjar, make panangan kawasa, make asta noe njodor, djeung make
- 35 ngoetjoerkeun wēra; 'bari seug maraneh koe kami diasoepekeun ka tēgal lēga ēnggon bangsa-bangsa; ari di dinja ^a kami rek oeroes-oeroes djeung maraneh adoe-
- 36 hareupan. 'Sakoemaha kami oeroes-oeroes djeung karoehoen maraneh di tēgal lēga tanah Mēsir teja, nja kitoe kami rek oeroes-oeroes djeung maraneh, lahiran Goesti Pangeran. 'Djeung maraneh koe kami rek disina ^c nJORANG handapeun iteuk, sarta disina njandang banda pērdjangdjan. 'Djeung kami rek ngabērēshkeun ti maraneh sakoer anoe baha, sarta sakoer noe masijat ka kami; koe kami eta rek dika-loewarkeun ti tanah pangoembaraanana, tatapika tanah Israil mah moal pimoelangeun; harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran. ^a Hos. 4: 13. ^b p. 6: 13. ^c Jer. 2: 27.

^d p. 17: 20. ^e 3 Moesa 27: 32.

- 39 Ari moenggoeh maraneh teja, anak-intjoe Israil! kijeu timbalan Goesti Pangeran: Djig laleumpang, masing-masing pada ngabakti ka brahalana, kitoe keneh ka-hareupna, oepama maraneh teu dack

- ngagoegoe ka kami mah; ngan maraneh oelah nganistakeun deui kana djēnēngan kami noe soetji, koe lantaran pangabakti maraneh, djeung koe lantaran brahala maraneh. 'Karana di goenoeng kami noe soetji, ^a di goenoeng Israil noe loehoer teja, lahiran Goesti Pangeran, di dinja sakabeh anak-intjoe Israil mēngke ngabakti ka kami sarejana dina tanah; di dinja kami mēngke ngamanah ka maranehanana, sarta di dinja kami pimoendoetueun koerban hatoean ti maraneh reudjeung tjikal pangabakti ti maraneh, barēng sakabeh noe koe maraneh disoe-tjikeun. 'Samangsa maraneh ^b koe kami dika-loewarkeun ti sagala bangsa, djeung dikoempoelekeun ti sagala tanah, ēnggon maraneh pabalēntjar teja, harita kami tangtoe ngamanah ka maraneh, diang-kēn aambeuan matak sēdēp; sarta kami tangtoe disoe-tjikeun di djēro maraneh, di hareupeun panon oerang kapir.
- 42 'Djeung samangsa maraneh koe kami dipoeleangkeun ka tanah Israil, nja ka tanah anoe matak kami ngatjoengkeun panangan kami, kērsa maparinkeun eta ka karoehoen maraneh teja, harita maraneh tangtoe nganjahokeun, jen kami
- 43 teh Pangeran. 'Sarta di dinja maraneh ^c tangtoe ingēt ka djalān maraneh, djeung ka sakabeh pagawean maraneh, anoe djadi lantaran maraneh nganadjiskeun diri teja; djeung maraneh bakal pada ngewa nja beungeut ka sakabeh kagorengan maraneh, beunang maraneh
- 44 migawe teja. 'Harita maraneh, anak-intjoe Israil! ^d tangtoe nganjahokeun, jen kami teh Pangeran, samangsa kami midamēl ka maraneh koe karana djēnēngan kami, teu noeroetkeun djalān maraneh noe garoreng, teu noeroetkeun kalakoean maraneh noe lalēbar teja, lahiran Goesti Pangeran. ^a p. 17: 23.

^b p. 11: 17; 23: 25. ^c p. 36: 31. ^d p. 22: 16.

- 45 Aja deui pangandika Pangeran ka ka-oela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! maneh geura njanghareup ka tēbeh kidoel; ^a koedoe njaktjlakkeun ka kidoel, nja ngawēdjang pitjilakaen ^b leuweung
- 47 tanah kidoel. 'Ari piomongeun maneh ka leuweung kidoel teh: Geura dengekeun ijeu pangandika Pangeran: Kijeu timbalan Goesti Pangeran: Masing nganjahokeun, ^c kami rek ngajakeun seuneu

di maneh, nja eta pingalēboereun di maneh oenggal kai noe hedjo, djeung oenggal kai noe garing; ari hoeroengna noe moentab-moentab moal dipareuman, djeung sakabeh beungent pikarerabeun
 45 koe eta, ti kidoel tēpi ka kaler. 'Sarta
 46 saniskara daging bakal pada awas, jen kami Pangeran noe ngajakeun eta seu-
 47 neu; moal dipareuman. 'Pok kaola oendjoekan: Noen, Goesti Pangeran! maranehanana sok pada njēboet simkoe-
 ring, jen: Eta teh ngau ngomong-ngomong misil bae. a Am. 7: 16. b Jer. 21: 14.
 c Jer. 17: 27. d p. 21: 5.

PASAL 21.

Aja deni pangandika Pangeran ka ka-
 2 Aoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! maneh geura njanghareup ka Jēroesalem; * koedoe njaktjlakkeun ka kasoetjian, nja ngawēdjang pitjlakaeun
 3 tanah Israil. 'Ari piomongeun maneh ka tanah Israil teh: Kijeu timbalan Pangeran: Masing nganjahokeun, kami ngamoeseuh ka maneh, sarta kami rek ngabidjilkeun pēdang kami ti sarangkana, bari seug ngabasmī noe bēnēr
 4 noe doraka, dileungitkeun ti maneh. 'Sapedah kami rek ngabasmī noe bēnēr
 5 noe doraka, dileungitkeun ti maneh teja, kitoe noe matak pēdang kami pibidji-
 6 leun ti sarangkana, keuna ka saniskara daging, ti kidoel tēpi ka kaler. 'Harita
 7 saniskara daging tangtoe pada nganjahokeun, jen kami Pangeran geus ngabidjilkeun pēdang kami ti sarangkana;
 8 moal pimoelangeun deui. 'Mana maneh, anak Adam! koedoe hoemandeuar; tjara
 9 noe potong tjangkeng djeung tjara noe njēri bangēt, nja kitoe maneh hoemandeuar
 10 teh di hareupeun panon maranehanana. 'Ari geus kitoe, lamoen eta maranja
 11 ka maneh: Koe naon adjēngan noe matak hoemandeuar! seg koe maneh
 12 djawab: Tina sabab bedja, karana ēngke datang; ari oenggal hate bakal gimir,
 13 sakabeh leungeun bakal ngareplek, oenggal pikir bakal bingoeng, djeung
 14 sakabeh toeoeur bakal aladjoer saperti tjai. Masing njaho, ēngke boekti, tangtoe tin-
 15 kuan, lahiran Goesti Pangeran.

a p. 20: 46. b p. 20: 48. c p. 7: 17.

* Aja deui pangandika Pangeran ka
 9 kaola, kijeu pangandikana: 'Eh, anak

Adam! maneh geura ngawēdjang, ari
 piomongeun maneh: Kijeu timbalan Pa-
 ngeran: Bedjakeun: a Pēdang, pēdang
 geus diasah, sarta dikosok ongkoh!
 10 'Pangdiasahna soepaja meuntjit peuntji-
 teun; pangdikosokna soepaja ngaboeri-
 njaj. Na koemaha rek arato? Itiek
 anak kami njoemahkeun oenggal kai.
 11 'Pēdang teh disina dikosok, sangkan
 12 ditjēkēl koe leungeun; pangdiasahna eta
 pēdang, djeung pangdikosokna, soepaja
 13 ditjēkēlkeun ka leungeun noe poerah
 14 meuntjit. 'Eh, anak Adam! maneh geura
 15 djēdjēritan djeung midangdam; karana
 eta teh pikeunaen ka oemat kami; eta
 teh pikeunaen ka sakabeh gēgēden Is-
 rail, anoe pada disērabkeun ka pēdang
 reudjeung oemat kami; koe sabab eta,
 maneh geura b nēpakan poehoe ping-
 13 ping. 'Karana aja tjotjoba; sarta koe-
 maha lamoen itiek noe njoemahkeun
 teja ge geus teu aja! lahiran Goesti Pa-
 14 ngeran. 'Mana maneh, anak Adam!
 geura ngawēdjang, bari emprakkeun
 leungeun maneh; karana pēdang bakal
 mindo mintēloe; eta pēdang rosa nja-
 bētna; eta pēdang njabēt hidji noe gēde,
 15 asoep ka kamar maranehanana. 'Poe-
 tjoek pēdang koe kami dibēnērkeun ka
 sakabeh lawang-lawangna, soepaja pada
 gimir hate, djeung soepaja sing loba ta-
 tadjonganana; alah, didjijeunna soepaja
 ngaboerinjaj, dikedapna soepaja meun-
 16 tjit! '[Eh pēdang!] sing djadi hidji, los
 maneh ngatoehoe; geura sadija, los ma-
 neh ngentja, ka mana bae maneh dikēr-
 17 sakeun ngadjoegdjoe! 'Dalah kami ge
 rek ngemprakkeun panangan kami; ka-
 18 kara kami ngareureuhkeun wēra kami.
 * Ijeu kami Pangeran noe ngandika kitoe.

a Djab. 7: 13. b Jer. 31: 19. c p. 22: 14.

Aja deui pangandika Pangeran ka
 19 kaola, kijeu pangandikana: 'Djeung deui
 maneh teh, anak Adam! koedoe nga-
 20 jakeun doewa djalan keur maneh, baris
 pidjalaneun pēdang radja Baboel; doe-
 wanana pika-loewareun ti tauah hidji;
 djeung koedoe njijeun hidji leuleungeun-
 21 na, didjijemna dina pepengkolan djalan
 ka nagara. 'Ari djalan noe koe maneh
 koedoe diajakeun teja, nja eta baris
 pidjalaneun pēdang ka Raba, dajauh
 oerang Amon, djeung ka Joeda, mēnēr
 22 ka Jēroesalem, noe reugreug. 'Karana

radja Baboel bakal ngarandég dina tja-
gak djalan, dina pepengkolan eta doewa
djalan, pikeun mariksa noedjoem, ngo-
tjok djauparing, nanja ka tapekong,
22 nendjoan kalilipa. 'Leungeunna ti ka-
toehoe njékél toedoch noedjoem ka Jé-
roesalem, baris masangkeun pancung-
gar, baris ngangabkeun soengot nitah
maehan, baris narikkeun sowara dina
soeserakan, baris masangkeun " pa-
neunggar keur neunggaran lawang-la-
wang, baris ngalingkoeng koe benteng,
23 djeung ngadégkeun koeta. 'Demi rana-
saän maranehanana mah eta teh saperti
noedjoem gapong, pedah geus pada ka
loewar soempah ka darinja; tatapi radja
teh tangtöe ngingétkeun kadorakaan,
sangkan maranehanana ditangkép.

a p. 4: 2.

24 Koe sabab eta, kijeu timbalan Goesti
Pangeran: Sapedah maraneh njijeun noe
matak ngingétkeun kana kadorakaan
maraneh, tina kamasjatan maraneh nja-
ta, datang ka katara dosa-dosa maraneh
dina sauisikara kalakoean maraneh teja:
sapedah maraneh geus datang ka di-
ingétkeun, noe matak maraneh éngke
25 ditangkép koe leungeun. 'Ari maneh,
eh gégéden Israil, anoe nista nja do-
raka! " poéan maneh pidatangeun sa-
mangsa toetoeg kadorakaan. 'Kijeu tim-
balan Goesti Pangeran: Singkirkeun
eta dastar, pëtjatkeun eta makoeta; eta
moal tétép kitoe; anoe handap dika-
loehoerkeun, ari noe loehoer dika-han-
dapkeun. 'Dibalik, dibalik, dibalik! tang-
töe koe kami dikitoekeun; eta ge moal
piajaem, tépi ka datang ^b anoe boga
bak; seug koe kami rek dipaparinkeun
ka dinja. a p. 12: 12 b Djak. 6: 11, 13; 9: 9.
28 Djeung deui maneh teh, anak Adam!
geura ngawédjang; ari piomongeun ma-
neh: Kijeu timbalan Goesti Pangeran
pérkara oerang Amon, djeung pérkara
ngabinakeunana; eta maneh geura ngo-
mong: Pédang, pédang geus dibaték ba-
ris meuntjit; geus dikosok baris nga-
29 hakan, soepaja ngaboerinjaj; 'saboewat
maneh dipangmélengkeun noe gapong,
saboewat maneh dipangnoedjoemkeun
noe bohong, sangkan maneh dipondak-
keun kana poendoek djalma daroraka
noe kasabét, noe kaboeroe koe poéanana,
30 keur waktöe toetoeg kadorakaan. 'Pé-

dang poelangkeun ka sarangkana! Dina
énggon maneh didjadikeun, dina tanah
asal maneh, di dinja maneh koe kami
31 éngke dihoekoeaman. 'Nja eta " kami
ka maneh rek ngoetjoerkeun bébéndoe
kami; seuneu wéra kami koe kami rek
ditijoepeun ka maneh; sarta maneh koe
kami rek diselehkeun ka leungeun toe-
kang ngahoeroe, poerah ngaroeksak.
32 'Maneh pidjadiéun bakaneun seuneu;
gétih maneh piajaem di djéro tanah;
maneh moal diingét-ingét deui; karana
kami Pangeran noe ngandika kitoe.

a p. 22: 31.

PASAL 22.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
2 Aoela, kijeu pangandikana: 'Ari maneh
teh, anak Adam! " koemaba maneh rek
ngabéñéran? koemaba maneh rek nga-
béñéran ka eta nagara ^b noe boetang
gétih teh? Anggoer koe maneh bere
njaho ka dinja sakabeh kagiroekan lam-
3 palua. 'Ari piomongeun maneh: Kijeu
timbalan Goesti Pangeran: Eh nagara,
noe sok ngoetjoerkeun gétih di djéro-
na, soepaja datang waktoena, djeung
sok njijeun brahala keur dirina, soepaja
4 nganadjiskeun maneh! 'Tina gétih ma-
neh, anoe beunang maneh ngoetjoer-
keun teja, noe matak maneh kasalahan;
djeung tina brahala maneh, anoe beu-
nang maneh njijeun teja, noe matak
maneh kanadjisan; sarta maneh geus
ngadeukeutkeun mangsa maneh, nja ma-
neh geus népi ka taoen maneh; tina
hal kitoe noe matak maneh koe kami
geus didjadikeun wirangkeuneun sagala
5 bangsa, djeung hinakeuneun sakabeh
tanah. 'Noe dareukeut, sarta noe dja-
raoeh ti maneh, bakal pada ngahihina
ka maneh, anoe kawéntarkeun nadjis,
6 soegih karoesehan. 'Saénjana, gégéden
Israil ajana di maneh, masing-masing
noeroetkeun kawasana, gawena ngoe-
7 tjoerkeun gétih. 'Indoeng-bapa koe djal-
ma-djalma ditjoemahkeun di maneh;
8 ka semah lampahna pada neungteui-
nganan di djéro maneh; pahatöe djeung
8 randa dikaujaja di maneh. 'Barang kami
noe saroetji koe maneh dipikatjoewa,
9 djeung sabat kami koe maneh dinis-
takeun. 'Djalma oepatan arajana di ma-
neh gaweua ngoetjoerkeun gétih; malah
djalma-djalma di maneh ^c sok dadaba-

di maneh, nja eta pingalĕboereun di maneh oenggal kai noe hedjo, djeung oenggal kai noe garing; ari hoeroengua noe moentab-moentab moal dipareuman, djeung sakabeh beungent pikarerabeun
 45 koe eta, ti kidoel tĕpi ka kaler. 'Sarta
 " saniskara daging bakal pada awas, jen kami Pangeran noe ngajakeun eta seu-
 49 neu; moal dipareuman. 'Pok kaoela oendjoekan: Noen, Goesti Pangeran! maranehanana sok pada njĕboet simkoe-
 ring, jen: Eta teh ngan ngomong-ngomong misil bae. a Am. 7: 16 b Jer. 21: 14.
 c Jer. 17: 27. d p. 21: 5.

PASAL 21.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
 2 aoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak Adam! maneh geura njanghareup ka Jĕroesalem; " koedoe njaktjilakkeun ka kasoetjian, nja ngawĕdjang pitjilakeun
 3 tanah Israil. 'Ari piomongeun maneh ka tanah Israil teh: Kijeu timbalan Pangeran! Masing nganjahokeun, kami ngamosoeh ka maneh. sarta kami rek ngabidjilkeun pĕdang kami ti sarang-
 4 kana, bari seug ngabasmu noe bĕnĕr noe doraka, dileungitkeun ti maneh.
 4 'Sapedah kami rek ngabasmu noe bĕnĕr noe doraka, dileungitkeun ti maneh teja, kitoe noe matak pĕdang kami pibidji-
 5 leun ti sarangkana, keupa ka saniskara daging, ti kidoel tĕpi ka kaler. 'Harita
 " saniskara daging tangtoe pada nganjahokeun, jen kami Pangeran geus ngabi-
 6 djilkeun pĕdang kami ti sarangkana; moal pimoelangeun deui. 'Mana maneh, anak Adam! koedoe hoemandeuar; tjara
 7 noe potong tjangkeng djeung tjara noe njĕri bangĕt, nja kitoe maneh hoemandeuar teh di hareupeun panon marane-
 7 hanana. 'Ari geus kitoe, lamoen eta naranja ka maneh: Koe naon adjĕngan
 8 noe matak hoemandeuar? seg koe maneh jawab: Tina sabab bedja, karana ĕngke
 datang; ari oenggal hate bakal gimir, sakabeh leungeun bakal ngareplek, oeng-
 gal pikir bakal bingoeng, djeung " saka-
 9 beuh toeoeu bakal aladjoer sapĕrti tjai. Masing njaho, ĕngke boekti, tangtoe tinĕ-
 10 kanan, lahiran Goesti Pangeran.

a p. 20: 46. b p. 20: 48. c p. 7: 17.

8 Aja deui pangandika Pangeran ka
 9 kaoela, kijeu pangandikana: 'Eh, anak

Adam! maneh geura ngawĕdjang, ari piomongeun maneh: Kijeu timbalan Pa-
 ngeran! Bedjakeun: " Pĕdang, pĕdang geus diasah, sarta dikosok ongkoh!
 10 'Pangdiasahua soepaja meuntjit peuntji-
 teun; pangdikosokna soepaja ngaboeri-
 njaj. Na koemaha rek aratoĕ? Iteuk
 anak kami njoemahkeun oenggal kai.
 11 'Pĕdang teh disina dikosok, sangkan
 ditjĕkĕl koo leungeun; pangdiasahna eta
 pĕdang, djeung pangdikosokna, soepaja
 ditjĕkĕlkeun ka leungeun noe poornĕ
 12 meuntjit. 'Eh, anak Adam! maneh geura
 djĕdĕritan djeung midangdam; karana
 eta teh pikeunacun ka oemat kami; eta
 teh pikeunacun ka sakabeh gĕgĕden Is-
 rail, anoe pada disĕrahkeun ka pĕdang
 reudjeung oemat kami; koo sabab eta,
 maneh geura " nĕpakan poehoe ping-
 13 ping. 'Karana aja tjotjoba; sarta koe-
 maha lamoen iteuk noe njoemahkeun
 teja ge geus teu aja? lahiran Goesti Pa-
 14 ngeran. 'Mana maneh, anak Adam!
 geura ngawĕdjang, bari emprakkeun
 leungeun maneh; karana pĕdang bakal
 mindo mintĕloe; eta pĕdang rosa nja-
 bĕtna; eta pĕdang njabĕt hidji noe gĕde,
 15 asoep ka kamar maranehanana. 'Poe-
 tjoeĕk pĕdang koe kami dibĕnĕrkeun ka
 sakabeh lawang-lawangna, soepaja pada
 gimir hate, djeung soepaja sing loba ta-
 tadjongana; alah, didijjeunna soepaja
 ngaboerinjaj, dikĕdapna soepaja meun-
 16 tjit! 'Eh pĕdang! sing djadi hidji, los
 maneh ngatoehoe; geura sadja, los ma-
 neh ngentja, ka mana bae maneh dikĕr-
 17 sakeun ngadjoegdjoeg! 'Dalah kami ge
 rek ngemprakkeun panangan kami; ka-
 kara kami ngareureuhkeun wĕra kami.
 " Ijeu kami Pangeran noe ngandika kitoe.

a Djab. 7: 13. b Jer. 31: 19. c p. 22: 14.

18 Aja deui pangandika Pangeran ka
 19 kaoela, kijeu pangandikana: 'Djeung deui
 maneh teh, anak Adam! koedoe nga-
 Jakeun doewa djalan keur maneh, baris
 pidjalaneun pĕdang radja Baboe! doe-
 wanana pika-loewareun ti tanah hidji;
 djeung koedoe nijjeun hidji leuleungeun-
 20 nan, didijjeunna dina pepengkolan djalan
 ka nagara. 'Ari djalan noe koe maneh
 koedoe diajakeun teja, nja eta baris
 pidjalaneun pĕdang ka Raba, dajeuh
 oerang Amon, djeung ka Joeda, mĕnĕr
 21 ka Jĕroesalem, noe reugreug. 'Karana

radja Baboel bakal ngarandég dina tja-
gak djalan, dina pepengkolan eta doewa
djalan, pikeun mariksa noedjoem, ngo-
tjok djamparing, nanja ka tapekong,
22 nendjoan kalilipa. 'Leungeunna ti ka-
toehoe njékél toedoch noedjoem ka Jé-
roesalem, baris masangkeun paneung-
gar, baris ngangahkeun soengoeit nitah
maehan, baris narikkeun sowara dina
soesoerakan, baris masangkeun ^a pane-
unggar keur neunggaran lawang-la-
wang, baris ngalingkoeng koe benteng,
23 djeung ngadégkeun koeta. 'Dëmi rara-
saan maranehanana mah eta teh saperti
noedjoem gapong, pedah geus pada ka
loewar soempah ka darinja; tatapi radja
teh tangtoe ngingetkeun kadorakaan,
sangkan maranehanana ditangkép.

^a p. 4:2.

24 Koe sabab eta, kieu timbalan Goesti
Pangeran: Sapedah maraneh njiieun noe
matak ngingetkeun kana kadorakaan
maraneh, tina kamasijatan maraneh nja-
ta, datang ka katara dosa-dosa maraneh
dina saniskara kalakoean maraneh teja:
sapedah maraneh geus datang ka di-
ingetkeun, noe matak maraneh éngke
25 ditangkép koe leungeun. 'Ari maneh,
eh gegéden Israil, anoe nista nja do-
raka! ^a poéan maneh pidatangeun sa-
mangsa toetoeg kadorakaan. 'Kieu tim-
balan Goesti Pangeran: Singkirkeun
eta dastar, pëtjatkeun eta makoeta; eta
moal têtép kitoe; anoe handap dika-
loehoerkeun, ari noe loehoer dika-han-
27 dapkeun. 'Dibalik, dibalik, dibalik! tang-
toe koe kami dikitoekeun; eta ge moal
piajaeun, tēpi ka datang ^b anoe boga
hak; seug koe kami rek dipaparinkeun
ka dinja. ^a p. 12:12. ^b Djak. 6:11, 13; 9:9.

28 Djeung deui maneh teh, anak Adam!
geura ngawédjang; ari piomongeun ma-
neh: Kieu timbalan Goesti Pangeran
pérkara oerang Amon, djeung pérkara
ngabinakeunana; eta maneh geura ngo-
mong: Pédang, pédang geus dibaték ba-
ris meuntjit; geus dikosok baris ngar-
29 hakan, soepaja ngaboerinjaj; 'saboewat
maneh dipangmélengkeun noe gapong,
saboewat maneh dipangnoedjoemkeun
noe bohong, sangkan maneh dipoendak-
keun kana poendoek djalma daroraka
noe kasabét, noe kaboeroe koe poéanana,
30 keur waktue toetoeg kadorakaan. 'Pé-

dang poelangkeun ka sarangkana! Dina
énggon maneh didjadikeun, dina tanah
asal maneh, di dinja maneh koe kami
31 éngke dihoekoeman. 'Nja eta ^a kami
ka maneh rek ngoetjoerkeun bébëndoe
kami; seunen wéra kami koe kami rek
ditijoeupkeun ka maneh; sarta maneh koe
kami rek diselehkeun ka leungeun toe-
kang ngahoeroe, poeral ngaroeksak.
32 'Maneh pidjadieun hakaneun seunen;
gétih maneh piajaeun di djero tanah;
maneh moal diingët-ingët deui; karana
kami Pangeran noe ngandika kitoe.

^a p. 22:31.

PASAL 22.

Aja deui pangandika Pangeran ka ka-
2 Aoela, kieu pangandikana: 'Ari maneh
teh, anak Adam! ^a koemaha maneh rek
ngabënëran? koemaha maneh rek nga-
bënëran ka eta nagara ^b noe hoetang
gétih teh? Anggoer koe maneh bere
njaho ka dinja sakabeh kagiroekan lam-
3 pahna. 'Ari piomongeun maneh: Kieu
timbangan Goesti Pangeran: Eh nagara,
noe sok ngoetjoerkeun gétih di djero-
na, soepaja datang waktoena, djeung
sok njiieun brahala keur dirina, soepaja
4 nganadjiskeun maneh! 'Tina gétih ma-
neh, anoe beunang maneh ngoetjoer-
keun teja, noe matak maneh kasalahan;
djeung tina brahala maneh, anoe beu-
nang maneh njiieun teja, noe matak
maneh kanadjisan; sarta maneh geus
ngadeukeutkeun mangsa maneh, nja ma-
neh geus népi ka taoen maneh; tina
bal kitoe noe matak maneh koe kami
geus didjadikeun wirangkeuneun sagala
bangsa, djeung hinakeuneun sakabeh
5 tanah. 'Noe dareukeut, sarta noe dja-
raoeh ti maneh, bakal pada ngahihina
ka maneh, anoe kawéntarkeun nadjis,
6 soegih karoeseohan. 'Saénjana, gegéden
Israil ajana di maneh, masing-masing
noeroetkeun kawasana, gawena ngoe-
7 tjoerkeun gétih. 'Indoeug-bapa koe djal-
ma-djalma ditjoemabkeun di maneh;
8 ^c ka semah lampahna pada neungteu-
nganan di djero maneh; pahatue djeung
8 randa dikanijaja di maneh. 'Barang kami
noe saroeji koe maneh dipikatjoewa,
9 ^d djeung sabat kami koe maneh dinis-
takeun. 'Djalma oepatan arajana di ma-
neh gawena ngoetjoerkeun gétih; malah
djalma-djalma di maneh ^e sok dadaba-